

A large black silhouette of a cross is positioned in the upper half of the image, set against a vibrant sunset or sunrise. The sky is filled with warm orange, yellow, and red hues, transitioning into cooler blues and purples at the top. The horizon shows dark silhouettes of hills or mountains.

MANGSA PASKA 2018

TRESNA PITADOS PANGAJENG-AJENG

LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH
Samironobaru 77 kompleks LPPS
Yogyakarta 55281

2018

Mangsa Paska 2018

Jejer:

“Tresna, Pitados, lan Pangajeng-ajeng”

Kawedalaken déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia

Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Télepon: 0274-514721

Fax: 0274-543001

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)
saben buku Rp.

ATUR SAPALA

Mangsa Paska sampun dhateng malih, ngajak kita minangka pasamuwan nindakaken „retreat akbar“, ngraos-raosaken maknaning gesang sesarengan kaliyan Gusti lan sesami. Patunggilan (dadosa awujud pasamuwan, brayat menapadéné masyarakat) dados wadhah kanggé kita nindakaken rèflèksi kasebat saha ngecakaken wohing rèflèksi kanthi tumindak nyata.

Jejer mangsa Paska warsa 2018 inggih punika: TRESNA, PITADOS LAN PANGAJENG-AJENG. Katresnanipun Sang Kristus dhumateng manungsa ndadosaken Panjenenganipun rila nandhang sangsara. Kanthi katresnanipun punika, Panjene-anganipun nuntun kita supados saged ngrajut kekancan ingkang kebak katresnan. Mboten namung punika kémawon, katresnan kasebat kita tanggapi kanthi raos pitados. Tresna saha pitados ingkang kita raosaken kasebat nuuhaken pangajeng-ajeng. Mekaten punika gagasan ingkang dipun rembakakaken wonten ing bahan-bahan ingkang kaaturaken ing buku punika.

Lumantar atur sapala punika, kawula ugi ngajak pasamuwan supados nindakaken padatan-padatan mirunggan ingkang dipun tindakaken ing mangsa Paska. Umpaminipun: nyiriki tetedhan (dhaging, lsp.) utawi kabiyasan tartamtu (ses/ngrokok, lsp.), siyam, “program amal katresnan” utawi sanès-sanèsipun. Mugimugi kegiatan-kegiatan kasebat saged langkung dipun raos-raosaken malih kanthi langkung lebet satemah sami saged manggihaken teges anyar ingkang mirunggan.

Bab sanès ingkang prelu dipun gatosaken saha dipun tindakaken inggih punika rèflèksi sesarengan ing satengahing brayat. LPP Sinode tansah ngajak pasamuwan supados sami nguri-uri bab ingkang kados mekaten. Pramila ing buku punika kacawisaken bahan-bahan PA Brayat ingkang mligi kanggé brayat inti. PA Brayat kasebat kaajab katindakaken ing griyanipun piyambak-piyambak kanthi wawanrembag ingkang kebak katresnan.

Kauningana bilih bahan PA Brayat kasebat dipun rancang mawi modhèl *Shared Christian Praxis (Berbagi Praksis Kristen)*. Ancasipun supados mbiyantu sedaya anggotaning brayat nggadahahi kapitadosan Kristen ingkang gesang, ingkang sangsaya mindhak-mindhak wewah, dadosa sacara pribadi menapadéné sesarengan minangka brayat.

Buku Mangsa Paska punika saged mawujud kados mekaten awit pambiyantunipun kanca-kanca tunggil paladosan ingkang sesarengan ngrembag saha nyawisaken bahan-bahan ing buku punika. Awit saking punika, kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng:

1. Pdt. Elia Dwi Prasetya (Bidang PWG Bapelsin XXVII GKJ)
2. Pdt. Maria Puspitasari (Bidang PWG Bapelsin XXVII GKJ)
3. Pdt. Oktavianus Heri Prasetyo Nugroho (Bidang PWG Bapelsin XXVII GKJ)
4. Pdt. Yonatan Wijayanto (Departemen PG GKI SW Jateng)
5. Pdt. Tunggul B. Gumelar (Departemen PG GKI SW Jateng)
6. Pdt. Ayub Sektiyanto (Departemen PG GKI SW Jateng)
7. Pdt. Lucas A. A. Sudarmadi (Departemen PG GKI SW Jateng)

Kawula ugi ngaturaken panuwun dhumateng Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (pendeta emeritus LPP Sinode), Pdt. Em. Widdewissoeli M. Saleh (pendeta emeritus LPP Sinode), Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan, Solo) saha Pdt. Seno Adhi Nugroho (GKJ Gondokusuman, Ngayogyakarta) ingkang sampun mbiyantu mertal sapérangan bahan-bahan ing buku punika.

Gusti mberkahai kita sadaya. Amin.

Ngayogyakarta, wiwitaning Januari 2018
Atur salam kawula,

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Addi Soselia Patriabara
Pdt. Murtini Hehanussa



Dhaptar Isi

Purwaka	i
Dhaptar Isi	iii

Bahan Khotbah

Rabu Abu [14 Februari 2018]	1
Minggu I Pra Paska [18 Februari 2018].....	5
Minggu II Pra Paska [25 Februari 2018].....	11
Minggu III Pra Paska [4 Maret 2018].....	15
Minggu IV Pra Paska [11 Maret 2018]	19
Minggu V Pra Paska [18 April 2015].....	23
Minggu Palmarum [25 Maret 2018].....	27
Kemis Putih [29 Maret 2018]	33
Jumuwal Adi [30 Maret 2018]	37
Setu Sepi [31 Maret 2018].....	41
Riyaya Minggu Paska [1 April 2018].....	45
Riyaya Minggu Paska Sore [1 April 2018]	49

Tata Pangibadah

Rabu Abu [14 Februari 2018]	55
Minggu I Pra Paska [18 Februari 2018].....	63
Minggu II Pra Paska [25 Februari 2018].....	71
Minggu III Pra Paska [4 Maret 2018].....	81
Minggu IV Pra Paska [11 Maret 2018]	89
Minggu V Pra Paska [18 April 2015].....	97
Minggu Palmarum [25 Maret 2018].....	107
Kemis Putih [29 Maret 2018]	115
Jumuwal Adi [30 Maret 2018]	129
Setu Sepi [31 Maret 2018].....	141
Riyaya Minggu Paska [1 April 2018].....	149
Riyaya Minggu Paska Sore [1 April 2018]	159

Bahan Panyuraos Kitab Suci

Panyuraos Kitab Suci Brayat 1 – Sangsaranipun Kristus	167
Panyuraos Kitab Suci Brayat 2 – Sedanipun Kristus	173
Panyuraos Kitab Suci Brayat 3 – Wungunipun Kristus	177

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga 1	183
Pakempalan Pandonga 2	189
Pakempalan Pandonga 3	193
Pakempalan Pandonga 4	197
Pakempalan Pandonga 5.....	201
Pakempalan Pandonga 6	205



Bahan Khotbah



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-
piyambak**



Khotbah Rebo Awu**Rebo, 14 Fébruari 2018****WAOSAN KITAB SUCI****Waosan I:**

Yoèl 2: 12-18

Tanggapan:

Jabur Masmur 51: 3-17

Waosan II:

2 Korintus 5: 20 – 6: 2

Waosan Injil:

Matius 6: 1-6, 16-18

**PAMRATOBAT SAKING
TELENGING MANAH****KHOTBAH JANGKEP**

Grup musik Bimbo nélakaken iba sucinipun njagi weninging manah. Wonten ing tembang ingkang jejeripun ‘Tuhan’, Bimbo ngucap makaten:

“Hati adalah cermin, manah makaten kadya pangilon; tempat pahala dan dosa bertarung, papanipun ganjaran tuwin dosa tarung.”

Tugelan geguritan kasebat ngajak kita mirsani bilih punapa ingkang kita penggalih lan salajengipun kita tindakaken punika nélakaken saking punapa ingkang miturut batos kita raosaken. Punapa ingkang medal saking tutuk punika wewayangan saking punapa ingkang kita raosaken ing salebetung manah. Mila dados wigatos kanggé kita sumadya ngilo saha nitipriksa kadospundi kawontenaning manah kita saben dintenipun.

Nitipriksa manah, punika ingkang dipun dhawuhaken déning Nabi Yoèl dhateng umat Israël ingkang gesangipun nylèwèng tebih saking margi pitedahipun Gusti Allah. Mloroding wewatekan (*moral*) saya ngrembaka dhateng pundi-pundi papan. Para pangarsaning umat dhemen ngunthet utawi tumindak *korup* tuwin kesangkut dhateng tumindak duraka ingkang nglelingse-

mi. Para pangarsaning umat mmboten saged dados panutan kanggé umat ing salebetipun njagi saha ngrimati kasucèning gesang. Mrangguli kawontenan ingkang makaten, Nabi Yoel nganjuraken pamratobat ingkang asli supados sadaya bangsa uwal saking paukumanipun Gusti Allah. Bangsa Israèl kedah wangsul saha ngéwahi ancas kanggé wangsul ngambah margi pitedahipun Gusti Allah. Tembung “wangsl” punika kanthi marambah-rambah dipun télakaken ing ayat 12 lan 13 kanthi tembung “mratobat”. Prakawis punika dados tenger bilih gesang mratobat utawi ngéwahi ancas punika prakawis ingkang wigatos lan ndhesek kanggé énggal dipun upadi.

Pamratobat ingkang kados punapa ingkang dipun kersakaken déning Gusti Allah? Wangsul dhateng margi pitedahipun Gusti Allah kanthi gumolonging manah, punika wujuding pamratobat ingkang dipun kersakaken déning Gusti Allah. Nyuwèk manah langkung wigatos tinimbang namung sandhangan ingkang suwèk. Utawi mawi basa ingkang asipat *apresiatip* utawi ngregani: nyuwèk sandhangan kedah dipun talesi saking manah ingkang suwèk, manah ingkang rempu lan nggetuni sawernaning tumindak dosa. Nabi Yoèl nélakaken bilih pamratobat ingkang saèstu saking tumindak dosa mesthi badhé ndhatengaken apuraning dosa saking Gusti Allah. Pamratobat ingkang katindakaken kanthi gumolonging manah badhé njalari Gusti Allah nggetuni lan ngrentahaken katresnanipun dhateng umat kagungan-Ipun.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Allah,
 Pamratobat kanthi gumolonging manah, punika ingkang dipun lairaken déning Sang Prabu Dawud ing Jabur Masmur 51. Dosaning laku bédhang dhateng Batsyéba lan mejahi Uria, sémahipun Batsyéba, sampun ndamel dukanipun Gusti Allah. Lumantar Nabi Natan, Gusti Allah nyaruwé Dawud. Panyaruwé ingkang dipun aturaken kanthi sarèh lan wicaksana punika kasil ngémutaken Dawud. Dawud mangertos bilih sinaosa raja, piyambakipun ugi manungsa limrah ingkang gampil dhumawah

ing dosa. Ngrumaosi saiba wigatosipun dosa punika, njalari Dawud èstu-èstu nyuwun pangapunten saking Gusti Allah. Ukara “karsaa paring sih-piwelas dhumateng kawula, dhuu Allah” nélakaken anggènipun keduwung kanthi kiyat sanget saking telenging manahipun. Dawud kalawan sora nyebut lan nyuwun sih-kamirahanipun Gusti Allah ingkang sejatosipun mmboten pantes dipun tampèni Dawud. Piyambakipun mangertos bilih Gusti Allah punika Maha Asih lan nresnani sinten kémawon ingkang kanthi temen nelangsa lan mratobat.

Para sadhèrèk ing dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Katemenaning manah punika satunggaling bab ingkang dipun utamèkaken déning Gusti Yésus Kristus nalika Panjenenganipun mulangaken bab ndedonga lan pasa. Kanthi gamblang Panjene-anganipun nampik gesang ngagami ingkang lelamisan. Gusti Yésus kanthi cetha nyaruwé patrapipun tiyang-tiyang Farisi ingkang lamis. Tiyang-tiyang Farisi ngetingalaken ulatipun ingkang aclum nalika saweg pasa supados tiyang mangertos bilih piyambakipun saweg pasa. Kanthi njarag, tiyang-tiyang punika badhé mamèraken kamursidanipun. Punika ingkang dipun wastani lelamisan déning Gusti Yésus. Pangandel ingkang namung polèsan supados ketingal saé. Pasa ingkang mesthinipun kinanthénan pangaken dosa lan nelangsa kanthi tumemen, kapara dipun tambahi kanthi pandamel dosa lumantar sandiwarala lelamisan ing salebetipun sami pasa.

Kosokwangslipun, Gusti Yésus miwiti piwulang-Ipun bab tumindak ingkang leres ing salebetipun ndedonga lan pasa kanthi ukara: “Anadéné menawa kowé”. Gusti Yésus kanthi njarak badhé nandhingaken tumindak pasa ingkang katindakaken déning tiyang-tiyang lamis “para wong lamis” kaliyan ingkang kedah dipun tindakaken déning para sekabatipun Gusti Yésus “... kowé....” Kadospundi caranipun pasa ingkang leres? “... sirahmu lenganagan lan raupa.” (Matius 6:17). mMboten wonten ingkang mirungan kanthi kalih patrap punika. Gusti Yésus badhé memulang dhateng para sekabat-

Ipun bilih nalika sami pasa, kedahipun tumindak lan patrapipun kados dinten-dinten limrah menawi mmboten pasa. Ancasing pitedah punika "... supaya anggonmu pasa aja ketara marang wong," (Matius 6:18a). Supados pangibadahipun murni wonten ing ngarsanipun Gusti Allah.

Pasa mmboten prelu dipun pamèraken ngantos ndhatengaken pamuji tuwin sih-kawelasan. Pasa kadosdéné pandonga punika mujudaken pakulinan pribadi kanggé nggladhi pambangunturut lan pangandel dhateng Gusti Allah. Pasa kedah dados satunggaling prekawis limrah kanggé para sekabat, lan ugi katindakaken kanthi cara ingkang limrah. Tegesipun, pasa sanès satunggaling dhasar kanggé nyélaki gesang saking kridhaning gesang lan tanggeljawab kita saben dinten. Ingkang prelu béda nalikanipun pasa inggih punika manah lan munjeraken gesang kita ingkang saya ngener dhateng pangandel (*iman*) dhumateng Sang Kristus.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Kita èstu-èstu caos sukor jalaran Sang Kristus ingkang mmboten dosa punika sampun karsa nanggel dosa-dosa kita. Gusti Allah ingkang Maha Tresna lumantar pakaryanipun Sang Kristus sampun lan taksih lestantun ngluwari manungsa saking dosa lan saking sawernaning pangawak dursila. Pramila kasaénaning panggalihipun Gusti Allah punika ampun ngantos kita sepé-lèkaken kanthi wangsul gesang andhok ing sawernaning dosa. Kosokwangslipun kita prelu tansah nanggapi pangapuntening Gusti Allah ingkang èstu-èstu aji sanget punika kanthi sami déné purun gesang ing salebetung katresnan, apura-ingapura, lan rukun. Gusti Allah nresnani kita.

Amin.



(asy-den)

**Khotbah Minggu
Pra Paska I**

Minggu, 18 Februari 2018

WAOSAN KITAB SUCI

Waosan I:

Purwaning Dumadi 9:8-15

Tanggapan:

Jabur 25:4-9

Waosan II:

1 Pétrus 3:18-22

Waosan Injil:

Markus 1:12-15

**NGGEGLUT
INGKANG SAÉ LAN
INGKANG AWON**



KHOTBAH JANGKEP

Pasamuwan kinasih,

Miturut Panjenengan sami, *punapa wonten papan ing jagad punika ingkang kebak ing karahayon, tanpa godha lan tetandhinganing gesang?* Pancèn kathah papan ing jagad punika ingkang élok ananging ugi mboten uwal saking panggodha lan tetandhinganing gesang. Para winasis samangké saweg sami mbudidaya menggalihaken kados pundi caranipun supados kita saged njagi bumi saking panrajaling sunaring srengéngé ingkang saèstu nggegirisi wetawis 7 milyar taun mangajeng. Ioanes Rahkmat, ing buku '*Beragama dalam Éra Sains Modern*' mratélakaken bab kados pundi para winasis mbudidaya kanthi tumemen saperlu njagi lestantunipun bumi. Ing antawisipun, para winasis menggalihaken cara/patrap kados pundi supados saged nyungkil orbitipun bumi satemah nedya nebih saking wewengkon sunaripun srengéngé wau. Patrap sanèsipun inggih punika mindhahaken tiyang-tiyang ingkang pinilih/piniji dhateng planèt Mars ingkang kawontenan alamipun dipun-angkah saged dados papan panggènanipun manungsa. Samangké para winasis yakin bilih ing planèt Mars wonten toya ingkang linubèr! Punika

salah satunggaling pratandha bilih planèt punika saged kaangkah dados papan panggènanipun manungsa! Dhumateng pamanggih kasebat, mbok menawi kathah tiyang ingkang mboten pitados lan nganggep sadaya wau namung ngayawara. Ananging kathah ugi tiyang ingkang samangké wiwit nggatosaken pamanggih kasebat. Kathah tiyang ingkang lajeng ngajèni dhateng para winasis kasebat awit lajeng sami mangertos kados pundi para winasis kasebat saèstu nggadahi adreng ingkang saé, saèstu menggalihaken kasaénanipun jagad lan manungsa. Éwa semanten, wonten ugi pitakènanipun ingkang mekaten: "Menawi pancèn manungsa mangké saged gesang ing planèt Mars, punapa ing mrika mboten wonten panggodha lan tetandhinganing gesang? Mesthi tetep wonten! Ing pundi kémawon, manungsa mboten uwal saking panggodha lan tetandhinganing gesang sinaosa kathah ugi bab ingkang ngremenaken!"

Pasamuwan kinasih,

Markus ugi nyariosaken babagan kados pundi Gusti Yésus katuntun déning Roh Suci, pinarak dhateng ara-ara samun sasampunipun kabaptis. Ing ngriku Panjenenganipun nemahi kawontenan ingkang ngremenaken nanging ugi ingkang mboten ngremenaken. Gusti Yésus pancèn dipun-ladosi déning para malaékat ananging ugi kedah ngadhepi sato kewan ara-ara samun tuwin panggodhaning Iblis. Panjenengangipun ngraosaken gezelutaning gesang. Inggih punika antawisipun ngraosaken paladosanipun malaékat ananging ugi kedah waspada tumrap sato kewan, ing antawisipun kedah kekah ing margining kayektèn utawi kapilut déning panggodhaning Iblis. Iblis, sato kewan lan malaékat saged dados pratandha bilih Gusti Yésus lumebet ing salebeting panggegelut bab ingkang saé lan ingkang awon. Ing Matéus 4: 11 kapratélaaken bilih sasampunipun Sang Kristus menang saking panggodha, Panjenenganipun lajeng dipun-ladosi para malaékat. Wondéné ing Markus 1: 13 kapratélaaken bilih panggodha, tetandhingan saha paladosaning para malaékat kelampahan sesarengan! Menawi kita kadhwuhan miji, *pundi ingkang badhé kita piji? Mimpang saking panggodha lajeng ngraosaken kanikmatan utawi tetep*

lumebet ing antawisipun panggodha lan kanikmatan? Menawi kita titipriksa, kalih-kalihipun asring kelampahan ing gesang kita sami! Pramila ing wekdal samangké kita sami sinau bilih ing sakiwa tengen kita, ing sauruting gesang kita, tansah wonten panggodha ing sasisihing sukarena, tansah ngadhepi tetandhing-aning gesang ing sasisihing kanikmatan, sarta tansah wonten wewengan saperlu miji ing antawisipun bab ingkang saé lan bab ingkang awon.

Pasamuwan kinasih,

Menangipun Sang Kristus tumrap sadaya panggodha kasebat negesaken prekawis kalih ingkang wigatos minangka seserepan ingkang éndah kanggé kita. Ingkang sepisan, supados ing satengahing prekawis ingkang saé lan ingkang awon, kita sami kasagedna tetep bakuh miji margi ingkang saé. Mboten namung babagan pundi ingkang dipun piji (*hitam putih*), mboten namung bab kados pundi kasilipun ing tembé (*hasil akhir*), ananging ugi bab kados pundi kita sami nggegelut kanthi tumemen minangka lelampahan (*proses*) ingkang tanpa winates, ing sauruting gesang. Kados déné Sang Kristus katuntun déning Sang Roh Suci ing ara-ara samun, mekaten ugi, kita sami ugi katuntun déning Sang Roh Suci ing satengahing gegilutan wau. Kados déné Sang Kristus dipun-ladosi para malaékat, mekaten ugi kita sami ugi kasengkuyung déning para mitra ingkang tansah sengkut ndhèrèk ngiyataken kita. Nabi Dawud, ing waosan tanggapan, paring tuladha tumrap kita supados tansah nyenyuwun pitulunganipun Gusti satemah Gusti nilingken pandonga kita, nuntun lampah kita ing sauruting gesang. Ing salajengipun, kita sami kasagedna nglampahi margining kasaénan, kados déné Sang Kristus! Punika nélakaken bab kamursidaning pribadi ing satengahing sadhèngah kawontenan!

Ingkang kaping kalih, menangipun Sang Kristus ugi mbikak manah kita sami bilih pakaryanipun Sang Kristus mboten mandheg nalika ngawonaken panggodaning Iblis. Panjenengan-ipun nerasaken pakaryanipun kanthi martosaken kabar kabi-

ngahan bab Kratoning Swarga lan nuntun umat lumebet ing pamratobating gesang sesarengan sarta ngraosaken agenging sih-rahmatipun Gusti. Umat saged ngraosaken gesang ingkang nengenaken kayekten, katentreman, kaadilan lan karaharjan ing satengahing panandhang lan tetandhinganing gesang. Babagan Sang Kristus ingkang ngersakaken supados umat ngraosaken kasaénanipun Gusti punika ugi tetéla ing seratanipun Rasul Pétrus (1 Pétrus 3: 18-22). Rasul Pétrus nerangaken kados pundi adrengipun Gusti Allah lumantar Sang Kristus ngersakaken kasaénan tumraping umat, kalebet nalika nuwèni roh-ipun tiyang-tiyang ingkang sampun pejah ing jamanipun nabi Nuh! Sinaosa prekawis punika pancèn angèl kita mangertosi ananging kita saged nuladhani bab agenging adrengipun Gusti ingkang ngersakaken kasaénan kanggé sadaya tiyang! Wosipun, menangipun Gusti Yésus saking panggodha saèstu mbikak margining pakaryan agung inggih punika supados umat ndhèrèk ngraosaken katresnan sarta kasaénanipun Gusti. Ing salajengipun, umat saèstu kasagedna pitados lan nggadahi pangajeng-ajeng ing satengahing panandhaning gesang!

Pasamuwan kinasih,

Ingkang narik manah, Gusti Allah mboten namung ngersakaken kasaénan kanggé manungsa kémawon ananging ugi kanggé bumi lan saisinipun. Bab punika kapratelaaken nalika Panjenenganipun paring prasetya bilih mboten badhé ngrentahaken malih beno ageng sasampunipun beno ageng ing jaman Nuh! Sadèrèngipun, Gusti Allah ndhawuhi Nuh supados mbekta sato kéwan kanthi manèka warni jinis supados ing tembè tetep wonten winihing gesang sadaya makhluk ing bumi. Sumangga kita nitipriksa Purwaning Dumadi 9: 13: "*Kluwuning-Sun Sunpapanaké ana ing mendhung, iku kang minangka tandhaning prasetyaning-Sun lan bumi.*" Ing ngriki, kita saged mangertos kadospundi Panjenenganipun nresnani sadaya isining bumi minangka punjering pakaryanipun Gusti. Saking prekawis punika kita sami sinau bab agenging katresnanipun Gusti ingkang ngersakaken kasaénan kanggé sadaya titahanipun, kalebet manungsa lan bumi.

Kita sami ugi kadhwuhan supados tumut makarya nindakaken kasaénan dhateng sadaya titahipun Gusti. Nalika kathah tiyang ingkang mrihatosaken nasibipun bumi ing tembé lan tanpa daya mboten tumindak punapa-punapa, kita sami kadhwuhan supados nresnani bumi lan tansah mbudidaya ngreksa bumi kanthi saèstu. Mbok menawi kita sami gadhah pitakènan ing manah: *kènging punapa kita kedah ngreksa bumi ingkang badhé ajur ing tembé?* Sadaya punika sesambutan kaliyan kasanggeman kita nindaaken timbalan bab tumindak saé! Punika sesambutan kaliyan kasetyan kita sami dhateng kautamaning gesang, ngener dhateng timbalan mujudaken gesang saé! Sumangga kita raos-raosaken kanthi penggalihan ingkang langkung lebet! Bab kados pundi nasibipun bumi ing tembé pancèn punika wewengkonipun Gusti. Ananging satunggalan bab ingkang kita ajeng-ajeng, inggih nalikanipun Gusti Allah methukaken kita sadaya ing tembé, Panjenenganipun badhé rumaos mongkog awit methukaken tiyang-tiyang ingkang setya tuhu nindaaken timbalan katresnan, ingkang nggadahi adreng mujudaken kasaénan sarta ingkang tumemen makarya kanthi tanggel jawab!

Pasamuwan kinasih,

Ing mangsa Pra-Paska punika, sumangga kita raos-raosaken geguritan cekak punika:

Kadhangkala Gusti mboten nebihaken kita saking panggodha supados kita sami sinau bab kasetyan lumampah ing margining keyekten,

Kadhangkala Gusti ngginakaken tetandhinganing gesang supados kita sami sinau bab pambudidayaning gesang ingkang tumemen,

Kadhangkala Gusti mboten ngicalaken kasangsaran supados kita sami sinau bab nglampahi gesang kanthi kiyat, tataq lan tanggon,

Kadhangkala Gusti kados-kados namung mèndel nalika mirsani kawontenan ingkang awon, supados kita sami sinau bab nindakaken kasaénan,

*Saking penggalihipun ingkang lebet, Gusti nglubèraken
katresnan lan kasaénan,
Lajeng nyelehaken kalih-kalihipun ing tangan kita sami,
Supados bumi lan sesami ugi saged ndhèrèk ngraosaken
kaélokipun...
Gusti angutus kita sami!
Amin.*

(ohpn)



Khotbah Minggu Pra Paska II

Minggu, 25 Februari 2018

WAOSAN KITAB SUCI:

Waosan I:

Purwaning Dumadi 17:1-7,
15-16

Tanggapan:

Jabur Masmur 22:23-31

Waosan II:

Roma 4:13-25

Waosan Injil:

Markus 8:31-38

GESANG DÉNING PANGANDEL



KHOTBAH JANGKEP

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Punapa wonten ing antawis panjenengan ingkang remen dhahar woh nangka? Kadospundi urut-urutaning lampah dhahar woh nangka? Urut-urutaning lampah dhahar woh nangka punika saking wiwitan mboten gampil, amargi kedah mbikak woh nangka wau kanthi ngatos-atos. Menawi kita mbikak woh nangka mboten ngatos-atos, kita badhé kénging pulutipun. Punika résikunipun dhahar nangka: kénging pulut nangka. Ing sisih sanès, kathah tiyang remen dhahar nangka ananging sami mboten kersa mbikak woh nangka piyambak. Remenipun sampun dipun bikakaken, kantun nedha, ngraosaken kanikmatanipun tanpa sumadya nindakaken urut-urutaning lampah ingkang wonten.

Wonten ing gesang kapitadosan dhateng Sang Kristus, kathah tiyang ingkang mboten purun kangélan kados déné nedha nangka. Kathah tiyang ingkang kepénginipun wilujeng, dipun berkahi, gesang ing salebeting sih-rahmatipun Gusti Allah ing

Sang Kristus, ananging kanggé nindakaken gesang ingkang dipun berkah, dipun wilujengaken, aras-arasen nglampahi lan ngambah margining kawilujengan, ngambah margining berkah ing Sang Kristus. Kéging punapa? Karana kanggé ngener dhateng gesang ingkang dipun berkah, dipun wilujengaken, sanès prekawis ingkang gampil. Wonten pundi angèlipun? Kita saged mirsani dhateng gesangipun Abraham. Sadèrèngipun Abraham dipun timbali déning Gusti Allah dados Bapakipun Umat, Abraham lenggah wonten Ur-Kasdim. Ing Ur-Kasdim piyambakipun sampaun lenggah kanthi mapan, kagungan tegalan kanggé tetanèn ingkang wiyar, kewan ingah-ingahan kathah sanget, piyambakipun ugi kagungan abdi kathah sanget ingkang nyambut dame ling griyanipun. Ing Ur-Kasdim Abraham kasebat Abram, tegesipun: Rama ingkang luhur. Piyambakipun kawastanan luhur déning tiyang kathah karana gesangipun ingkang kalubèran bandha kathah. Nalika Gusti Allah nimbali Abraham nilaraken tanahipun nuju dhateng tanah ingkang badhé dipun tedahaken déning Gusti Allah dhateng Abraham, kanggéniipun Abraham prakawis punika mboten gampil. Nilaraken kamuktèn kados ingkang dipun tindakaken déning Abraham sanès prakawis gampil. Ananging Abraham sumadya ngèstokaken dhawuhipun Gusti Allah, jalaran Abraham pitados bilih punapa ingkang dipun ngandikakaken Gusti Allah punika temtu leres. Prajanjinipun Gusti Allah temtu dipun tetepi. Awit saking punika Gusti Allah ngéwahi asmanipun saking Abram dados Abraham. Saking Rama ingkang luhur karana bandhanipun dipun gantos dados Abraham: Bapakipun Umat. Kanthi ngéwahi naminipun wau Gusti Allah nyembadani Abraham miwiti gesang anyar. Gesang ing salabeting pangandel dhumateng Gusti Allah.

Gesang nilaraken kamuktèn kanggé kratonipun Allah dipun dhawuhaken déning Gusti Yésus dhateng para pandhèrèk-Ipun. Sadaya ingkang dipun ngendikakaken déning Allah sampun dipun lampahi Gusti Yésus sadèrèngipun. Gusti Yésus nedahaken dhateng para sekabat-Ipun bilih Putraning Manungsa kedah katampik déning para pinisepuh, para imam, tuwin ahli Torèt,

kapara badhé kasalib, séda, ananging mangkénipun badhé wungu saking séda. Awit saking punika, kados ingkang kapratélakaken ing Serat Roma: “Sabab yèn kita wis padha nunggal kalawan apa kang padha karo sédané, kita iya bakal padha nunggal kalawan apa kang padha karo wunguné.” (Roma 6:5)

Para sadhérèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Kanggé kita, kanggé ndhérèk nunggil kaliyan wungunipun Gusti Yésus, wonten sarat ingkang kedah kita tetepi. Gusti Yésus ngandika,

“Saben wong kang arep ngetut-buri Aku, iku nyungkura awaké dhéwé, manggula salibé lan mèlua Aku. Awit sing sapa arep nylametaké nyawané, iku bakal kélangan nyawané, nanging sing sapa kélangan nyawané marga saka Aku lan marga saka Injil, iku bakal nylametaké nyawané. Apa gunané wong olèh jagat iki kabèh, nanging kélangan nyawané? Awit apa ta kang kena diwènèhaké kanggo ngijoli nyawané?” (Markus 8:34-37).

Nyingkur badanipun piyambak, manggul salib lan ndhérèk Gusti Yésus manut rama Tom Jacob kasebat minangka kasanggeman gesang ing salebetung pamratobat. Tobat punika imanipun tiyang dosa. Iman punika ngewrat kasanggeman ngakeni, dadosa kadosan kanthi nyungkur badanipun piyambak punapadéné panebusan kathi ndhérèk Gusti Yésus ingkang séda sinalib.

nDhérèk Sang Kristus mbetahaken kesabaran lan kasanggeman katuntun ngener dhateng ingkang dipun kersakaken Gusti Yésus. Kanggénipun jagad, salib tuwin kasangsaran mujudaken cacadan. Ananging tumraping Allah, salib minangka wujuding katresnanipun Gusti Allah ingkang ngleresaken saben tiyang pitados. Lumantar salibipun Sang Kristus, Gusti Allah ngganjar kawilujengan, supados umat gesang ing salebetung prajanjian tuwin kawilujengan langgeng. Punika kelampahan amargi Sang Kristus karsa masrahaken nyawan-Ipun kanggé kita.

Ing mangsa Pra-Paska punika, kita dipun dadar kanggé mirsani kamurnèning pitados kita dhateng Gusti Yésus Kristus. Punapa kita sampun èstu-èstu ndhèrèk Gusti Yésus kanthi nytingkur badan kita piyambak, manggul salib lan ndhèrèk Panjenenganipun?

Dinten punika pangandikanipun Gusti ngersakaken maringi piwulang dhateng kita bilih:

1. Saben tiyang pitados kaleresaken karana pitados, sanès amargi netepi Angger-angger Torèt. Pitados ateges sinau kanggé lestantun mangertosi sarta lumampah manut karsanipun Gusti, awrat tuwin angèla kados punapa kawontenan kita.
2. Pitados mboten kadhasaraken raos ajrih, ananging karana nresnani Gusti Allah ingkang sampun langkung rumiyin nresnani kita. Ing salebeting pitados dhateng Gusti Allah, wonten kasanggeman kanggé caos korban kagem Gusti Allah ingkang kita tresnani.

Sugeng ngraos-raosaken gesang ing salabeting pitados dhumateng Gusti Allah. Amin.

(laas - den)



Khotbah Minggu**Pra Paska III****Minggu, 4 Maret 2018****WAOSAN KITAB SUCI****Waosan I:**

Pangentasan 20:1-17

Tanggapan:

Jabur Masmur 19

Waosan II:

1 Korintus 1:18-25

Bacaan Injil:

Yohanes 2:13-22

**GUSTI YÉSUS,
PADALEMAN SUCI
SARTA KITA**



KHOTBAH JANGKEP

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Gusti Yésus duka? Pitakénan punika naté dipun aturaken déning satunggaling warga pasamuwan ingkang tumut wonten ing satunggaling pepanggihan Panyuraos Kitab Suci. Tiyang ingkang takèn wau nggadhahi panginten menawi Gusti Yésus punika lembah manah, kawibawanipun ageng, awit saking punika mboten badhé duka. Punapa malih menawi mirsani gambar Gusti Yésus nggéndhong cempé, ingkang ngetingalaken pasuryanipun ingkang ayem. Pramila Gusti Yésus mboten badhé nedahaken dukan-Ipun dhateng tiyang kathah.

Gusti Yésus duka. Waosan Injil dinten punika nyariosaken prakawis punika. Nalika Gusti Yésus mirsani kedadosan ing Padaleman Suci ingkang ndamel pangibadah dados barang dagangan. Tiyang-tiyang migunakaken Padaleman Suci kanggé pados bebahthèn tumrap gesangipun piyambak. Gusti Yésus èstu-èstu duka amargi tiyang-tiyang ingkang sami sowan dhateng Padaleman Suci kanggé mirengaken Pangandikanipun Gusti Allah dipun

pambengi déning pakempalan winadi bab kadurjanaan (*mafia*) ingkang dumunung ing Padaleman Suci.

Injil Yohanes 2:13-22 ingkang kita waos nggadhahi tetales riyaya Paska. Paska mujudaken satunggaling riyaya ageng ingkang badhé dipun rawuhi déning tiyang Yahudi. Tiyang-tiyang Yahudi ingkang manggèn ing papan-papan tebih ugi merlokaken rawuh ngriyayakaken Paska ing Padaleman Suci ingkang dumunung ing Yérusalém. Wonten ing adat turun temurun bangsa Israél, Padaleman Suci ngewrat prakawis ingkang wigatos. Padaleman Suci dipun mangertosi minangka papan karawuhanipun Gusti Allah ing tengah-tengahing umatipun Allah. Padaleman Suci mujudaken satunggaling bebadan ingkang ngandhut pinten-pinten bab ingkang ruwet. Ing sasisih kanggé njagi upacara agami, para imam nemtokaken bilih pisungsung ingkang dipun bekta umat kedah pisungsung ingkang tanpa cacat. Dados, kedah dipun tlesih èstu pantesipun kéwan ingkang badhé dipun pisungsungaken. Makaten ugi arta ingkang badhé dipun ginakaken kanggé prajanjèn dol-tinumbas (*transaksi*) punika arta ingkang dipun akeni déning pamarintah Romawi, ngantos kanggé nggampilaken para tiyang ingkang mertamu, ing plataran Padaleman Suci dipun dadosaken papan sesadéan kéwan korban tuwin papan kanggé préyalan (tukang nglintoni arta). Ing sisih sanès, sajatosipun para imam mboten nggadhahi panguwaos ingkang tanpa wates amargi pamarintah Romawi ngasta wewenang langkung inggil saking para imam. Punggawanning Romawi punika mundhut bebathèn saking kridhaning umat ingkang kelampahan ing Padaleman Suci. Punggawa kasebat ingkang ngawat-awati sawernining kridhanipun umat ing Padaleman Suci. Padaleman Suci ingkang kedahipun dados papan ing pundi kaleresan saha karsanipun Gusti Allah dipun tindakaken dados papan sesadéan ingkang mbathèni golongan alit ingkang nguwaosi ananging ndhatengaken kapitunan tumrap tiyang kathah ing satengahing masyarakat. Kawontenan punika dipun pirsani mboten leres déning Gusti Yésus. Awit saking punika nalika Gusti Yésus mlebet Padaleman Suci,

Panjenenganipun mundhut tampar kagem pecut. Para tiyang ingkang sesadéan lan préyalan dipun tundhung déning Gusti Yésus, méja kanggé préyalan dipun golingaken. Kanthi sora Gusti Yésus ngandika: "... Padalemané Ramaku aja kokanggo papan bakulan." (Yohanes 2:16).

Tiyang-tiyang Yahudi ingkang wonten ing ngriku mboten nampi saha mboten nganggep Gusti Yésus. Tiyang-tiyang Yahudi nyuwun dhateng Gusti Yésus "serat wewenang" tumrap tumindak-Ipun punika. Ananging Gusti Yésus nglawan tiyang-tiyang Yahudi kanthi ngandika, "Bubrahen Padaleman Suci iki, sajroning telung dina bakal dakadegaké manèh." (Yohanes 2:19). Mireng prasetyanipun Gusti Yésus punika, tiyang Yahudi mboten saged mangertos, kapara prasetyanipun Gusti Yésus punika dipun anggep mokal sanget. Tiyang-tiyang Yahudi mangertos sanget bilih Padaleman Suci kabangun ing wekdal ingkang sawetawis dangu, inggih punika 46 taun. Nalika tiyang-tiyang Yahudi mireng bilih Gusti Yésus badhé ngedegaken malih Padaleman Suci ing wekdal tigang dinten, tiyang-tiyang wau mboten mangertos bilih ingkang dipun kersakaken punika sariran-Ipun piyambak. Panjenenganipun séda, ananging ing dinten ingkang kaping tiga wungu saking séda. Sédanipun Gusti Yésus dados wujuding katresnan-Ipun dhateng Padaleman Suci.

Gusti Yésus, Padaleman Suci, sarta Kita, lumantar jejer punika kita dipun suwun ngraos-raosaken gesang ing salebetung Sang Kristus. Gusti Yésus mboten nyirik dhateng tata upacara pangibadah. Panjenenganipun ngersakaken saben pangibadah kita dipun tindakaken kanthi grengsenging katresnan, pangentasan, tuwin patunggilan ingkang nyawijèkaken. Wonten ing pangibadah ingkang kebak katresnan, umat saged midhanget-aken pangandikanipun Gusti Allah. Pangandikanipun Gusti Allah kagungan daya maringi pangluwaran. Punapa mboten greget kados makaten ingkang dipun kersakaken déning Gusti Allah nalika maringi Pepakèn Sadasa?

Juru Masmur nresnami tuwin mirengaken pangandikanipun Gusti Allah ing salebetipun ngibadah. Juru Masmur nélakaken bilih sabdanipun Gusti Allah punika kaleresan. Angger-anggeripun Sang Yéhuwah punika ngluwari umat. Minangka Angger-angger ingkang ngluwari, pangandikanipun Gusti Allah (Torèt) punika sampurna. Nyawanipun saben tiyang ingkang mirengaken tuwin nindakaken dipun segeraken malih. Patraping Angger-angger ingkang damel seger punika nyantosakaken manah. Ing salebeting manah ingkang santosa, umat saged gesang kanthi wicaksana. Tiyang-tiyang ingkang gesang kanthi wicaksana kasembadan nyawang gesang kanthi prayogi. Wohing pamawas makaten punika tutuk ingkang tansah ngluhuraken Asmanipun Gusti Allah, Pebarang tuwin Panebus gesangipun manungsa.

Gusti Yésus, Padaleman Suci sarta Kita, ndadosaken kita mangertos timbalaning gesang minangka umatipun Gusti Allah. Gusti Yésus ingkang kita mulyakaken saha kita bektèni wonten ing tata upacaraning pangibadah kita, nimbali saben tiyang supados ngraosaken Panjenenganipun ing gesang padintenan, ngantos sesareangan kaliyan Panjenenganipun kita dipun semba-dani dados berkah dhateng tiyang kathah.

Ing Minggu Pra-Paska kaping tiga punika sumangga kita ndadosaken gesang kita minangka Padaleman Suci ingkang ndhateng-aken kamulyanipun Allah kanggé sesami.

Amin.

(yiw-wsn-den)



**Khotbah Minggu
Pra Paska IV**

Minggu, 11 Maret 2018

WAOSAN KITAB SUCI

Waosan 1

Wilangan 21:4-9

Tanggapan:

Jabur Masmur 107:1-3, 17-22

Waosan II:

Éfesus 2:1-10

Waosan Injil:

Yohanes 3:14-21

**KADIWASANING
PITADOS
NUWUHAKEN
ANDHAP ASOR**



KHOTBAH JANGKEP

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Abraham Lincoln, présidhèn Amerika naté ngandika makaten, “Mèh saben manungsa bisa ketaman kasangsaran, ananging menawa sliramu kepéngin ndadar tabiat salah sawijining manungsa, wènèhana manungsa iku panguwasa”. Pangandikanipun Abraham Lincoln punika sajakipun kadhasaraken wonten ing pengalamanipun minangka salah satunggaling pangarsa utawi pemimpin. Amargi wewenangipun, piyambakipun maringi panguwaos dhateng tiyang kathah. Éman déné panguwaos ingkang kaparingaken punika kapara ndamel kathah tiyang ingkang dhumawah ing gesang ingkang mboten aji. mBoten ajinipun gesang punika karana ngginakaken panguwaos kanthi mboten samesthinipun.

Nalika wonten ing tanah Mesir, umat Israël dados batur. Minangka batur, umat Israël mboten gadhah wewengan mranata gesangipun piyambak. Kasangsaran minangka kawusananing panindhes awrat sanget. Mirsani kawontenan punika, Gusti Allah nélakaken katresnan-Ipun. Umat Israël kaparingan kamardikan. Umat Israël

dipun luwari saking tanah pangawulan lan dipun tuntun déning Gusti Allah nuju dhateng bumi kalairanipun (*tanah airnya*) malih. Lampahipun umat Israèl nuju dhateng bumi kalairan mbetahaken pambudidaya ingkang kiyat. Kitab Wilangan ngewrat carios-carlos lampahipun umat Israèl ing pasamunan Sinai. Ing pasamunan Sinai umat Israèl sinau kadospundi mranata gesang manut karsanipun Gusti Allah.

Ing salebetipun lumampah ngener dhateng bumi kalairan, umat Israèl asring mboten setya dhateng karsanipun Gusti Allah. Umat Isaèl asring mbaléla. Ing Kitab Wilangan dipun panggihaken modhèl pambaléla – paukuman – pirukunan – pangapunten ingkang wongsal-wangsul kelampahan wonten ing carios lumampahipun umat Israèl ing pasamunan Sinai. Wekdal punika, kanggé ingkang kaping semanten, umat Israèl nindakaken malih modhèl punika. Kawiwitán saking pambalélanipun umat Israèl dhumateng Gusti Allah. Awrating mlampah ing pasamunan Sinai njalari umat nandhingaken kaliyan kawontenan ing tanah pangawulan Mesir. Aturipun umat, “Kénging punapa kula kok sami panjenengan késahaken saking tanah Mesir? Punapa supados kula sami pejah wonten ing pasamunan ngriki? Ing ngriki boten wonten roti lan boten wonten toya, mangka kula sampun sami bosen dhateng tetedhan ingkang boten wonten raosipun punika.” (Wilangan 21:5). Kawontenan ing pasamunan Sinai ndamel umat Israèl kesupèn dhateng jejeripun minangka umat ingkang sampun kaparingan kamardikan. Ingkang dipun émut-émut dados batur ing tanah Mesir, ndamel umat milih wangsul dados batur tinimbang dados tiyang mardika. Tumindakipun umat Israèl makaten wau njalari Gusti Allah rumaos prelu maringi piwulang lan pepéling dhateng umat. Piwulangipun mboten mawa tetembungan, ananging kanthi satunggaling kawontenan ingkang mboten mbingahaken. Gusti Allah ndhawuhi sawer mandi supados nyakoti tiyang-tiyang Israèl, ngantos kathah tiyang Israèl ingkang pejah. Lelampahan punika ngémutaken umat Israèl dhateng dosanipun. Umat Israèl nyuwun supados nabi Musa ndedonga dhateng Gusti Allah tuwin nyuwun

pangapunten. Pandonganipun nabi Musa dipun piyarsakaken Gusti Allah. Mila Gusti Allah tumunten ngandika dhateng nabi Musa supados Musa yasa rerékan sawer mandi saking tembaga. Rerékan sawer tembaga punika kedah dipun panjer ing cagak. Saben tiyang Israèl ingkang kecakot sawer kedah mandeng rerékan sawer tembaga punika supados lestantun gesang.

Wonten ing sawernining kawontenan, manungsa saged kesupèn dhateng adeging dhirinipun piyambak. Kamardikan, kawilujengan ingkang mujudaken peparingipun Gusti Allah kala-mangsanipun mboten dipun raosaken. Nalika ing salebeting kawontenan ribet, manungsa nyadhong kawelasan, nyuwun sih kawelasanipun Gusti Allah. Ananging nalika kawontenaning gesang pinuju mbingahaken, manungsa gampil kesupèn. Awit saking punika Rasul Paulus paring pamrayogi lumantar pasamuwan Éfésus supados tansah émut dhateng sih katresnanipun Gusti Allah. Rasul Paulus ngantebaken bilih awit saking sih katresnanipun Gusti Allah, manungsa pikantuk kawilujengan. Sinaosa dosa punika neniwasi, ananging wonten ing sih katresnanipun Allah, umat kagesangaken. Pakaryanipun Gusti Allah ingkang milujengaken punika mbekta umat dhateng gesang sesarengan kaliyan Sang Kristus. Déné ancasing prasetyaning sih-rahmatipun Gusti Allah punika supados ing jaman ingkang badhé kalampahan Panjenenganipun ngatingalaken dhateng kita anggènipun sugih sih-rahmat ingkang lubèr-lubèr (Éfesus 4:7). Awit saking punika, sadaya tiyang ingkang sampun nampèni sih katresnanipun Gusti Allah tinimbalan déning Panjenenganipun supados sami nglampahi pandamel becik, ingkang kacawisaken déning Gusti Allah.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus Kristus. Nindakaken pandamel becik, ingkang sampun kacawisaken déning Gusti Allah, mujudaken tanggapan ing ngatasipun sih-rahmatipun Gusti Allah. Patrap ingkang makaten punika kasebat minangka krenteging pitados kita dhumateng Gusti Allah. Wonten ing krenteging pitados dhateng Gusti Allah, kita kasuwun supados tansah waspada. Waosan Injil dinten punika ngémutaken kita

supados tansah jagi-jagi supados kita mboten wangsul lumebet dhateng gesang ing salebeting dosa. Injil Yohanes nggambaraken kadosan minangka gesang ing salebeting pamisésanipun pepeteng. Pepeteng kedah dipun sirnakaken kalawan pepadhang. Gusti Yésus ngandika, "Sabab sapa baé kang nindakaké piala mesthi sengit marang pepadhang lan nyingkur pepadhang, supaya aja nganti katon panggawéné kang ala iku. Nanging sing sapa tumindak bener iku marani pepadhang, supaya tetéla yèn panggawéné iku ditindakaké ana ing patunggilané Allah." (Yohanes 3:20-21)

Kadospundi supados pepadhang punika saged tansah karaosaken? Kita saged sinau saking Nikodémus. Nikodémus punika tiyang Farisi. Piyambakipun pangarsaning agami. Kemrungsunging batosipun mberek Nikodémus manggihi Gusti Yésus. Piyambakipun manggihi lan wawan pangandikan kaliyan Gusti Yésus ing wanci dalu. Injil Yohanes dipun kebaki déning *simbol-simbol* utawi pralambang-pralambang. Anggènipun manggihi Gusti Yésus wanci dalu nyasmitani bilih Nikodémus mbetahaken pepadhang. Sinaosa piyambakipun pangarsaning agami, Nikodémus ngrumaosi bilih pepetenging batos saged tumanduk dhateng sinten kémawon. Pepanggihanipun kaliyan Gusti Yésus mujudaken pasemon (*ironi*) awit minangka pangarsaning agami, kedahipun Nikodémus sirikan pepanggihan kaliyan Gusti Yésus ingkang nalika semanten Panjenenganipun dipun mengsahi déning tiyang-tiyang Farisi tuwin Ahli-ahli Torèt. Ananging prakawis punika mboten ndamel Nikodémus lingsem manggihi Gusti Yésus, awit manggihi Gusti Yésus makaten mujudaken krenteging pitados dhateng Panjenenganipun. Krenteg punika nuwuhaken andhap-asoring manah. Andhap-asoring manah ingkang temtunipun ugi kita gadhahi ing wekdal samangké, amargi kanthi andhap-asoring manah punika kita pikantuk kasagedan saking Gusti Allah kanggé nglawan sadaya panggodha ing gesang padintenan. Kanthi makaten, iman utawi kapitadosan dados tamèng santosa kanggé kita sadaya. Amin.

(edp-den)



Khotbah Minggu Pra Paska V

Minggu, 18 Maret 2018

WAOSAN KITAB SUCI

Waosan I

Yérémia 31:31-34

Tanggapan:

Jabur Masmur 119:9-16

Waosan II:

Ibrani 5:5-10

Waosan Injil:

Yohanes 12:20-33

SINAU MBANGUN TURUT



KHOTBAH JANGKEP

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Ing satunggalin *portal opini* (èmpèring pamanggih) dipun panggihaken seratan ingkang saé bab patrap mbangun-turut. Wosipun ing salebeting gesangipun saben tiyang pinanggih tigang tataran pangertosan bab patrap mbangun-turut ingkang prelu dipun mangertosi. Tigang tataran pangertosan punika: *Sepisan*, Patrap mbangun turut Tataran *Biologis* utawi Tataran Kajasmanèn. Patrap mbangun turut punika wonten sesambetanipun kaliyan caranipun badan nyambut damel. Kanthi tumindak piyambak (*otomatis*) badan mréntah dhateng kita. Upaminipun, nalika badan ngedalaken riwé (kringet) kathah amargi olah raga, badan nyukani sasmita supados kita énggal ngunjuk, supados badan kita sampun ngantos ketelasan toya (*dehidrasi*). Makaten ugi, nalika sinau ngantos dalu, kita saged ketileman kanthi lenggah. Dipun betahaken patrap mbangun turut dhateng kabetahaning badan kados ingkang dipun penggalih utawi dipun kersakaken déning budi. *Kaping kalih*, Patrap mbangun turut Tataran Sosial. Manungsa punika titah sesrawungan, ingkang gesangipun mboten saged uwal saking wor-woran kaliyan tiyang kathah ing salebeting paguyuban. Gesang wor-woran kaliyan tiyang kathah

temtu mbetahaken satunggaling tatanan, kita dipun gulawenthah tuwin dipun paringi tuladha netepi utawi mbangun turut dhateng tatanan punika. Tanpa patrap mbangun turut dhateng tatananing pasrawungan (padatan mboten kaserat), kita badhé dipun “emohi” tiyang. *Kaping tiga*, Patrap mbangun turut Tataran Rohani. Minangka titah ingkang ngrungkebi kapitadosan, manungsa ugi gesang ing salebetting tatanan ingkang dipun pitados pinangkanipun saking Gusti Allah. mBoten mbangun turut dhateng Gusti Allah badhé ndhatengaken kawontenaning gesang ingkang mboten jenjem. Nalika kita nerak dhawuhipun Gusti Allah – kados ingkang kita pitados – temtu manah kita mboten tentrem.

Patrap mbangun turut punika satunggaling prekawis ingkang kedah kelampahan. Sadaya tiyang ing salebetting gesangipun mbetahaken patrap mbangun turut. Supados saged mbangun turut, dipun betahaken kesagahan lumampah ing salebetting pasinaon.

Supados bangsa Israël saged mbangun turut dhateng Torètipun Sang Yéhuwah, Sang Yéhuwah maringaken Torètipun wonten ing batosipun/manahipun umat Israël lan Yéhuda. Sang Yéhuwah ngandika: “Nanging prajanjian kang bakal Sundamel karo wong Israël, sawusé wektu iku, -- mangkono pangadikané Sang Yéhuwah -- iku mangkéné: TorètingSun bakal Sunpariringaké ana ing batiné, sarta Sunserat ana ing atiné;” (Yérémia 31:33). Kéging punapa Torèt dipun papanaken wonten ing batosipun/manahipun umat? Awit batos/manah mujudaken punjering gesangipun manungsa. Kanthi sinerating Torèt ing salebetting batos/manah, umat kaangkah tansah ènget dhateng katresnan saha prajanjinipun Sang Yéhuwah.

Yérémia 31:31-34 mujudaken prajanjian anyar saking Sang Yéhuwah. Prajanjian anyar mujudaken pucaking pawartosipun Nabi Yérémia. Sang Yéhuwah badhé damel prajanjian anyar mboten namung kanggé umat Israël, ananging ugi kanggé Yéhuda.

Prajanjian anyar ingkang dipun asta déning Sang Yéhuwah punika mboten nyuwak prajanjianipun Sang Yéhuwah dhateng Nabi Musa ingkang sampun dipun sélaki déning umat Israèl. Wonten ing prajanjian punika, Gusti Allah mboten nyerat wonten ing papan-papan séla (*loh-loh batu*), ananging wonten ing salebetung batosipun/manahipun saben tiyang ingkang pitados dhateng Panjenenganipun. Gusti Allah Sang Yéhuwah ngajeng-ajeng bilih tiyang-tiyang ingkang pinaringan prajanji ing salebetung batos/manah badhé mbangun turut dhateng dhawuhipun Gusti Allah. Sadaya tiyang ingkang dipun rengkuh ing salebetung prajanjinipun Allah badhé wanuh dhateng Panjenenganipun. Wonten ing prajanjian anyar punika Gusti Allah nélakaken bilih Panjenenganipun badhé ngapuntensi kalepatanipun umat saha dosanipun umat mboten dipun émut-émut malih déning Gusti Allah.

Karingkihanipun umat Israèl wiwit turunan ingkang sekawit inggih punika mboten mbangun turut dhateng Gusti Allah. Torèt dipun apalaken, ananging mboten dipun èstokaken ing gesang padintenan. Wusananiipun umat Israèl kondhang minangka umat ingkang wangkal. Gesangipun mboten ngener dhateng ingkang langkung saé. Awit saking punika lumantar Nabi Yérémia, Gusti Allah ngantebaken supados umat dados bangsa ingkang mbangun turut.

Punapa wohipun mbangun turut? Nalika Gusti Yésus lerem ing sacelakipun Padaleman Suci, Panjenenganipun ngandika bilih sampun dumugi wekdalipun Putranipun Manungsa kaluhuraken. Putrané Manungsa punika Gusti Yésus. Kaluhuraken tegesipun kawungokaken saking séda. Kanggé dumugi wungu saking séda, wonten tataraning lampah ingkang kedah katindakaken, inggih punika nandhang sangsara, séda lan kasarèkaken. Gusti Yésus ngibarataken tataraning lampah punika kadosdéné wiji gandum. Ibarat saélas wiji gandum ingkang katanem ing pasitèn, wiji punika kedah dhawah ing siti lajeng pejah. Ananging pejahipun wiji gandum punika sanès pejah salaminipun amargi sasampunipun pejah, wiji punika badhé semi saha nuwuhaken wontenipun gesang ingkang énggal, ngantos ngedalaken woh langkung kathah. Kanthi

makaten, Gusti Yésus mratélakaken bilih Sédanipun punika satunggaling prakawis ingkang kedah kelampahan sadèrèngipun Panjenenganipun kaluhuraken.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Lumantar Kitab Suci kita nyeksèni tuwin ngraos-raosaken kadospundi Gusti Yésus tumemen ing salebeting tataran lampah dados wiji gandum ingkang pejah, semi, lajeng ngedalaken woh. Gusti Yésus mboten sekedhik-sekedhika nilaraken tataraning lampah ingkang kedah dipun tempuh. Punika pambangun-turutipun Gusti Yésus minangka Putraning Manungsa.

Ing Minggu Pra-Paska kaping gangsal punika kita dipun émutaken kanggé sinau dhateng Gusti Yésus. Pangandikanipun Gusti Yésus bab wiji gandum punika mboten namung kagem Panjenenganipun piyambak. Saben tiyang ingkang ndhèrèk ngetut wingking Panjenenganipun ugi kedah nglampahi cara gesang ingkang sami. Pramila Gusti Yésus ngandika, “Sing sapa nresnani nyawané, iku bakal kélangan nyawané, nanging sing sapa ora nresnani nyawané ana ing donya iki, iku kang bakal ngrumati nyawané kanggo urip kang langgeng.” (Yohanes 12:25). Gesang ingkang mboten nresnani nyawanipun piyambak dipun tindakaken kanthi lampah “niba-tangi” supados tansah mbangun turut ndhèrèk ingkang sampun dipun tindakaken Gusti Yésus.

Lumantar pangandikanipun Gusti dinten punika, sumangga kita tumemen nindakaken tataran-lampahing gesang kanthi tansah sinau mbangun turut. Ngantos bénjing punapa kita sinau? Tataran-lampahing pasinaon kita mboten winates. Menawi ing pamulangan utawi sekolahán wonten watesing lampah pasinaon, ing pasinaon gesang sesareangan Sang Kristus minangka Sang Guru mboten wonten watesipun. Salaminipun gesang kita punika murid. Wilujeng dados muridipun Gusti Yésus salami-laminipun. Amin.

(wsn-den)



Khotbah Minggu Pra Paska VI

Minggu, 25 Maret 2018

WAOSAN KITAB SUCI

Waosan 1

Yésaya 50:4-7

Tanggapan:

Mazmuz 118:1-2; 19-29

Waosan II:

Filipi 2:6-11

Waosan Injil:

Yohanes 12:12-16

WANTUN NGADHEPI KASUNYATANING GESANG



KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Mboten sadaya tiyang wantun ngadhepi kasunyataning gesang. Wonten sapérangan ingkang éndha. Wonten ingkang nampik. Wonten ingkang nampi kanthi kendel. Wonten ugi ingkang saged nampi ananging kanthi ajrih, was sumelang lan pasip. Sadaya punika gumantung dhateng kayakinan saha prinsiping gesang ingkang dipun andhemi tiyang kasebat.

Joanne K. Rowling, ingkang nganggit buku “Harry Potter” ingkang laris sanget saha naté ngantos dipun damel film, dados conto kadospundi tiyang saged wantun ngadhepi kasunyataning gesang:

Ing warsa 1994 Joanne K. Rowling pegatan kaliyan sémahipun. Prastawa kasebat ndadosaken piyambakipun lajeng dados miskin. Gesangipun namung ngendelaken pambiyantu saking pamaréntah lan mèh kémawon mboten kuwawi nyukani tetedhan kanggé bayinipun ingkang taksih alit. Ananging, sanadyanta mekaten piyambakipun tetep mbudidaya ngupadi panggesangan lumantar kasagedanipun minangka panganggit

cariyos. Piyambakipun ugi mboten "mbucal" bayinipun, ananging tetep ngrimati si bayi kanthi saksaé-saénipun. Piyambakipun tetep nyambut damel sinambi ngrimati bayinipun. Kados mekaten kawontenanipun Rowling tigang taun sakdèrèngipun bukunipun ingkang asesirah "Harry Potter" kacithak wiwitan lan medal dados misuwur.

Nalikanipun nyerat buku cariyos/novèl "Harry Potter" kasebat, Rowling mboten saged tumbas komputer menapadéné mbayar ongkos kanggé ndamel salinan novèlipun kasebat ingkang isi 90 ewu tembung. Piyambakipun namung saged ngetik mawi mesin ketik biasa ingkang dipun darbèki, lajeng dipun kintun dhumateng *penerbit-penerbit/bebadan-bebadan* ingkang nyithak buku. Wiwitanipun, kathah sanget bebadan-bebadan kasebat ingkang sami nampik seratanipun Rowling. Ananging pungkasnipun, wonten satunggaling *penerbit* alit ing London (Inggris) "Bloomsburry" ingkang marangi Rowling wewengan kaping kalih. Punika kelampahan namung awit putranipun pimpinan bebadan kasebat, ingkang umuripun 8 taun, ingkang remen dhateng cariyos ingkang dipun serat Rowling. Kanyata, pambudidayanipun Rowling mboten muspra! Seratan-seratanipun malah dados buku ingkang paling laris, sarta dipun damel film ingkang cacahipun pamirsa saèstu ngédab-édapi.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Kadosdéné Joanne Rowling, saben kita ugi kedah wantun ngadhepi kasunyataning gesang. Saben kita temtu ngadhepi kasunyatan ingkang béda-béda. Wonten tiyang ingkang gesangipun mubrambru, ananging ngorong sih katresnan. Wonten ingkang miskin saha kagubet ing karuwetan. Wonten ingkang mboten saged sekolah ngantos perguruan tinggi saha mboten saged pikantuk padamelan ingkang sembada. Wonten ingkang kedah piyambakan dados tiyang sepuh / *single parent*. Wonten ingkang kepeksa dados randha utawi dhudha amargi dipun tilar pejah sémahipun. Wonten ingkang kedah rekaos mbudidaya murih dedaganganipun saged mlampah sempulur awit kathahipun

tiyang ingkang sami rebat laris. Wonten ingkang kedah ngadhepi prekawis ingkang matumpa-tumpa. Wonten ingkang mboten énggal pikantuk padaleman. Wonten ingkang nggadhahi laré ingkang cacad, lsp.

Pitakènaniipun, "Kadospundi caranipun supados kita saged wantun ngadhepi kasunyataning gesang ingkang mawarni-warni saha pepak kados mekaten? Waosan Kitab Suci wekdal samangké, mirunggan waosan sepisan, kaping kalih saha Injil ngajak kita sinau saking abdinipun Gusti ingkang sinebat ing Kitab Yésaya menapadéné saking Sang Kristus minangka manungsa sejati.

Saking waosan-waosan kasebat, kita sinau bilih supados kita saged wantun ngadhepi kasunyataning gesang ingkang mawarni-warni saha pepak kasebat, pramila sumangga kita:

- (1) **Ngrumaosi timbalaning gesang** ingkang kedah kita lampahi.

Abdinipun Gusti ing Kitab Yésaya ngrumaosi bilih punapa kémawon résikunipun, piyambakipun tetep kedah lan badhé ngumandhangaken karsanipun Gusti. Mekaten ugi ingkang dipun tindakaken Sang Kristus. Panjenenganipun ngrumaosi bilih ancas tujuwanipun Panjenenganipun rawuh ing donya punika inggih supados nebus dosa saha milujengaken manungsa. Pramila résiku sangsara dan seda sinalib dipun lampahi kanthi legawaning manah ngantos pungkasanipun Panjenenganipun dipun mulyakaken déning Allah Sang Rama.

Ngrumaosi timbalaning gesang kados mekaten ugi dipun raosaken déning Joanne Rowling. Piyambakipun ngrumaosi bilih Gusti ingkang paring kasagedan dados juru damel novèl / buku cariyos. Kasagedan ingkang saged asung gagasan kanggé tiyang sanès saha saged dados lantaruning berkah kanggé tiyang kathah. Piyambakipun ugi ngrumaosi bilih jabang bayinipun kasebat ugi peparingipun Gusti, pramila ugi kedah dipun rimati saksaé-saénipun kanthi kebakting katresnan.

Kanthy raos-rumaos ingkang kadosmekaten, anggènipun manungsa wantun ngadhepi kasunyatan punika mboten namung waton wantun. Ananging raos wantun ingkang tuwuhamargi nggadhahi ancas ingkang cetha. Sadaya résiku saha bab-bab ingkang saged tuwuhsaking pandamel sampaun dipun étang-étang saha dipun penggalih kanthy lebet saha premati, satemah raos wantun kasebat saèstu kadhasaran pacawisan ingkang mateng.

(2) ***Yakin: Gusti mesti mitulungi saben tiyang ingkang nindakaken kaleresan***

Yésaya 50: 7 nyerat, "Nanging Pangéran Allah banjur mitulungi Ingsun; mulané Ingsun ora kawirangan. Mulané Ingsun ngiyataké penggalinghingSun kayadéné santosaning gunung parang awit Ingsun uninga, menawa ora bakal kawirangan." Kejawi menika, kayakinan ingkang kadosmekaten ugi ngajak kita supados gesang ing kaleresan ing satengah-tengahing jagad ingkang langkung condhong nebih saking kaleresan. Sang Juru Masmur ing Jabur Masmur 118 ngajak kita ngraos-raosaken bilih Gusti punika saé, sih katresnanipun langgeng ngantos salami-laminipun dhumateng saben tiyang ingkang ajeg nindakaken kaleresan, sanadyan tiyang kasebat kedah nanggel résiku ingkang awrat saha nandang sangsara. Tiyang-tiyang ingkang kadosmekaten badhé sami lumebet ing gapuruning kaleresan. Inggih punika gapuruning Sang Yéhuwah ingkang badhé dipun lebeti tiyang-tiyang mursid. Langkung saking punika, Gusti malah badhé nindakakaken pakaryan ingkang élok wonten ing gesangipun tiyang-tiyang mursid. "Watu kang tinampik déning para juru yasa omah iku wus dadi uger-ugering padon; kadadéyan iku saka ing Pangéran Yéhuwah, sarta élok ing pandeleng kita" (Mas. 118:22-23).

(3) ***Tansah ngangsu daya kekiyatana saking Gusti***

Kita saged ajeg wantun ngadhepi kasunyataning gesang menawi kita tansah ngangsu daya kekiyatana saking Gusti lumantara

sesambutan kita ingkang rumaket kaliyan Gusti. Sang Kristus Sang Manungsa sejati ugi sampun paring tuladha dhumateng kita. Punika saged kita panggihaken ing gesang saha pakaryanipun kalih èwu taun kepengker. Panjenenganipun tansah ngelengaken wekdal sesambutan kaliyan Ramanipun (Mark 1:35; Mat.14:23). Injil Lukas 6:12 malah nélakaken "Kacarita ing nalika samana Gusti Yésus minggah ing gunung ndedonga; nganti sawengi natas anggoné ndedonga."

Bab ingkang mekaten ugi dipuntindakaken déning abdinipun Gusti ing Kitab Yésaya 50. Piyambakipun tansah sesambutan rumaket dhumateng Gusti. Lumantar sesambutan kasebat, piyambakipun ngraos-raosaken kawontenaning dhirinipun saha pakaryan paladosanipun. Yésaya 50:4-5 nélakaken, "Pangéran Allah wus mulang guneman marang Ingsun kayadéné murid, supaya Ingsun bisa nyantosakaké wong kang lemes lesu kalawan tembung. **Saben ésusuk** talunganingSun kapredi ngrungokaké kayadéné murid."

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,
Nalika kita wantun ngadhepi kasunyatanning gesang ingkang pepak saha mawarni-warni kasebat kanthi tigang bab kasebat: Ngrumaosi timbalaning gesang, yakin: Gusti mitulungi tiyang leres/mursid, lan tansah ngangsu daya kakiyatan saking Gusti, pramila kita badhé saged methik wohipun. Serat Filipi 2:6-11 nyariyosaken kadospundi Gusti Allah mulyakaken Sang Kristus ingkang sampun setya saha jangkep anggènipun nindakaken pakaryanipun. Punika nedahaken bilih pambudidaya ingkang kendel wonten ing Gusti badhé nuwuhaken bab-bab ingkang saé saha mulya. Kados ingkang ugi dipun alami Joanne Rowling. Wonten wewarah saé ingkang ngucap mekaten: " Nalika kita mboten wantun ngadhepi kasunyatanning gesang, punika ateges kita ugi mboten wantun ngadhepi kamajengan." Amin.

[mh]



Khotbah Triduum Paska – Kemis Putih

Kemis, 29 Maret 2018

WAOSAN KITAB SUCI

Waosan 1:

Pangentasan 12:1-4 (5-10), 11-14

Tanggapan:

Jabur Masmur 116:1-2, 12-19

Waosan II:

1 Krointus 11:23-26

Waosan Injil:

Yohanes 13:1-17, 31b-35

ÈNGET GUSTI YÉSUS SARTA NYAWIJI KALAWAN KATRESNANIPUN



KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk,

Dinten menika kita sami lumebet ing Kemis Putih. Manut pétangan liturgis, Kemis Putih menika kita pèngeti tigang dinten sadèrèngipun Paska. Manut pétangan liturgis, tigang dinten sadèrèngipun Paska kasebat *triduum*, utawi pèngetan tigang dinten ngajengaken Paska. *Triduum* kawiwitan saking Kemis Putih, Jumuah Adi, Setu sepen sarta Paska.

Ing dinten Kemis sadèrèngipun sinalib, Gusti Yésus ngandika, "Menawa Aku ora mijiki kowé, kowé ora duwé panduman ana ing Aku." (Yoh. 13:8). Ngwijiki suku menika dados cariyos ingkang adi ing kitab Injil. Gusti Yésus, Sang Pamulang, Gusti, Sang Juruwilujeng karsa ngwijiki sukunipun para murid. Sukunipun para murid reged sabab nembé mlampah ing margi ingkang kapenuhan déning bledug sarta sukunipun para murid mboten katutup awit para murid sami ngagem cripu utawi sandhal kanthi jepitan sikil. Pramila sanadyan para murid sampun adus, para

murid tetep reged. Bab menika ingkang ndadosaken Gusti Yésus rumaos prelu ngwijiki sukunipun para murid.

Nalika semanten, para murid dipun wijiki sukunipun supados sadaya rereged ing sukunipun resik. Ing wekdal samangké, Gusti Yésus karsa ngwijiki kita. Panjenenganipun rumaos jijik mirsa rereged ing salabeting gesang kita. Rereged menika awujud dosa. Dosa njalari kita remen gesang ing *gosip* utawi ngrembak tiyang sanès, tumindak ingkang dhatengaken kapitunan tumrap tiyang sanès, nandukaken piawon dhateng sesami, nyimpen kalepatan-ipun tiyang sanès, mboten remen paring pangapunten, sarta lampah gesang ingkang mboten prayogi. Kita asring ngèndelaken rereged wau lestantun kraket wonten ing gesang kita ngantos/ saéngga gesang kita dados reged. Pramila, menawi nalika semanten Gusti Yésus ngandika dhateng para murid-murid-Ipun, "Menawa Aku ora mijiki kowé, kowé ora duwé panduman ana ing Aku." (Yoh. 13:8). Pangandikan menika ugi ingkang dipun ngendikakaken dhateng kita wekdal samangké. Kanthi ngresiki sadaya reregedipun manungsa, Panjenenganipun nger-saaken saben tiyang pikantuk panduman ing Panjenenganipun. Gusti Yésus karsa ngresiki dosa kita kanthi migunakaken rah-Ipun. Piyambakipun ngersakaken supados kita gesang kanthi resik saéngga saget mirsa maknaning gesang peparing-Ipun Gusti.

Para Sadhèrèk,

Dinten menika kita sinau saking Gusti Yésus. Anggènipun Gusti Yésus karsa ngwijiki sukunipun para murid menika nélakaken sedyan-Ipun ngasoraken dhiri. Rawuhipun mboten dados tuwan tumraping manungsa, ananging dados abdi. Kéging menapa Panjenenganipun ngabdi? Gusti Yésus mirsa, kanthi cara makaten manungsa badhé kawijikan lan kapulihaken. Menawi Gusti Yésus mboten kersa ngwijiki utawi mbirat gesang kita, temtu kémawon gesang kita taksih reged déning dosa. Gesang kanthi andhap asor ingkang katindakaken déning Gusti Yésus supados manungsa wilujeng. Gesang andhap asor ingkang katindakaken Gusti Yésus makaten menika ing basa Jawi kasebat "nylondhoh".

Para Sadhèrèk,

Kita ugi manggihaken bilih saksampunipun Gusti Yésus ngwijiki para murid, wonten satunggalan murid ingkang nilaraken Gusti Yésus sarta murid-murid sanèsipun. Murid menika Yudas Iskariot. Menapa maknanipun? Yudas nytingkur saking Gusti Yésus, sasampunipun dipun wijiki déning Gusti Yésus. Yudas Iskariot wangsul ngregedi gesangipun kanthi bleduking dosa. Yudas mboten marem dhateng sadaya berkah utawi ganjaran ingkang sampun dipun paringaken Gusti. Ngraos-raosaken prekawis menika, menapa maknanipun tumrap kita? Saged ugi, kita ingkang sampun dipun resiki déning Gusti Yésus kanthi rah-Ipun, nilar Panjenenganipun sarta ngregedi gesang pribadi kanthi dosa. Pakulinan-pakulinan awon ingkang sampun kita pirengaken sesarengan menika wau saged ugi kita tindakaken wonten ing gesang padintenan.

Para Sadhèrèk,

Dinten menika, kita sinau saking Gusti Yésus. Panjenenganipun andhap asor, suci, lan nucèkaken kita. Pramila sumangga kita nilaraken sadaya reregeding gesang kanthi mbudidaya gesang kanthi saé, kanthi prayogi, sarta nilaraken samukawis pakulinan awon. Kados pundi anggèn kita mudujaken? Ing Injil Yohanes 13:34-35 Gusti Yésus ngandika makaten, "Aku maringi pepakon anyar marang kowé, iya iku supaya kowé padha tresna-tinresnanana; dikaya anggonku wis tresna marang kowé, kaya mangkono uga kowé iya padha tresna-tinresnanana. Kanthi mangkono wong kabèh bakal padha mangerti, yèn kowé padha dadi muridku, yaiku menawa kowé padha tresna-tinresnan."

Para Sadhèrèk,

Dayaning katresnan menika daya ingkang nggesangaken. Dayaning katresnan ngawonaken sadaya pepénginaning gesang ing salebetting dosa. Dayaning katresnan nuwukahen éwah-éwahaning gesang dados prayogi, dadosa kanggé pribadi sarta ing gesang sesarengan. Minangka umatipun Allah, kita katimbalan ngutamakaken keki-yataning katresnan ing gesang sesarengan kaliyan tiyang sanès,

supados kita kaanggep pantes kasebat muridipun Gusti Yésus Gusti, Sang Juruwilujeng, ingkang mbirat dosa kita. Ing dalu menika, sumangga kita sami èngget dhateng Sang Kristus ingkang karsa ngasoraken dhiri ing sangajeng kita sarta ngwijiki suku kita ingkang reged. Sèstu, sadaya ingkang dipun lampahi Sang Kristus ngéramaken. Menapa kita ugi purun nglampahi gesang kados déné ingkang sampun dipun lampahi déning Gusti Yésus? Amin.

(tbg - wsn)



**Khotbah Triduum Paska –
Jumuah Adi**

Jumuah, 30 Maret 2018

WAOSAN KITAB SUCI

Waosan 1:

Yésaya 52:13-53:12

Tanggapan:

Jabur Masmur 22:1-25

Waosan 2:

Ibrani 4:14-16, 5:7-9

Injil:

Yohanes 19:16b-37

**NGRENGKUH
PEJAH KANGGÉ
NGGAYUH
KAMULYANING
GESANG**



KHOTBAH JANGKEP

Sekawandasa pitu (47) pegawé pabrik mercon ing tlatah Kosambi Tangerang, tiwas kanthi kawontenan ingkang nrenyuhaken manah amargi wontenipun bledhosan ingkang ngédab-édabi ing pabrikipun. Tiyang wolu (8) tiwas dipun tabrak déning satunggaling teroris utawi tiyang ingkang tumindak ambeg siya kanthi numpak montor ing kitha New York Amerika Serikat. FAO (*Food and Agriculture Organization*) martosaken kabar wontenipun tiyang selawé èwu (25.000) ing saindenging jagad tiwas amargi bencana keluwèn. Ing saindenging jagad, saben 30 sekon, wonten satunggal tiyang ingkang tiwas amargi kacilakan *lalu lintas* kacilakaning tetumpakan ingkang pating sliri ing satengahing margi. Kawontenan menika nedahaken bilih bab pati makaten mujudaken kasunyatan ingkang boten saged dipun sélaki déning manungsa.

Dinten menika gréja sami nyeksèni sédanipun Gusti Yésus. Prelu kauningan, Gusti Yésus menika salah satunggaling manungsa ing bumi ingkang sédanipun nrenyuhaken. Sayektosipun, boten namung Gusti Yésus ingkang pejah kanthi nrenyuhaken: kasalib

ngantos dumugi tétésan rah ingkang pungkasan. Sadèrèngipun sarta sasampunipun Gusti Yésus, temtu wonten tiyang ingkang dipun pejahi kanthi cara nggegirisi. Prakawisipun sanès bab kados pundi anggènipun séda, ananing kanggé menapa kita ngalami pejah?

Tumrap tiyang kathah, bab pati makaten asring kadadosaken kasunyataning gesang ingkang ngajrih-ajrihi. Pramila, kathah tiyang sami mbudidaya nyélaki pejah dalah sadaya sabab-sababipun. Sabab-sababipun pejah asring dipun gayutaken kaliyan yuswa ingkang sepuh, asring sakit, panandhang, sadaya wau kausahakaken dipun singkiri. Kanthi positif, bab menika ndadosaken kathah tiyang sami ngéwahi pakulinaning gesang kanthi cara gesang ingkang séhat. Ananging, mokal nampik pejah. Pejah menika satunggaliling kasunyataning gesang. Samangké pitakènan ingkang wigati tumrap kita: menawi kita pejah, menapa ancasipun anggèn kita pejah, kanggé punapa kita pejah?

Kathah martir ingkang pejah kanthi nggegirisi. Ananging ancas pejahipun para martir èstu cetha. Para martir pejah karana imanipun dhateng Kristus. Pejahipun para martir ingkang gesang kanthi setya dhateng Gusti nuwuhaken suburipun kapitadosaning murid-muridipun Gusti Yésus. Kathah cariyos bab pejahipun para martir. Salah satunggalipun Polikarpus, uskup ingkang kawentar saking Smirna. Midhèrèk utawi miturut cariyosipun, nalika dipun adili ing satunggaliling kalangan paukuman, Gubernur paring wewengan dhateng piyambakipun supados slamet kanthi murtad, nytingkur saking Gusti Yésus. Para ingkang ngasta panguwaos sami ngandika, "Élingana umurmu, ayo énggal ngucap sumpah ing ngarsané *kaisar*, sabab kaisar iku sesembahan kita. Ayo... dadia wicaksana lan mratobat marang *kaisar*!" Polikarpus paring jawab dhateng para ingkang ngasta panguwaos menika, "wolungdasa nem (86) taun aku ngabdi marang Gusti Yésus, sarta ing samubarang kabèh, Panjenengangipun ora naté gawé kaluputan marang aku. Kepriyé aku bakal cidra marang Gustiku sing nylametaké aku?"

Latuning ukuman sampun murub ngalad-alad. Polikarpus boten purun kaiket. Pasuryanipun nélakaken kawibawanipun, ngantos tiyang kathah sami kagèt. Nalika urubipun latuning ukuman saya ageng, tiyang-tiyang Smirna sami nyipati wontenipun mukijat. Sabab latuning ukuman menika mawujud dados satunggaling *kubah* utawi payon mlengkung, kadosdéné layaring baita ingkang dipun glembungaken angin. Layar menika ngupengi badanipun sang martir. Piyambakipun wonten ing satengahing latu, badanipun kaobong, ananging gandanipun sanès ganda daging ingkang kaobong. Gandanipun kadosdéné roti ingkang arum utawi kados emas sarta péراك ingkang kamurnèkaken ing salebeting latu. "Kita ngambet ganda ingkang arum, kadosdéné wewangèn menyan sarta wewangèn sanèsipun", makaten reraosanipun tiyang-tiyang ingkang sami nyipati sang martir kaobong. "Pramila kita sami ngangkat balung-balungipun, balung-balung menika sakelangkung mulya katimbang sadaya mutiara, sakelangkung pengaji katimbang emas."

Anggènipun Gusti Yésus nglampahi séda, sédanipun kalampahan kanthi ancas utawi sedya ingkang luhur. Panjenenganipun séda krana dosanipun manungsa. Ancasing sédanipun Gusti Yésus kaserat ing Ibrani 10:19, "Kang iku para Sadulur, sarana rahé Yésus, ing samengko kita bisa lumebu ing pasucèn kanthi kendel lan mantep". Pangurbananipun Gusti Yésus damel kita pikantuk margi tumuju dhateng papan pasucèn. Sédanipun séda ingkang milujengaken.

Sédanipun Sang Kristus boten muspra. Yohanes nyerat bab sédanipun Gusti Yésus kanthi cara ingkang éndah. Tembung intinipun pinanggih ing Yohanes 19:28, "Yésus pirsa!" Ing Injil Yohanes, tetembungan menika ugi ugi pinanggih ing Yohanes 13:1 sarta Yohanes 18:4. Amargi Yésus pirsa, Panjenenganipun ingkang nguwaosi lampahing cariyos menika. Pramila, bab sédanipun Gusti Yésus ingkang mesthinipun nggegirisi ing kitab Injil menika malah dados bab adegan utawi péranganing cariyos ingkang ngluhuraken Gusti Yésus. Malah tetembungan ingkang

nyenyamah ing sanggingiling salib malah dados pratandha misuwuripun asmanipun Gusti Yésus. Yohanes nyerat tulisan menika ing basa: Yunani, Latin sarta Yahudi. Sacara *simbolis* utawi pralambang, bab menika ngantebaken bab panguwaosipun Gusti Yésus ing salumahing bakéwan. Basa Yunani minangka basa ing laladan Laut Tengah sarta dados basa ingkang kaginakaken ing babagan seni lan filsafat. Basa Latin minangka basa Imperium Romawi. Bangsa Romawi misuwur ing babagan pamaréntahanipun. Basa Ibrani minangka basanipun tiyang Yahudi ingkang ngandharaken kanthi cetha kapitadosan *monoteisme* utawi kapracayan dhateng Gusti Allah tunggal. Kanthi seratan makaten, Yohanes martosaken bilih panguwaosipun Gusti Yésus menika *universal*, nyrambahи tiyang sadonya.

Dinten menika, kita nyeksèni kamulyan lumantar sédanipun Gusti Yésus. Gusti Yésus paring tuladha dhateng kita menapa ancasipun pejah. Tegesipun, menapa wigatosipun ingkang kita udi ing gesang padintenan kita, ngantos kita labeti kanthi toh pati? Kathahipun arta, lubèring bandha, inggilipun pangkat lan drajad? Menawi kita pejah karana mujudaken bab-bab menika wau, anggèn kita pejah boten dados sarana kaluhuraning Allah. Pejah awit saking kasetyan dhatheng Gusti, tumrap umatipun Allah menika nyuburaken gesangkapitadosan dhateng Kristus. Bab menika boten ateges kita kedah gesang kanthi nandhang sangsara. Kita katimbalan gesang ing kasetyan dumugi ing pungkasaning gesang kita. Bab menika kadosdéné ingkang kaserat ing sabdanipun Gusti, "Sira disetya tuhu nganti tumeka ing pati, lan sira bakal sunganjar makuthaning kauripan". (Wahyu 2:10). Gusti nresnani kita. Amin.

(asp - wsn)



**Khotbah Triduum Paska –
Setu sepi****Sabtu, 31 Maret 2018****WAOSAN KITAB SUCI****Waosan1**

Ayub 14:1-22

Tanggapan:

Mazmur 31: 1-4,15-16

Waosan II:

1 PéMtrus 4: 1-8

Waosan Injil:

Matius 27:57-66

**SIRNANING
PANGAJENG-AJENG****KHOTBAH JANGKEP**

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Sang Kristus,

Punapa naté ketaman raos mboten jenjem, ajrih lan sumelang ingkang nglangkungi saking samesthinipun? Punapa ingkang saged nukulaken raos mboten jenjem, ajrih lan sumelang? Punapa raos mboten jenjem, ajrih lan sumelang saged ndadosaken kita manggih pangluwaranipun? Punapa ingkang saged katindakaken kanggé ngicali raos boten jenjem, ajrih lan sumelang? (Tumrap sadaya pitakènan wau pasamuwan mangsuli ing salebetung manah).

Sumangga kita nggatosaken waosan Injil Matéus 27: 57-66. Ing salebetung raos lan manah ingkang rempu tuwin kécalan pangajeng-ajeng, Maryam Magdaléna lan Maryam sanèsipun linggih ing sangajenging pasaréanipun Gusti Yésus. Sadéréngipun punika, piyambakipun sami sumerep nalika sariranipun Gusti kaandhapaken saking kajeng salib déning Yusuf Arimatéa. Kanthi luh ingkang tansah mili, kados raga ingkang ical otot bebayunipun, sami

maspadakaken anggènipun Yusuf Arimatéa mulasara sariranipun Gusti Yésus. Piyambakipun nggatosaken Yusuf Arimatéa anggènipun ngagemaken mori lan nyarékaken Panjenenganipun ing pasaréan gadhahanipun Yusuf Arimatéa.

Piyambakipun sami mèndel ing sangajenging pasaréanipun Gusti Yésus, lan kadospundi anggènipun Yusuf Arimatéa nutup kubur sarana sela lan nilaraken pasaréan. Para tiyang wau sami mèndel kanthi pangajeng-ajengipun ingkang alon-alon sirna sesarengan dalu ingkang saya peteng. Tetep sami linggih kanthi manah kuwur tanpa pangajeng-ajeng.

Sang Kristus ing pasaréan wau piyambakan. Inggih punika wekdal nalika Gusti nglampahi séda, tumedhak ing teleng palimengan, nglawan panguwaosing pepeteng. Gusti Yésus lumebet ing kawontenan ingkang tanpa pangajeng-ajeng. Panjenenganipun lumebet ing papan ingkang kothonong kanthi sarira kebak tatu lan kasangsaran ingkang katanggal minangka pangurbananipun kanggé manungsa. Memengsahanipun ing alam pejah dados pangajeng-ajeng ingkang jumedhul ing tengahing icalipun pangajeng-ajengipun manungsa ingkang dosa. Gusti Yésus aben-ajeng kaliyan alaming pepejah karana katusnanipun dhateng manungsa, tatusipun dados sarana manungsa nampi pangajeng-ajeng.

Nanging mboten namung bab punika pambudidayanipun Gusti ngadhepi alaming pepejah sinarengan kapitadosanipun para sakabat ingkang ical lan raos sumelang tuwin singidan saking para imam lan tiyang-tiyang Farisi. Para pangajenging imam lan tiyang Farisi sumelang ing bab wungunipun Gusti ingkang naté kapangandikakaken. Para tiyang punika sami nggagas bilih Gusti Yésus lan para sakabatipun sami golonganipun. Piyambakipun sami nginten bilih Gusti Yésus badhé ngginakaken apus-apus lan ngingeraken pawartos kanggé mbuyarakken pawartos ingkang saleresipun. Bab punika pancèn dados pakulinanipun kanggé ngupadi moncering dhiri lan kalenggahan tuwin panguwaos.

Sejatosipun sikepipun para tiyang wau nggamaraken sikepipun tiyang ingkang ugi kécalan pangajeng-ajeng. Tumindak ingkang tanpa landhesan katresnan saking para tiyang ingkang kécalan pangajeng-ajeng saged kalampahan ing gesangipun manungsa. Piyambakipun sami ngginakaken pikiran lan pangudi tuwin rancanganipun. Rancangan ingkang mboten sinarengan ing katresnan ingkang tumemen kanggé umat (tiyang sanès). Ananging tumindak ingkang ngurbanaken tiyang sanès kanggé kapentinganipun piyambak. Piyambakipun boten ngendelaken Gusti. Sumelang lan ajrih ingkang sumberipun saking kapentinganing dhiri pribadi, njalari samidéné mboten jenjem tuwin mboten saged ngendhalèni dhiri pribadi.

Para sadhèrèk ingkang kinasih,
Dinten punika kita ngraosaken dinten Setu Sepi, pangraos punapa ingkang kita bekta ing pangibadah punika? Punapa ingkang saged kita raosaken ing pangibadah punika? Punapa kita saged ngraosaken papan ingkang kothong ingkang ing nglebetipun Gusti nedahaken bab katresnanipun kanggé kita? Katresnan ingkang mbekta éwah-éwahan tumrap kita, supados ing salebet-ing pangajeng-ajeng ingkang ical kita saged sesarengan kaliyan Panjenenganipun ing salebeting pambudidaya ngendhalèni dhiri pribadi, tentreming manah lan pandonga. Amin.

[mp/tk]



**Bahan Khotbah
Paska Subuh****Minggu, 1 April 2018****WAOSAN KITAB SUCI****Waosan 1:**

Para Rasul 10:34-43

Tanggapan:

Mazmur 118:1-2, 14-24

Waosan II:

1 Korintus 15:1-11

Waosan Injil:

Yohanes 20:1-18

**TRESNA, PITADOS LAN
PANGAJENG-AJENG****KHOTBAH JANGKEP**

Pengalamaning gesang ingkang adamel pingget menggahing manah saged dipun tampèni déning sadaya tiyang. Pengalaman kasebat wonten sesambetanipun kaliyan pengalaman ingkang nandhes sanget menggahing olah batinipun, lan njalari thukulipun bab ingkang mboten saé tumraping dhiri pribadi, ing wekdal samangké tuwin ingkang badhé dhateng.

Lelampahan sédanipun Gusti Yésus dados tatu menggahing manahipun para sakabat, mirungganipun tumrap Maryam Magdaléna. Maryam Magdaléna salah satunggaling pawestri, ingkang nyipati wekdal nalika Gusti Yésus séda (Yok. 19:25). Piyambakipun inggih nguntapaken sarira layanipun Gusti Yésus dhateng papan pasaréan, punapa déné tetep nengga ing ngajeng pintu kubur ingkang sampun katutup (mirsanana Mat. 27: 61, Mark 15: 47).

Tumindakipun Maryam ingkang mbudidaya manggèn ing sace-lakipun Gusti ingkang kasalib, nélakaken wujuding katresnanipun dhumateng Gusti Yésus. Katresnan punika ingkang njalari mboten

saged nilaraken Gusti Yésus. Inggih katresnan punika ingkang nyurung Maryam énjing umun-umun, nuwèni malih papanipun Gusti Yésus kasarekaken ing dinten kapisan ing minggu kala samanten (Yok 20:1). Piyambakipun adreng sanget pinanggih kaliyan Gusti Yésus. piyambakipun kepingin sanget wonten ing sacelakipun Gusti Yésus. Ing sisih Sanès, wujuding katresnipun Maryam wau minangka katresnan ingkang mboten saged pinisah, nanging ing sisih Sanès nedahaken bilih Maryam saweg kapeteg karana kasungkawan ingkang lebet. Punika dados pameteg ingkang awrat menggahing lelampaahan ingkang mboten mbingahaken, ingkang naté katampi lan nalika raga inggih mboten kuwagang ngolah lelampaahan wau kanthi saé.

Nalika kita maos Injil Yokanan, kagatosna bilih Injil punika ngewrat bab-bab magepokan kaliyan punapa ingkang saged karaosaken déning manungsa (nyawang, nggrayang, ndamon, mireng lsp) utawi ngener dhateng kahanan ingkang saged dipun raosaken sarana *panca indra*. Nalika Maryam sumerep bilih séla sampun kaglundhungaken saking kubur, piyambakipun mlajar lan nyariosaken dhateng Pétrus lan Yokanan (sakabat ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus), bilih Gusti sampun dipun pendhet déning tiyang. Punika raos ingkang nandhes ingkang dipun raosaken déning Maryam. Pangrudhatin wau njalari Maria kesupèn bilih Gusti badhé wungu. Pangrudhatin nggih dipun raosaken déning Pétrus, Yokanan lan para sakabat Sanèsipun.

Sasampunipun Pétrus lan Yokanan wangsul saking pasaréan, Maryam ngadeg ing sacelakipun pasaréan wau lan muwun. Maryam mboten kuwagang nampi punapa ingkang mentas dipun tingali. Ing wekdal sadèrèngipun nyumerepi kasangsaranipun Gusti Yésus, samangké kedah nyumerepi bilih sariranipun Gusti mboten wonten. Piyambakipun mboten saged ningali malih dhateng Gusti Yésus ingkang dipun tresnani. Piyambakipun mboten saged malih nggrayang sariranipun Gusti. Piyambakipun mboten saged ngraosaken rawuhipun Gusti. Inggih kahanan punika ingkang

njalari Maryam mboten saged maspadakaken bilih Gusti Yésus jumeneng ing sawingkingipun lan nginten ingkang njagi taman.

Maryam nembé gumregah nalika dipun timbali Gusti Yésus kanthi nyebat naminipun, "Maryam" swanten punika kulina sanget ing kupingipun Maryam. Swanten saking priyayi ingkang dipun tresnani lan nresnani piyambakipun. Kasinggihan, punika swantenipun Gusti. Maryam mireng lan tumunten minger dhateng Gusti Yésus. Nalika minger punika dados bab ingkang wigati dipun raosaken. Mingeripun Maryam Magdaléna minangka sedyaning manahipun kanggé nyumerepi bab ingkang anyar ing gesang punika inggih punika wungu. Mingeripun wau lajeng mratandhani tanggapanipun dhumateng timbalanipun Gusti Yésus. Piyambakipun pitados bilih Gusti wungu.

Kapitadosan dhumateng Gusti ingkang wungu adamel Maryam lajeng tumindak. Piyambakipun kepengin nggepok sariranipun Gusti, malah badhéngrangkul. Piyambipun sanget anggènipun kapang dhateng Gusti ingkang dipun tresnani. Nanging émanipun, Gusti Yésus mboten karsa kagepok déning Maryam ingkang mbludag raosing manahipun. Bludaging manah jalanan sake-langkung bingah punika saged nyencang. Sikep nyencang punika punika arupi sikep bilih katresnanipun Gusti namung kanggé dhirinipun, piyambakipun kesupen bilih katresnanipun Gusti kanggé tiyang kathah.

Maryam nanggapi katresnanipun Gusti lan Gusti inggih anam-péni. Katresnan makaten wau kedah dipun edumaken. Awit saking punika Gusti Yésus ngersakaken Maryam martosaken dhateng para sakabat sanèsipun. Kanthi ukara sanès, Gusti Yésus ngersakaken Maryam ingkang sampun kapulihaken saking pangrudhatinipun saged mulihaken pangrudhatinipun para sakabat sanèsipun. Pulihipun Maryam kepareng ngéwahi katresnanipun Maryam dhumateng Gusti. Katresnanipun Maryam dhumateng Gusti mboten dados katresnan ingkang nyencang, ananging katresnan ingkang rila lan dundum pangajeng-ajeng

kanggé tiyang sanès (késah mengker saking Gusti Yésus lan martosaken dhateng kanca-kancanipun)

Para sadhèrèk,
Panjenengan lan kula dipun tresnani Gusti. Ing dinten Minggu Paska punika, Panjenenganipun nimbali kita. Panjenenganipun ngersakaken kita ngraosaken wungunipun. Punapa kita taksih mangu-mangu dhateng wungunipun? Wonten ing waosan rasuli, kita sumerep ing gesangipun pasamuwan Korinta taksih pinanggih tiyang-tiyang ingkang mangu-mangu. Kénging punapa piyambakipun dèrèng pitados dhateng Gusti ingkang wungu? Piyambakipun mangu-mangu jalaran dèrèng ngraosaken katresnanipun ingkang wetah. Makaten ugi menggahing Pétrus, piyambakipun taksih mangu-mangu nalika mireng dhawuh ingkang kapangan-dikaaken Gusti bab wungunipun. Piyambakipun taksih mangu-mangu jalaran namung ngeneraken dhateng dhiri pribadi.

Minggu Paska punika ngatag kita sadaya supados sami nanggapi katresnanipun Gusti. Tanggapan dhumateng katresnanipun punika dados wujuding kapitadosan kita dhumateng Panjenenganipun. Pitados dhumateng Gusti Yésus nuwuhaken greget tumraping gesang kita, supados kita gadhah pangajeng-ajeng. Pangajeng-ajeng ing Sang Kristus nyantosakaken, ngiyataken, lan njalari kita langkung kendel ningali dinten ngajeng.

Sugeng Paska, sugeng ngraosaken gesang ing salebetting katresnan, pitados lan ngajeng-ajeng. Amin.

[tbg/tk]



**Bahan Khotbah
Paska Sonten****Minggu, 1 April 2018****WAOSAN KITAB SUCI****Waosan 1:**

Yesaya 25:6-9

Tanggapan:

Mazmur 114

Waosan II:

1 Korintus 5:6b-8

Waosan Injil:

Lukas 24:13-49

**METHUKAKEN
PANGAJENG-AJENG****KHOTBAH JANGKEP**

Pangajeng-ajeng punika kuncinipun gesang. Punapa kémawon ingkang kita tindakaken, punika kadhasaraken ing pangajeng-ajeng. Umpaminipun: pak tani nanem pantun, karyawan tangi énjing bidhal nyambut damel, laré bidhal sekolah lsp. Sadaya wau kasurung déning pangajeng-ajeng. Minangka conto kémawon, laré sinau kanthi pangajab sageda kuliah ing universitas ingkang kondhang. Laré lajeng kuliah kanthi saé supados bénjing saged nyambut damel kanthi saé. Kita nyambut damel kanthi pangajeng-ajeng brayat saged kacekapan, lan salajengipun. Awit saking punika kita saged ngraosaken kadospundi prihatosipun menawi gesang tanpa pangajeng-ajeng.

Punika ingkang kalampahan tumraping sadhèrèk kita, Kléopas lan kancanipun ingkang mboten kasebataken naminipun. Kénging punapa mboten kasebataken? Mbokbilih Kléopas minangka warga pasamuwan wiwitan ingkang pinunjul. Nanging saged ugi minangka caranipun Lukas ingkang ing semu ngajak para maos nyami warni kaliyan tiyang ingkang lumampah sesarengan kaliyan Kléopas. Dados saged kita waos Kléopas lan kita. Kasinggihan,

Kléopas lan kita minangka tiyang ingkang kécalan pangajeng-ajeng tuwin wangsul dhateng kampung asalipun kanthi lemes. Punika ingkang nama lumampah ing salebetung kahanan pedhot pangajeng-ajeng jalanan, “Mangka kula sadaya kala rumiyin sami gadhah pangajeng-ajeng, inggih Panjenenganipun punika ingkang rawuh badhé ngluwari bangsa Israel” (Luk 24:21). Pratéla punika nedahaken wontenipun raos kuciwa awit Gusti Yésus mboten minangkani panyuwunanipun. Cetha punika dados lampah ingkang sanget mboten mbingahaken. Manah ingkang sedhilih (Luk 24: 17) nyarengi anggènipun sami jumangkah wangsul. Tebihipun papan ingkang katuju 7 mil (ing Kitab Suci seratan basa Yunani kasebataken suwidak *stadia*. Satunggal “*stadia 600 kaki*”, kirang langkung 7 mil, utawi 11,2 km) punika temtu karaos tebih. Kécalan pangajeng-ajeng ndadosaken tiyang nglokro. “Kanggo apa aku urip, yen mung kaya ngéné?”

Ananging, Gusti Yésus ingkang wungu punik mengku panguwaos. Panjenenganipun rawuh ing tengahing Kléopas lan kancanipun ingkang katelasan pangajeng-ajeng, déné tiyang kekalih punika sami mboten mangretos. Ing ngriki kita sinau, Panjenenganipun tansah rawuh ing sadhengah kahananing gesang kita, nanging rawuhipun asring kanthi cara ingkang mboten kita kinten.

Ing tengahing lampah ingkang mboten mbingahaken wau, Gusti Yésus rawuh minangka tiyang manca. Dhatengipun tiyang manca wau mboten ngagetaken Kléopas lan kancanipun. Mbokmenawi tiyang ingkang nembé wangsul saking nindakaken riyadi ing Yerusalem. Cathetan Injil, Gusti Yésus séda ing wekdal ndungkap dinten Paska Yahudi. Dados inggih limrah menawi tiyang saged wangsul sareng lajeng sami wawan pangandikan. Ingkang mirunggan ing cariyos punika, wawan pangandikan kasebat kanyata ageng sanget dayanipun. Wawan pangandikan ingkang mboten namung minangka ngisi wekdal. Wawan pangandikan ingkang yektinipun nglencengaken wawasan. Ingkang eneripun dhateng Kléopas lan kancanipun ingkang telas pangajeng-ajeng.

Awit saking punika Gusti Yésus ngersakaken para tiyang wau nyariosaken pengalaman lan raosing manahipun. Kanthi paring pitakènan-pitakènan supados wawan pangandikanipun langkung lebet. Ing pungkasanipun kawruh bab piwulang-piwulangipun Gusti Yésus sami dipun ènget malih. Lukas mratélakaken, “Tumuli padha diparingi katrangan bab sabarang kang wis katulisan ing Kitab Suci kabèh tumrap Panjenengané, wiwit kitab-kitabé Nabi Musa lan kitab-kitabé para nabi.” (Luk 24: 27). Sayektinipun, lelampahan ingkang nggesangaken pangajeng-ajeng.

Sabaresipun, kathah ing antawis kita ingkang katelasan ing pangajeng-ajeng, kadosdéné para sakabat ing waosan punika. Nanging gumrégha, bilih Gusti Yésus ingkang kita pitados punika wungu! Menawi Gusti Yésus kanthi panguwaosipun wungu, pramila mboten wonten prakawis ingkang mokal. Panjenganipun kawasa nindakaken samukawisipun. Awit saking punika sampun kuwatos tumrap gesang kita. Tansaha ndarbèni pangajeng-ajeng wonten ing Gusti Yésus. Sakabat kekalih wau wangslu malih kanthi manah ingkang bingah, piyambakipun sami nggadhahi pangajeng-ajeng. Punapa kémawon prakawising gesang kita, gumrègha! Dèn ènget bilih kita taksih gadhah Gusti ingkang mahakawasa. Darbènana pangajeng-ajeng wonten ing Gusti Yésus ingkang sampun wungu punika lan dundum dhateng sesami ingkang kawengku ing kaprihatosan. Éngeta bilih kita katimbalan supados andum pangajeng-ajeng!

Lumampah sesarengan kaliyan Gusti Yésus saged ngéwahi sakabat kelalih kasebat. Narik kawigatosan kita bilih Lukas nyebataken kanthi ukara, “Panjenengané banjur mbuka pikirané wong-wong mau supaya padha ngreti marang Kitab Suci.”(ay. 45). Ing ngriki kita kasumerepaken bilih pangretosan inggih kaanggep wigati tumrapipun Gusti. Punika sababipun kita saged nampi pamanggihipun Ansèlmus, satunggaling Bapa Gréja: “*Fides Quaerens Intellectum (iman mencari pengetahuan* kapitadosan ngupadi seserepan/pangretosan)”. Awit saking punika para sakabat kasebat wangslu malih kanthi suka bingah.

Samangké sampun samidéné ndarbèni pangajeng-ajeng anyar. Gusti Yésus sampun wungu!

Nanging, pangajeng-ajeng pancèn Sanès prakawis ingkang gampil. Andar Ismail, wonten ing bukunipun *Séri Selamat* ngandharaken wonten tigang bab ingkang wigati nalika kita ngajeng-ajeng. Sapisan, pangajeng-ajeng punika mbetahaken wewaton utawi dhasar. Tanpa wewaton pangajeng-ajeng badhé namung dados untung-untungan, mboten béda kaliyan *judi*. Minangka conto, waspadakna pak tani, pak tani punika anggadhahi wewaton, sabab cetha bilih pengalaman kaliyan seserepan nedahaken sadaya kawontenanipun pinanggih saé, winih ingkang katanem badhé tuwuh ngrembaka lan ngedalaken woh. Pangajeng-ajeng kita sanès tanpa wewaton. Wungunipun Gusti Yésus punika kasunyatan ingkang mboten saged dipun sélaki. Kita mboten saweg ngimpi. Kuburipun Gusti saèstu kosong!

Kaping kalih, pangajeng-ajeng punika kedah sinarengan pambudaya ingkang nyata lan pener. Tanpa pambudaya, pangajeng-ajeng namung dados wewayangan tanpa kasunyatan. Pak tani nyambut damel kanthi mempeng. Damel pasitèn gembur, sregep nyebar pupuk lan sanèsipun, supados winih ingkang dipun tanem tuwuh. Pambudaya kedah laras kaliyan kasagedan tuwin punapa ingkang dipun gegadhang. Menawi kita mboten kiyat macul inggih mboten sisah dados juru tani. Menawi kita nanem pantun inggih lajeng sampun ngantos kadoseéné ingkang ngingah kéwan. Sampun ngantos kita kepengin dados pilot menawi ajrih ing papan ingkang inggil. Sampun ngantos dados jurumudi baita menawi kita mboten saged nglangi.

Kaping tiga, pangajeng-ajeng kedah ancik-ancik wonten ing bab ingkang salimrahipun. Limrahipun wekdal, menawi nanem pantun punika mbetahaken wekdal gangsal wulan upaminipun, inggih sampun lajeng ngajeng-ajeng satunggal minggu sampun panen. Limrah menggahing kasil. Pinten siti ingkang kita gadhahi, menawi namung satunggal meter inggih sampun lajeng

ngajeng-ajeng medalipun satunggal ton. Tanpa bab ingkang salimrahipun kasebat, pangajeng-ajeng badhé namung nguciwani.

Pangajeng-ajeng ingkang kados makaten punika ingkang kedah kita edumaken dhateng sakathahing tiyang ingkang pedhot pangajeng-ajengipun, ingkang sangsaya kathah ing sakiwattengen kita. Pangajeng-ajeng ingkang ngéwahi gesangipun manungsa.

Sugeng nindakaken gesang ing salebeting pangajeng-ajeng. Amin.

[asp/tk]



Tata Panembah



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-
piyambak**



Bahan Liturgi**Rebo Awu****Rebo, 14 Februari 2018**

Katrangan:

PL : Pelados Liturgi
 L : Lektor
 U : Umat
 P/D : Pinisepuh/Dhiaken
 PS : Pelados Sabda

**PAMRATOBAT
SAKING
TELENGING MANAH**

**PACAWISAN**

- Pandonga pacawisan ngibadah.
- Panyumeting lilin.
- Pamaosing Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.
- Wekdal ening kagem umat.

A. UMAT MAKEMPAL**MAKEMPAL****[lenggah]**

PL : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Dinten punika kita lumebet ing mangsa Pra Paska. Kanggé miwiti mangsa Pra Paska, kita nengeri kanthi pangoséran awu. Pangoséran awu ingkang kita tampeni punika lambang cumawising gesang kita kanggé nindakaken pamratobat lumantar pasa ngendhalèni dhiri. Kanthi mirunggan dinten punika kita badhé makempal sesarengan kanggé nggegilut wigatosing pamratobat tuwin pasa. Ing pangajab, mugi mangsa Pra Paska punika saged dados mangsa mawas dhiri.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, sadaya ingkang kita tindakaken mugi ngener dhateng

Gusti Allah. Panjenenganipun piyambak ingkang mirsani pamratobating gesang kita. Awit saking punika, sumangga kita mirengaken timbalanipun Gusti.

KIDUNG MAKEMPAL

[jumeneng]

(*Juru musik lajengan miwiti kanthi introlude KPJ 64 utawi KPK BMGJ 44, umat ngrepèkaken KPJ 64:1, 2 utawi KPK BMGJ 44:1, 2)*

KPJ 64 WONG DOSA REMPU ATIMU

Do=F 6/4

- 1) Wong dosa rempu atimu, nlangsanana dosamu,
Mbokya ngungsing mring Gusti mesthi kinarya suci.
Reffr. : Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdaNya,
pasraha jiwa raga.
- 2) Hé, wong kang ilang kesasar, saparanmu kapirsan.
Gusti nglari Ian nimbali, bakal karsa nulungi.
Reffr. : Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdaNya,
pasraha jiwa raga.

VOTUM

[jumeneng]

PS : Pitulungan kita punika wonten ing Allah ingkang nitahaken langit, bumi, saha saisinipun.

U : (*ngrepèkaken*) AMIN, AMIN, AMIN!

SALAM

PS : Katresnanipun Sang Kristus njangkung gesang panjenengan.
U : Ugi njangkung gesang panjenengan.

DONGA PEMBUKA

[lenggah]

PL : Para sadhèrèk, sumangga kita nyawisaken dhiri ing salebetung pandonga:

Dhuh Allah ingkang lubèr ing Sih-Katresnan, kawula memuji ngluhuraken Paduka amargi Paduka maringi mangsa

Pra-Paska punika dhateng kawula, supados kawula ngraos-raosaken pakaryaning kawilujengan ingkang Paduka tindakaken kanggalé kawula. Kawula mugi Paduka wulang nyawang pakaryan Paduka ing salebetung pitados, ngantos menawi kawula kedah nglampahi pasa, kawula lampahi kanthi tulusing manah. Kawula mugi Paduka wulang supados tansah ngeneraken manah dhumateng Paduka ingkang pirsa kawontenan kawula sawetahipun. Amin.

KIDUNG PAMUJI

(*Juru musik lajengan miwiti kanthi introlude KPJ 64 utawi KPK BMGJ 44, umat ngrepékaken KPJ 64:3, 4 utawi KPK BMGJ 44:3, 4).*

KPJ 64 WONG DOSA REMPU ATIMU

Do=F 6/4

- 3) Gusti kwasa, mahamirah nresnani sagung jalma.
Mula dèn énggal mareka, mesthi tan nampik sira.
Reffr. : Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdaNya,
pasraha jiwa raga.
- 4) Sira kaancam ukuman laknat wit dosanira,
nuli énggal umareka, tinebus ing rah adya.
Reffr. : Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdaNya,
pasraha jiwa raga.

B. PALADOSAN SABDA

PANDONGA PALADOSAN SABDA
(*Katuntun déning PS*)

[lenggah]

PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan Kapisan

L 1 : (*Maos*) **Yoèl 2: 12-18** (*dipun pungkasi kanthi ukara*):
“Mekaten pangandikanipun Gusti!”

U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Kaping Kalih

L 2 : (*Maos*) **2 Korintus 5: 20 - 6: 2** (*dipun pungkasi kanthi ukara*): “Mekaten pangandikanipun Gusti!”

U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

PS : (*Maos*) **Matius 6: 1 - 6, 16 - 18** (*dipun pungkasi kanthi ukara*): “Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Pangandikanipun Gusti Allah saha ngéstokaken. Hosiana!”

U : (*Ngrepèkaken*) **Hosiana! Hosiana! Hosiana!**

KHOTBAH

PS : “**Pamratobat Saking Telenging Manah**”

KIDUNG ENING

(*Juru musik lajengan miwiti kanthi introlude KPJ 56 utawi KPK BMGJ 42, umat ngrepèkaken KPJ 56:1-3*)

KPJ 56 MULIHA ANGGÈR

Do=Es 4/4

- 1) Muliha anggèr, muliha dèn énggal!
Paranmu wus adoh, lakumu kesasar.
Adhuh cilaka anggèr muliha! Dèn énggal muliha!
- 2) Élinga sira, wong dosa tobata.
Ramamu kang asih nganti klawan sedhih.
Adhuh, cilaka sira wong dosa, dèn énggal tobata.
- 3) Tobata sira, wong dosa nlangsaa!
Suwarga omahmu, naraka satrumu.
Adhuh, cilaka sira wong dosa, nging Allah ngaksama.

PANGOSÈRAN AWU*[jumeneng]*

PS : Para sadhèrèk ingkang kinasih, sadèrèngipun katindakaken pangosèran awuning pamratobat, sumangga kita langkung rumiyin ndedonga: Dhuh Allah Rama ingkang Maha Asih, Paduka nitahaken kawula saking lebuning bumi, saha ing satunggaling wekdal kawula ugi badhé wangsul dados lebuning bumi malih. Mugi awu punika ugi kepareng dados pratandhaning panelangsa tuwin pamratobat kawula. Sanalika ugi ngémutaken kawula bilih namung lumantar salibipun Sang Kristus, kawula èstu-èstu nampèni pangapuraring dosa, kawilujengan, tuwin gesang langgèng. Ing Asmanipun Gusti Yésus, Juruwilujeng kawula, kawula ndedonga. Amin.

[PS ingkang badhé ngosèr-osèri awu, langkung rumiyin palarabanipun dipun osèri awu déning salah satunggaling pinisepuh]

PS : Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, kula ngaturi warganeting pasamuwan maju dhateng sangajenging mimbar lan nampèni pangoséran awu minangka pratandhaning panelangsa, pratandhaning pamratobat, lan pratandhaning cumawis nyingkur dhiri pribadi lan ndhèrèk ngetut wingking Gusti Yésus.

PS : “..... padha mratobata, lan pracayaa marang Injil.” (Markus 1:15b) *[kaucapaken saben ngosèr-osèri awu ing palarabanipun warganeting pasamuwan]*

[Urut-urutanipun: Pinisepuh lan Dhiaken, Palados-palados Pasamuwan (Pengurus Komisi), Umat. Ing salebetipun nindakaken pangoséran awu, prayogi dipun irangi lelagon musik utawi instrumentalia KPJ 56]

PANGAKENING PITADOS*[jumeneng]*

P/D 1: Kanthi nyèlèhaken asta tengen kita ing jaja kita sisih kiwa, sumangga kita ngènget-ènget pangaken dhateng

baptisan kita selaras kaliyan Pangaken Pitados Rasuli
ingkang makaten:

[Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli]

PANDONGA SYAFAAT
[katuntun déning PS]

[lenggah]

C. PALADOSAN PISUNGSUNG

TIMBALAN CAOS SOKUR

P/D2: Gusti Allah punika Asih-mirma saha welasan. Ing sih-Ipun kita dipun timbali supados nglairaken katresnan. Lumantar pisungsung ingkang kita unjukaken dhumateng Gusti Allah, kita dipun wulang supados dhemen andum berkah kanthi tulus kadosdéné Gusti Yésus ngandika,

“Nanging menawa kowé dedana, tanganmu kiwa aja nganti sumurup apa kang ditindakaké tanganmu tengen.” (Matius 6:3)

KIDUNG PAMUJI SOKUR

(Umat ngrepèkaken KPJ 161:1 utawi KPK BMGJ 187:1)

KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

Do=D 4/4

- 1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,
kamulyaning Pangéran.

*(Salebetipun kanthong pisungsung kaladosaken, prayogi
dipun irangi lelagon musik utawi instrumentalia KPJ 161
ngantos kanthong purna kaladosaken, kapungkasan umat
jumeneng saha ngrepèkaken KPJ 161:2)*

KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

Do=D 4/4

- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki nampèni sihing Gusti,
nampèni sihing Gusti.

PANDONGA PISUNGSUNGP/D2: (*Nuntun pandonga pisungsung*)*[jumeneng]***D. PANGUTUSAN LAN BERKAH****KIDUNG PANGUTUSAN**

(*Umat kanthi jumeneng sesareengan ngrepèkaken KPJ 124:1-3
utawi KPK BMGJ 81:1-3*)

[jumeneng]

KPJ 124 KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

Do=C 3/4

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèng janji tan, wigih karibedan,
Reffr. : Dhuh nyawaku ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci,
Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti nganthy kula,
Reffr. : Dhuh nyawaku ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 3) Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya,
mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja,
Reffr. : Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

PANGUTUSAN

[jumeneng]

- P : Para sadhèrèk, kula aturi lumebet ing mangsa pamratobat lan pasa kanthi mandeng dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Asih.
- U : Kawula badhé nyawang katresnanipun Gusti Allah**
- P : Katindakna kanthi manah ingkang tulus sinambi ngluhuraken Gusti Allah
- U : Puji sokur konjuk Gusti Allah**
- P : Pinujia Gusti Yésus Kristus
- U : Samangké dumugi salami-laminipun.**

BERKAH

[jumeneng]

- PS : "Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé, lan ngayomana kowé; Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé, lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulake wadanané marang kowé, lan maringana tentrem rahayu." (Wilangan 6:24-26)
- Amin.
- U : (ngrepèkaken) Hosiana! (5x), Amin! (3x)**

(asy-den)



Liturgi Minggu Pra Paska I

18 Februari 2018

Katrangan :

Psw : Pasamuwan

Prdt : Pradataning
pasamuwan

L : Lèktor

PS : Palados Sabda

NGGEGELUT INGKANG SAÉ LAN INGKANG AWON



PECAWISAN

- PANDONGA PECAWISAN PANGIBADAH
- PROSESI LILIN MINGGU PRA PASKA I
- PAMAOSING POKOK-POKOK PAWARTOS PASAMUWAN
- WEKDAL ENING PASAMUWAN
- *Lonceng kaungelaken, pasamuwan jumeneng lan ngidungaken KPK 29: 1-2.*

KAMULYANIPUN GUSTI

1. Adhuh Gusti lamun kula nyipati
lintang abyor ing dalu kang sepi
Wah gumlegering gludhug ing akasa
kula ngungun gunging kamulyanta
*nyawa kula nya sumyak sung puja
yekti Allah Mahakwasa
nyawa kula nya sumyak sung puja
yekti Allah Mahakwasa*
2. Lamun nlasak tengahing wana wasa
Sato peksi kekidungan ramya,
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
Bra gumelar sesawangan adi

*nyawa kula gya sumyak sung puja
yekti Allah Mahakwasa
nyawa kula gya sumyak sung puja
yekti Allah Mahakwasa*

(*Nalika pasamuwan ngidung, PS lan Prdt lumebet ing papan pangibadah, tumuju ing panggènanipun piyambak-piyambak*)

VOTUM & SALAM

PS : Pangibadah Minggu Pra Paskah I punika kalandhesan pangaken kita sami bilih pitulungan kita punika pinangkanipun saking asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit lan bumi.
Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yésus Kristus wontena ing Panjenengan (kita) sadaya!

Psw : (ngidungaken) Amin, amin, amin.

RÈFLÈKSI PANGAKENING DOSA (*pasamuwan lenggah*)

PS : Para sadhèrèk kinasih, Gusti Allah ngersaaken supados kita sami tansah kiyat santosa ngadhepi sadaya panggodha lan tetandhinganing gesang. Ananging sumangga kita titi priksa, kados pundi kita asring madeg mangu mujudaken kasetyan kita ing margining kayekten. Kanthi jujur kita ngakeni bilih kita asring kapilut déning panggodhaning Iblis. Émanipun, kita namung mandheg wonten ing pangraosing manah bilih kita punika namung manungsa ringkih ingkang limrah nalikanipun kita saweg dhumawah ing panggodha! Wusananiipun, kita malah dados sangsaya ringkih lan mboten nggadahi adreng nindakaken kesaénan, mbudidaya ngener dhateng karsanipun Gusti. Utawi kosokwangslipun, kita rumaos saged ngadhepi sadaya

panggodha ananging wusananipun ugi kawon awit namung ngendelaken kakiyatan kita piyambak. Pramila, sumangga kita nitipriksa manah kita piyambak-piyambak, ngakeni sadaya dosa tuwin kalepatan kita, sarta nyadhong sih rahmatipun Gusti!

(wekdal ening, pasamuwan atur pandonga secara pribadi sarta nYènyuwun sih pangapunten saking Gusti. Salajengipun, PS nglajengaken RÈFLÈKSI PANGAKENING dosa kanthi pandonga mirungan)

PS : Sumangga kita sami ngidungaken **KPK 54: 1-3!**

NYUWUN AKSAMA

1. Dhuh Gusti kang Mawilasa mugi paring aksama
Kula getun dé klepatan nglawan dhateng Pangéran
Ngirwakken dhawuh Paduka manut hardaning dosa
Temah tan ngraosken tentrem tebih sing gesang langgèng
2. Dhuh Gusti kang Mahatresna mugi ngruwat kawula
Temah kula dados suci tetunggilan lan Gusti
Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara
Pengajeng-ajeng binuka ngener mring Allah Rama
3. Dhuh Gusti kang Mahakwasa mugi nuntun kawula
Ngambah ing margi utami mbangun turut mring Gusti
Nyingkur mring karsèng pribadi wit kwasaning Roh Suci
Nglawan kapincuting donya mrih raharja slaminya

PAWARTOS SIH RAHMAT

(pasamuwan jumeneng)

PS : Rahayu sadaya tiyang ingkang mboten mangkotaken manah ing dosa lan purun nampèni sih rahmating Gusti! Sumangga kita tampèni pawartos sih rahmating Gusti ing kitab **Yésaya 41: 10:** "...sira aja wedi, sabab Ingsung ngantri marang sira, sira aja melang-melang, awit Ingsung iki Allahira. Ingsung bakal nyantosakaké,

*malah bakal nulungi sira; Ingsun bakal nganthingi sira
kalawan astaning-Sun tengen kang njalari menang.”*

Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti!

Psw : Konjuk sokur dhumateng Gusti!

*(pasamuwan samijawat asta lan mungelaken “tentrem
rahayu ing Panjenengan!”)*

PS : Sumangga kita ngaturaken pamuji sokur dhumateng
Gusti kanthi ngidungaken **KPK 129: 1,3.**

TANSAH BINGAH

1. Tyas kita sèstu raharja sinung kabegjan nyata
Déné Allah Kang Makwasa nganggep putra mring kita
Mara tansah bungah-bungah wit tinunggil lan Allah
Sarta ngambah dalaning pepadhang kang dugèng kasampurnan.
3. Yèn kita nytingkur Pangéran nèng ati was sumelang
Nging yèn sumuyud mring Allah tinuwukken ing berkah
Mara tansah bungah-bungah wit tinunggil lan Allah
Sarta ngambah dalaning pepadhang kang dugèng kasampurnan.

PELADOSANING SABDA

(pasamuwan lenggah)

- PANDONGA EPIKLESE (DÉNING PS)
- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan Sepisan

Lektor : (maosaken **Purwaning Dumadi 9: 8-15**)
Mekaten sabdanipun Gusti!

Psw : Puji sokur konjuk Gusti!

Jabur/Mazmur Tanggapan

Lektor : (maosaken utawi ngidungaken **Jabur 25: 4-9** secara
litany utawi gegantosan kaliyan pasamuwan).

Waosan Kaping Kalih

Lektor : (maosaken **1 Petrus 3: 18-22**)

Mekaten sabda pangandikanipun Gusti!

Psw : Puji sokur konjuk Gusti!

Pamaosing Injil

PS : Pamaosing Injil kita pendhet saking **Markus 1: 12-15**.

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu sadaya tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindakaken ing gesang sapadintenan. Hosiana!

Psw : (ngidungaken) HOSIANA, HOSIANA, HOSIANA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING
- PANDONGA SYAFAAT

PANGAKENING PITADOS

(*pasamuwan jumeneng*)

PS : Sumangga kaliyan sadaya tiyang pitados ing salumahing bumi punika, kita sami nglairaken kapitadosan kita kanthi ngucapaken SAHADAT KALIHWELAS sesareangan:

PISUNGSUNG PANGUCAP SOKUR

(*jemaat duduk*)

PS : Sumangga kita ngaturaken panuwun ing ngarsanipun Gusti lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken sesareangan. Sumangga kita caos pisungsung kanthi ngraos-raosaken sabdanipun Gusti lumantar Rasul Paulus ing **Roma 12:1**, “*Kang iku para sedulur, marga saka sih kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati.*”

Anggèn kita atur pisungsung punika sumangga kita sarengi kanthi ngidungaken **KPK 187: 1-4**

PISUNGSUNG JIWA RAGA

1. Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta
Mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran
Kamulyaning Pangéran
2. Tangan suku kawula nindakken pakaryannya
Mrigh sesami basuki nampèni sihing Gusti
Nampèni sihing Gusti
3. Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat
Temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
Datan kendhat pinuji.
4. Bandha lan kasugihan, wekdal lan kasagedan,
Nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata
Dadya pisungsung nyata.

*(Pradataning pasamuwan ngaturi pasamuwan jumeneng, lan
mimpin pandonga pangucap sokur, kalajengaken PANDONGA
RAMA KAWULA sesarengan)*

PANGUTUSAN

- PS : Gusti nimbali kita sami supados nglawan sadaya panggodha!
 Psw : *Mugi Paduka nyagedaken kawula sami, dhuh Gusti!*
 PS : Gusti ngersakaken supados kita sami mbudidaya nindaaken
kesaanán!
 Psw : *Mugi Paduka nyagedaken kawula sami | setya tuhu ing
margining kayekten, dhuh Gusti!*
 PS : Sumangga kita sami ngaturaken kesanggeman kita
manunggil kaliyan Gusti kanthi ngidungaken KPK145: 1-3!

NUNGGIL KALIYAN GUSTI

1. Yèn nunggil lan Gusti rinten dalu
Manah langkung tentrem arahayu
Kula angantya Gusti ratri klayan rina
Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti kula
2. Yèn nunggil lan Gusti jro ginodha,

Kula mesthi unggul nglawan dosa
Kula angantya Gusti ratri klayan rina
Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti kula

3. Yèn nunggil lan Gusti kasisahan,
Mantun kagentosan kabingahan
Kula angantya Gusti ratri klayan rina
Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti kula

BERKAH

PS : Sumangga kita mengkeraken papan pangibadah punika
kanthi tentrem rahayu, kinanthènan berkahipun Gusti:
Sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus lan sihipun Allah
Sang Rama tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci,
nunggila ing para sadhèrèk (kita) sadaya.” Amin.

Psw : (ngidungaken) HOSIANA [5x] AMIN [3x].

(ohpn)



Bahan Liturgi
Minggu Pra Paska II

Minggu, 25 Februari 2018

Katrangan :

PL : Pelados Liturgi

L : Lèktor

U : Umat

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PS : Pelados Sabda

GESANG
DÉNING PANGANDEL



PACAWISAN

- Pandonga pacawisan ngibadah.
- *Prosesi (iring-iringan) lilin Minggu Pra Paska II.*
- Pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan.
- Wekdal ening pribadi.
- Loncèng kaungelaken.

A. UMAT MAKEMPAL

PL : Ngaken dados tiyang pitados dèrèng temtu gesang manut kapitadosanipun dhateng Gusti Allah. Serat Yakobus 2:26 nélakaken,

“Sabab kayadéné badan tanpa roh iku mati, mangkono uga iman tanpa panggawé iku iya mati.”

Lumantar pangibadah Pra Paska kaping kalih punika, sumangga kita kanthi andhap-asoring manah sowan ing ngarsanipun Gusti Allah, supados gesangsing kapitadosan kita dipun sampurnakaken déning Gusti Allah lumantar kekidungan, pamaosing Kitab Suci, tuwin paladosan Sabdanipun Gusti Allah.

Sumangga kita jumeneng saha ngrepèkaken KPJ 446:1-3
utawi KPK BMGJ 157:1-3.

KPJ 446 NALIKA NGAMBAH MARGI KANG SEPI
Do=E 3/4

- 1) Nalika ngambah margi kang sepi,
giris-uwas manah kula.
Sampun nilar kawula dhuh Gusti,
mugi tansah angamping-ampungi.
Reff. : Mlampahe pyambak datan kadugi
Gusti mugi anganthi.
Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti.

▪ *Ing salebetipun umat wiwit ngrepèkaken KPJ 157:2,
palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah.*

- 2) Kawula kesandhung ngantos dhawah,
karana karaos sayah.
Gya kula rangkul salibé Gusti,
wit sihnya kula manggih basuki.
Reff. : Mlampahe pyambak datan kadugi
Gusti mugi anganthi.
Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti.

- 3) Lamun thathit-kilat sesamberan,
peteng-dhedhet lelimengan.
Manah kula kekes tan kantenan,
nanging Gusti paring pitulungan.
Reff. : Mlampahe pyambak datan kadugi
Gusti mugi anganthi.
Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti.

VOTUM*[jumeneng]*

- PS : Pangibadah Pra Paska kaping kalih punika katindakaken ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci.
- U : (*ngrepèkaken*) **Amin, amin, amin.**

SALAM

- PS : Gusti Allah nunggila ing panjenengan!

- U : **Gusti Allah ugi nunggila ing panjenengan.**

ATUR PAMBUKA*[lenggah]*

- PL : Serat Ibrani 11:1-3 mratélakaken makaten,
- "Pracaya iku dhasaring samubarang kang kaareparep sarta buktining samubarang kang ora katon. Awit iya marga saka pracaya iku wis kaparingaké paseksi menawa Allah karenan marang para leluhur kita. Marga saka pracaya kita ngerti, menawa alam jembar iku wis katitahaké déning sabdaning Allah, satemah samubarang kang katon iku dumadiné saka kang ora katon."*

Abraham lan Sara pitados dhumateng Gusti Allah. Ing gesangipun, Abraham lan Sara ketaman sawerninipun pakèweting gesang. Makaten ugi Rasul Paulus. Panjeneanganipun ketaman kasangsaran ing gesangipun. Sadaya pakèweting gesang tiyang-tiyang punika, mboten gampil dipun adhepi. Éwasemanten tiyang-tiyang wau lestantun panggah ing salebetung pitadosipun.

Punapa ingkang njalari tiyang-tiyang punika ngantos sembada panggah ing pitadosipun? Sadayanipun krana katresnan. Kanthi Sih-katresnanipun, Gusti Allah nyembadani Abraham, Sara, lan Rasul Paulus ngadhepi gesangipun kanthi mripating kapitadosan. Saèstu sih-katresnanipun Gusti Allah mboten wonten watesipun.

(umat ngrepèkaken KPJ 92:1-4 utawi KPK BMGJ 164:1-4)

KPJ 92 SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI

Do=G 3/4

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.
- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya,
sèstu punika ganjaran dahat agungira.
- 3) Nugraha sumber kakiyatan mring manah kang lesah,
mrih tan nilar kayektosan, wit lubèr ing berkah.
- 4) Nadyan kathah pepalangnya dalasan rubéda,
tiyang pitados rineksa, sembada gesangnya.

PANGAKENING DOSA

(PL ngaturi warganing pasamuwan lumebet ing wekdal ening
saha ndedonga pribadi ngakeni dosanipun. PL mungkasi
kanthi pandonga pamratobat)

PL : Sumangga kita nyuwun pangapuntening dosa
dhumateng Gusti Allah kanthi ngrepèkaken KPJ 46:1-3
utawi KPK BMGJ 46:1-3

KPJ 46 AWIT KATHAH DOSA KULA

Do=D 3/4

- 1) Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmengan
Gusti kang madhangi manah myang tuking kabingahan.
- 2) Mugi karsa angaksama ing klepatan kawula.
Tyas kula mugi dadosa padaleman Paduka.
- 3) Gusti kang kula ndelaken, mugi nuntun mring kula.
Kula badhé ngéstokaken ing sakarsa Paduka.

PAWARTOS SIH-RAHMAT*[jumeneng]*

PL : Rahayu saben tiyang ingkang ngakeni dosanipun ing ngarsanipun Gusti Allah, awit Panjenenganipun nyawisi pangapuraring dosa tumrap tiyang ingkang tulus manahipun.

Awit saking punika, sumangga kita pirengaken pangandikanipun Gusti Allah ing Jabur Masmur 103:8-13 ingkang makaten:

Pangéran Yéhuwah iku ambek welasan lan ambek asih, gedhé sabaré lan lubèr sih-susetyané; ora tansah ndedukani, anggoné duka ora ing salawasé. Kang katandukaké marang kita ora timbang karo dosa kita, anggoné paring piwales marang kita ora ing sabototé kaluputan kita, nanging sapira dhuwuré langit ngungkuli bumi iya samono gedhéné sih-kadarmané tumrap para kang ngabekti marang Panjenengané; sapira dohé wetan saka ing kulon, iya samono anggoné nebihaké panerak kita saka ing kita.

Kayadéné bapa anggoné duwé piwelas marang anak anaké, iya kaya mangkono Yéhuwah anggoné paring piwelas marang para wong kang ngabekti marang Panjenengané.

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah.

U : Puji sokur konjuk Gusti Allah!.

- *umat sami jawat asta kanthi ngucapaken “tentrem rahayu”*

PS : Sumangga kita tanggapi Sih-Rahmatipun Gusti Allah punika kanthi sukarena lan jumeneng, kita repèkaken KPJ 428:1-2 utawi KPK BMGJ 90:1-2.

KPJ 428 BINGAHA, SISAHA, GUSTI KULA PUJI
Do=C 4/4

- 1) Bingaha, sisaha, Gusti kula puji,
kang mranata gesang kula.
Kula rinimatan klayan katresnan,
mila kula pasrah pangrèhnya.
Reffr. : Pasraha, pasraha,
ing sapangrèhé Kang Makwasa.
- 2) Sapinten awrating momotan kawula,
godha-rencana myang sisah.
yèn kawula énggal mulat Sang Putra,
manah kula ènthèng lan bingah.
Reffr. : Pasraha, pasraha,
ing sapangrèhé Kang Makwasa.

B. PALADOSAN SABDA [*lenggah*]

- **PANDONGA PALADOSAN SABDA** (déning PS)
- **PAMAOSING KITAB SUCI**

Waosan Kapisan

- L : (*maos Purwaning Dumadi 17:1-7, 15-16*)
Makaten sabdanipun Gusti Allah!
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

- L : (*maos Jabur Masmur 33:23-31*).

Waosan Kaping Kalih

- L : (*maos Roma 4:13-25*)
Makaten sabdanipun Gusti Allah!
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking **Markus 8:31-38**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken tuwin ngéstokaken pangandikanipun Gusti Allah! Hosiana!

U : (*ngrepèkaken*) **Hosiana, hosiana, hosiana!**

- **KHOTBAH**
- **WEKDAL ENING**

PANGAKEN PITADOS*[jumeneng]*

P/D1 : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah, sumangga kita nganyaraken kapitadosan kita ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli kanthi sesarengan.

PANDONGA SYAFAAT (*katuntun déning PS*) *[lenggah]***C. PALADOSAN PISUNGSUNG** *[lenggah]*

P/D2 : Sumangga kita caos sokur kanthi ngaturaken pisungsung ingkang kita dhasaraken wonten ing **I Babad 29:14** ingkang mratélakaken makaten,

“Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, déné kawula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdéné sa-punika punika? Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula unjukaken dhumateng Paduka punika.”

Sumangga kita aturaken pisungsung kita dhateng ngarsnipun Gusti Allah kanthi ngrepèkaken KPJ 171:1-4 utawi KPK BMGJ 188:1-4.

KPJ 171. MANGGA SAOS PISUNGSUNG
Do=C 6/4

- 1) Mangga saos pisungsung mring Allah Ma agung krana gunging sihrahmat kang lubèr tan kendhat
- 2) Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun, dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun
- 3) Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti, bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.
- 4) Saos pisungsung kathah cacahnya tan tim'bang, lan gung berkahing Allah tan kénging winilang.

(*umat jumeneng, P/D2 nuntun pandonga pisungsung*)

D. PANGUTUSAN LAN BERKAH

KIDUNG PANGUTUSAN

PS : Gesang ing salabeting pitados punika satunggaling pangudi ingkang mboten wonten telasipun; panggodha, pacobèn, pepalang, lan sawernining pangancam tansah tumanduk wonten ing gesang kita.

Awit saking punika, sumangga kita nyuwun dhateng Gusti Yésus Kristus, supados sah-katresnanipun Gusti Allah tansah ngrawuhi tuwin dedalem ing gesang kita. Kula aturi pitados, ndhèrèk ngetut wingking Panjenenganipun saya dinten gesang kita badhé kadya Gusti kados suraosing KPJ 343:1-4 utawi KPK BMGJ 106:1-4.

KPJ 343 KULA NEDYA KADYA GUSTI
do=D 4/4

- 1) Kula nedya kadya Gusti, gesang suci, gesang suci.
Kula nedya kadya Gusti, gesang suci,

gesang suci, gesang suci.

Kula nedya kadya Gusti, gesang suci.

- 2) Kula nedya ajrih asih dhateng Gusti, dhateng Gusti.
 Kula nedya ajrih asih dhateng Gusti,
 dhateng Gusti, dhateng Gusti.
 Kula nedya ajrih asih dhateng Gusti.
- 3) Kula nedya olah tresna mring sesami, mring sesami.
 Kula nedya olah tresna mring sesami,
 mring sesami, mring sesami.
 Kula nedya olah tresna mring sesami.
- 4) Kula nedya andum berkah mring tyang kathah,
 mring tyang kathah.
 Kula nedya andum berkah, mring tyang kathah,
 mring tyang kathah, mring tyang kathah,
 Kula nedya andum berkah mring tyang kathah.
- 5) Kula kangen katentreman nunggil Gusti.
 Kula kangen katentreman nunggil Gusti,
 nunggil Gusti. nunggil Gusti.
 Kula kangen katentreman, nunggil Gusti.

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
- U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
- PS : Dadosa seksnipun Sang Kristus!
- U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**
- PS : Pinujia Gusti Allah kita!
- U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**
- PS : Mugi iman panjenengan tuwuh ing salebeting sih-katresnanipun Sang Kristus saben dinten ing saben dintenipun. Tampènana berkahipun Gusti Allah:

“Mugi Gusti Yésus Kristus tansah mberkahi lan nunggil gesang panjenengan. Mugi Gusti Yésus Kristus murnèkaken iman panjenengan ngantos dados barès kadosdéné peksi dara saha makantar-kantar kadosdéné latu, ngantos punapa ingkang panjenengan lampahi kanthi iman ingkang bakuh, badhé dipun berkahi déning Gusti Allah saha dados berkah kanggé sesami. Amin”.

U : (*menyanyikan*) **Hosiana [5x]** **Amin [3x]**.

(laas-den)



Bahan Liturgi
Minggu Pra Paska III

Minggu, 4 Maret 2018

Katrangan :
 PL : Pelados Liturgi
 L : Lèktor
 U : Umat
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken
 PS : Pelados Sabda

**GUSTI YÉSUS,
 PADALEMAN SUCI
 SARTA KITA**



PACAWISAN

- Pandonga pacawisan ngibadah.
- *Prosesi (iring-iringan) lilin Minggu Pra Paska III.*
- Pamaosing pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.
- Wekdal ening pribadi.
- Loncèng kaungelaken.

A. UMAT MAKEMPAL

PL : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, dinten punika kita lumebet ing Minggu Pra-Paska kaping tiga. Kanggé miwiti pangibadah dinten punika, sumangga kita lumebet ing wekdal ening (*umat lumebet ing wekdal ening, sasampunipun sawetawis wekdal PL nuntun pandonga*).

Dhuh Rama, kawula caos sokur karana Paduka maringi gesang ingkang laras kaliyan margi pitedah Paduka. Dinten punika kawula nunggilaken manah kanggé ngluhuraken Asma Paduka, mirengaken Sabda Pangandika Paduka, saha nunggilaken sedya kanggé gesang ing salebetipun kaleresaning Sabdanipun Gusti Allah. Mugi ing Minggu

Pra Paska kaping tiga kawula ngraosaken katresnan Paduka lan andum katresnan peparing Paduka dhateng sesami kawula. Wonten ing Asmanipun Gusti Yésus kawula ndedonga.

U : Amin.

PL : Kanthi jumeneng, kita ngrepèkaken KPJ 347:1-2 utawi KPK BMGJ 313:1-2

KPJ 347 PAPAN PANGIBADAH

Do=F 6/4

- 1) Papan pangibadah saèstu ngangeni kawula sami ngabekti, ngraosken nunggil lan Gusti ngluhurken asmanya, mirengken sabdanya.
Refr. : Mareka, mareka kanthi manah tulus memuji, nampi berkahing Gusti, mrih saged mbabarken tresna.

(Ing salebetipun umat ngrepèkaken KPJ 347:2, para palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah)

- 2) Papan pangibadah, papan ingkang adi; mangga nggumolongken manah, nyuwun manteb ing pracaya mrih wantun neksèni sih rahmating Gusti.
Refr. : Mareka, mareka kanthi manah tulus memuji, nampi berkahing Gusti, mrih saged mbabarken tresna.

VOTUM

PS : Pangibadah Pra-Paska kaping tiga punika kelampahanipun ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci.

U : (ngrepèkaken) Amin, Amin, Amin.

SALAM

PS : Gusti Allah nunggila ing panjenengan sadaya!

U : Gusti Allah ugi nunggila ing panjenengan.

ATUR PAMBUKA LAN PANGAKEN DOSA *[lenggah]*

PL : Gusti Yésus, Padaleman Suci, sarta Kita. Jejer punika badhé kita raos-raosaken sesarengan dinten punika. Gusti Yésus nucèkaken Padaleman Suci ing wiwitaning pakaryanipun ing Yérusalèm. Panjenenganipun duka mirsani Padalemanipun Allah kaginakaken kanggé pados bebathèn tumrap sapérangan umat. Panjenenganipun duka karana Padalemanipun Allah dipun kebaki tumindak pilih sih. Panjenenganipun duka karana ing Padalemanipun Allah sesamining umatipun Gusti Allah kécalan kamanungsan. Kadospundi tumrap kita?

Sumangga kita sami ndedonga.

Dhuh Allah, ing salebetung Sang Kristus Paduka nunggilaken sadaya bangsa kanthi katresnan Paduka. Lumantar Padaleman Paduka, Paduka nimbali kawula supados sami déné ajèn-ingajénan, sami déné nuwuhaken, lan sami déné nresnani. Ing jagad punika kawula gesang minangka sesamining umatipun Allah. Paduka mugi ngapunteni dosa kawula menawi kawula mboten ndadosaken jagad punika dados papan ingkang ngremenaken kanggé gesang sesarengan. Paduka mugi maringi pangapunten menawi kawula ndamel bumi ingkang dados Padaleman Paduka punika dados reget. Samangké nalika Paduka nimbali kawula supados gesang suci, kawula badhé mirengaken lan mujudaken timbalan Paduka. Sesarengan kaliyan sadaya warganing bumi punika kawula badhé ndadosaken papan punika dados Padalemanipun Allah ingkang nampèni sadaya tiyang ngempal lan nikmati sih-katresnanipun Paduka ingkang langgèng. Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus kawula ndedonga.

U : **Amin.**

(Umat ngrepèkaken KPJ 362:1-2 utawi KPK BMGJ 105:1-2)

KPJ 362 ING SATENGAHING BEBRAYAN AGUNG
Do=G 4/4

1) Ing satengahing bebrayan agung,
mung Pangéran pantes ginunggung.
Rahmatnya binabarken warata,
rumentah mring titah sadaya.

Refr. : Dèn tansah ndedonga lan makarya,
mrih kebabaring tentrem raharja.
Nggih gesang memitran wah pasedhèrèkan,
wit tyang sadaya tresna tinresnan.

2) Nadyan bédá basa séjé bangsa,
wah bédá adat budayanya,
nging saèstu punika sesami,
kang kinasihan déning Gusti.

Refr. : Dèn tansah ndedonga lan makarya,
mrih kebabaring tentrem raharja.
Nggih gesang memitran wah pasedhèrèkan,
wit tyang sadaya tresna tinresnan.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

[jumeneng]

PL : Sumangga kita pirengaken pangandikanipun Gusti Allah
ing Jabur Masmur 118:24-26 ingkang makaten:

*Iki dina kang katitahaké déning Pangéran Yéhuwah,
ayo padha bungah-bungah lan sukarena. Dhuh
Yéhuwah, Paduka mugi karsaa paring karaharjan.
Dhuh Yéhuwah, Paduka mugi karsaa paring kabegjan.
Binerkahana ingkang rawuh atas asmanipun
Pangéran Yéhuwah. Aku padha mberkahi kowé
kabèh saka ing padalemaning Sang Yéhuwah.*

Makaten pawartosing sih rahmat saking Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

- *Umat sami jawat asta kanthi ngucapaken “tentrem rahayu”. Sasampunipun jawat asta, umat **jumeneng** lan ngrepèkaken KPJ 9:1-2 utawi KPK BMGJ 63:1,3.*

KPJ 9 HÉ, SARUPANING PRA UMAT

Do=G 2/4

- 1) Hé, sarupaning pra umat, padha mujia mring Allah.
Hé, sakèhing para bangsa, asmané padha luhurna.
- 2) Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,
langgèng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

B. PALADOSAN SABDA [*lenggah*]

PANDONGA PALADOSAN SABDA (*katuntun déning PS*)

PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan Kapisan

- L : (**Maos Pangentasan 20:1-17**)
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

- L : (**Maos Jabur Masmur 19**).

Waosan Kaping Kalih

- L : (membacakan **1 Korintus 1:18-25**)
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

- PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking **Yohanes 2:13-22**.
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken tuwin ngéstokaken pangandikanipun Gusti Allah! Hosiana!

U : (*ngrepèkaken*) **Hosiana, hosiana, hosiana!**

- **KHOTBAH**
- **WEKDAL ENING**

PANGAKEN PITADOS *[jumeneng]*

Pnt : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah, sumangga kita nglairaken pangakening pitados kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli sesarengan makaten:

PANDONGA SYAFAAT (*katuntun déning PS*) *[lenggah]*

C. PALADOSAN PISUNGSUNG *[lenggah]*

P/D2 : Sumangga kita caos sokur kanthi ngaturaken pisungsung kita ingkang kita talesi pangandika ing **1 Petrus 2:5**,

“*Sarta karebèn kowé iya padha kapigunakaké kayadéné watu urip kanggo mbangun padaleman kasukman tumrap kaimaman kang suci, kanggo nyaosaké pisungsung rohani, kang marga Yésus Kristus njalari keparengé Allah.*”

Sumangga pisungsung punika kita aturaken kanthi memuji KPJ 161:1-4 utawi KPK BMGJ 187:1-4.

KPJ 161 JIWA RAGA KAWULA

Do=D 4/4

- 1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta, mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran, kamulyaning Pangéran
- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryan-Nya, mrih sesami basuki nampèni sihing Gusti, nampèni sihing Gusti.
- 3) Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat, temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,

datan kendhat pinuji

- 4) Bandha lan kasugihan, wegdal, wah kasagedan, nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata, dadya pisungsung nyata.

(Umat jumeneng P/D2 nuntun pandonga atur pisungsung)

D. PANGUTUSAN LAN BERKAH

KIDUNG PANGUTUSAN

*(Umat jumeneng, ngrepèkaken KPJ 439:1-3 utawi KPK
BMGJ 171:1-3)*

KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa,
kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Reffr : Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngèngetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti
kanthi setya nglampahi
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja.
Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngèngetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 3) Ngundhangna Injil Kratoning Swarga,

kinanthia pandonga,
mrih luwar saking kwasaning dosa,
wah gesangnya sembada.

Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngèngetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
- U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
- PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus!
- U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**
- PS : Pinujia Gusti Allah kita!
- U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**
- PS : Mugi sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci tansah nunggil ing gesang Panjenengan samangké dumugi ing salami-laminipun.” Amin.
- U : (ngrepèkaken) **Hosiana [5x] Amin [3x].**

(yiw-wsn-den)



Bahan Liturgi
Minggu Pra Paska IV

Minggu, 11 Maret 2018

Katrangan:

PL	:	Pelados Liturgi
L	:	Lèktor
U	:	Umat
P/D	:	Pinisepuh/Dhiaken
PS	:	Pelados Sabda

**KADIWASANING
PITADOS NUWUHAKEN
ANDHAP ASOR**



PACAWISAN

- Pandonga pacawisan ngibadah.
- *Prosesi (iring-iringan) lilin Minggu Pra Paska IV.*
- Pamaosing pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.
- Wekdal ening pribadi
- Loncèng kaungelaken

A. UMAT MAKEMPAL

PL : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, dinten punika kita lumebet ing Minggu Pra-Paska kaping sekawan. Kanggé miwiti pangibadah dinten punika, sumangga kita lumebet ing wekdal ening (*umat lumebet ing wekdal ening, sasampunipun sawetawis wekdal PL nuntun pandonga*).

Dhuh Rama, Paduka sampun ngutus Ingkang Putra dados pepadhanging jagad. Pepadhanging-Ipun nyirnakaken pepetenging dosa kawula. Panjenenganipun rawuh mboten kanggé maringi paukuman, ananging kanggé milujengaken jagad saking sawernining dosa. Kawula Paduka wulang ngraosaken pepadhanging saking Paduka lumantar gesang ing salebetipun pitados dhateng Paduka.

Wonten ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus kawula ndedonga.

U : Amin.

PL : Kanthi jumeneng kita ngrepèkaken KPJ 101:1-3 utawi KPK BMGJ 130:1-3

KPJ 101 ALLAH KANG DADOS PEPADHANG

Do=F 3/4

- 1) Allah kang dados padhang nuntun dhateng kraharjan, Astanya sèstu santosa, ngreksa tyang kang pracaya, Pepadhanging Allah ngantri, ngirid ing ngajeng lan wuri, ngantos dumugèng swargi.

(Ing salebetipun umat wiwit ngrepèkaken KPJ 101:2, para palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah)

- 2) Allah kang dados pepadhang peparing klayan loma. Sabdanya kebak pangwasa, sung pangayoman nyata. Sèstu pepakèning Allah nyegerken manah kang lesah, wah ngiyatken ing lampah.
- 3) Allah kang dados pepadhang, nuntun kanthi katresnan. Gegayuhaning pra suci, margining kasampurnan. kula badhé salaminya ndhèrèk Gusti klayan setya, wit mesti dugèng swarga.

VOTUM

PS : Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

U : (ngrepèkaken) Amin, Amin, Amin.

SALAM

PS : Gusti Allah nunggila ing panjenengan sadaya!

U : Gusti Allah ugi nunggila ing panjenengan.

ATUR PAMBUKA**[lenggah]**

PL : Kanggénipun jagad, kategoriesanipun Gusti Allah punika ageng sanget. Panjenenganipun tansah setya mbabar kategoriesan. Kapara nalika umat mboten setya, Panjenenganipun lestantun setya ngamping-ampingi lan milujengaken umatipun Gusti Allah. Atetales prakawis punika, kita prelu ngaturaken sokur awit saking kasaénanipun Gusti Allah punika.

Ing Minggu Pra-Paska punika kaping sekawan punika, kita badhé ngraos-raosaken iman dhumateng Gusti Yésus Kristus. Panjenenganipun nélakaken sih-kategoriesan-Ipun dhateng jagad. Tanggapan dhateng sih-kategoriesan punika minangka patraping gesang ing salebetung kapitadosan. Kapitadosan ingkang diwasa ndhatengaken bebudèn andhap asor. Sumangga kita télikaken.

(umat ngrepèkaken KPJ 124:1-3 utawi KPK BMGJ 81:1-3)

KPJ 124 KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

Do=C 3/4

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan.
Reff. : Dhuh nyawaku ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci.
Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti ngantri kula.
Reff. : Dhuh nyawaku ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 3) Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya,
mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja.
Reff. : Dhuh nyawaku ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

PANGAKEN DOSA

(*PL ngaturi warganing pasamuwan lumebet ing wekdal ening saha ndedonga pribadi ngakeni dosanipun. PL mungkasi kanthi pandonga pamratobat*)

(*umat ngrepèkaken KPJ 46:1-3 utawi KPK BMGJ 46:1-3*)

KPJ 46 AWIT KATHAH DOSA KULA

Do=D 3/4

- 1) Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmengan
Gusti kang madhangi manah myang tuking kabingahan.
- 2) Mugi karsa angaksama ing klepatan kawula.
Tyas kula mugi dadosa padaleman Paduka.
- 3) Gusti kang kula ndelaken, mugi nuntun mring kula.
Kula badhé ngéstokaken ing sakarsa Paduka.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

[jumeneng]

PL : Punika paseksining pawartos sih-rahmat,

“Para Sadulur kang kinasih, sarèhné nganti samono anggoné Allah nresnani kita, mulané kita iki iya padha kuwijiban tresna-tinresnan. Ora ana wong kang tau ndeleng marang Allah. Menawa kita padha tresna-tinresnan, Allah tetep dumunung ana ing kita, lan katresnané iku sampurna ana ing kita” (1 Yohanes 4:11-12).

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

- *Umat sami jawat asta kanthi ngucapaken “tentrem rahayu”, sasampunipun punika kanthi jumeneng umat ngrepèkaken KPJ 123:1-2 utawi KPK BMGJ 87:1-2*

KPJ 123 KULA PITADOS MRING GUSTI

Do=E 4/4

- 1) Kula pitados mring Gusti peparang ingkang kekah.
 Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah.
 Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos.
 Prahabra nguber jaladri, kula tatag ing batos.
 Reffr. : Kula tan was sumelang; Gusti tan nilar kula.
 Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabda-Nya

- 2) Kula pitados mring Gusti, salah sengkut makarya.
 Ngrerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing pandonga.
 Siyaga tansah leladi ing sakatoging driya
 Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada.
 Reffr. : Kula tan was sumelang; Gusti tan nilar kula.
 Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabda-Nya

B. PALADOSAN SABDA [*lenggah*]

- **PANDONGA PALADOSAN SABDA** (*déning PS*)
- **PAMAOSING KITAB SUCI**

Waosoan Kapisan

- L : (**Maos Wilangan 21:4-9**)
 Makaten sabdanipun Gusti Allah!
 U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

- L : (**Maos Jabur Masmur 107:1-3, 17-22**).

Waosoan Kaping Kalih

- L : (**Maos Efesus 2:1-10**)
 Makaten sabdanipun Gusti Allah!
 U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking **Yohanes 3:14-21.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken tuwin ngéstokaken pangandikanipun Gusti Allah! Hosiana!

U : (*ngrepèkaken*) **Hosiana, hosiana, hosiana!**

- **KHOTBAH**
- **WEKDAL ENING**

PANGAKEN PITADOS *[jumeneng]*

P/D1 : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah, sumangga kita nganyaraken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli kanthi sesarengan.

PANDONGA SYAFAAT (*katuntun déning PS*) *[lenggah]***C. PALADOSAN PISUNGSUNG *[lenggah]***

P/D2 : Sumangga kita caos sokur kanthi ngaturaken pisungsung ingkang kita dhasaraken wonten ing **Mazmur 54:8,**

“Kawula badhé nyaosi kurban kanthi éklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawula badhé memuji asma Paduka, amargi asma Paduka punika saé.”

Sumangga kita aturaken pisungsung kita dhateng ngarsanipun Gusti Allah kanthi ngrepèkaken KPJ 165:1-3 utawi KPK BMGJ 185:1-3

KPJ 165 KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG

Do=C 3/4

- 1) Konjuk mring Kang Maha agung, kula soas pisungsung; cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah; sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa

dadya srana munpangati mrih kamulyaning Gusti.

- 2) Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur,
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,
dalah gesang kula mugi kagem déning Gusti,
dadya lantararaning berkah tumraha mring tyang kathah
- 3) Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah,
tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmat-Nya.
Mugi Gusti nggih karenan temah binerkahan,
dadya margi Kratoning Allah binabar nèng bumi

(umat jumeneng, P/D2 nuntun pandonga pisungsung)

D. PANGUTUSAN LAN BERKAH

KIDUNG PANGUTUSAN

*(kanthi jumeneng umat ngrepèkaken KPJ 159:1-3 utawi KPK
BMGJ 70:1-3)*

KPJ 159 GESANG KAWULA

Do=G 4/4

- 1) Gesang kawula, Gusti, lumados mring Paduka,
Saben kula makarti, Paduka kang makarya.
- 2) Mubah-mosiking driya wah pangangkah kawula,
mrih prayogining lampah, mbabarna karsèng Allah.
- 3) Kedaling ilat kula, solah-bawa trapsila,
namung tansah nélakna sagunging sih Paduka

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
 U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
 PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus!

- U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**
PS : Pinujia Gusti Allah kita!
U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**
PS : Tentrem rahayu saha katresnan kanthi iman saking Gusti Allah, Sang Rama tuwin saking Gusti Yésus Kristus, nunggila ing gesang (kita) panjenengan. Sih-rahmatipun Gusti Allah nunggila ing sadaya tiyang, ingkang nresnani Gusti kita Yésus Kristus kanthi katresnan ingkang mboten saged sirna.
Amin.
U : (*ngrepèkaken*) **Hosiana [5x] Amin [3x].**

(edp-den)



**Bahan Liturgi
Minggu Pra Paska V**

Minggu, 18 Maret 2018

Katrangan:

PL : Palados Liturgi
L : Lèktor
U : Umat
P/D : Pinisepuh/Dhiaken
PS : Pelados Sabda (Juru Khotbah)

**SINAU
MBANGUN TURUT**



PACAWISAN

- Pandonga pacawisan ngibadah.
- *Prosesi* (iring-iringan) lilin Minggu Pra Paska V.
- Maos pokok-pokok pawartos pasamuwan.
- Wekdal ening pribadi.
- Loncèng kaungelaken.

A. UMAT MAKEMPAL

PL : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, dinten punika kita lumebet ing Minggu Pra-Paska kaping gangsal. Sumangga kita tumapak ing wekdal ening sawetawis (*umat mlebet ing wekdal ening, sasampunipun wekdal ening cekap, PL nuntun pandonga*).

Gusti Allah kawula, Putra Paduka sampun ngurbanaken sariranipun ngantos séda ing kajeng salib. Sadaya punika kelamahan awit saking katresnan-Ipun. Kawula Paduka wulang supados sinau saking Gusti Yésus Kristus ingkang lumebet ing kaluhuran-Ipun lumantar anggènipun ngorbanaken sarira tuwin rah-Ipun. Wonten ing Minggu Pra Paska kaping gangsal punika kawula badhé sinau

mbangu-turut. Mugi lumantar pepujèn saha sabda ingkang kawula pirengaken sarta kawula raos-raosaken, iman kapitadosan kawula kateguhaken. Dhumateng Sang Kristus kawula ndedonga.

U : Amin.

PL : Sumangga kita jumeneng sarta ngrepèkaken KPJ 19:1-3 utawi KPK BMGJ 5:1-3.

KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

Do=F 3/4

- 1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya,
wit siyang dalah ratri tansah lubèr sih-rahmatnya.
Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgèng slaminya.
- *Ing salebetipun umat wiwit ngrepèkaken KPJ 19:2, palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah.*
- 2) Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah,
pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
salir ingkang pinanggya dados margining bergja.
- 3) Pamuji konjuk Gusti Hyang Maluhur, Mahasuci,
kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,
wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati.

VOTUM

[jumeneng]

PS : Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti Allah ingkang nitahken langit kaliyan bumi.

U : (ngrepèkaken) Amin, amin, amin.

SALAM

PS : Gusti Allah nunggila ing panjenengan!

U : Gusti Allah ugi nunggila ing panjenengan.

ATUR PAMBUKA**[lenggah]**

PL : "Pindha wiji kang katanem lir sirna krana kapendhem nulya tuwuh lan ngrembaka sarta angrebda wohira...." makaten ungelipun rerangkèning tembung ing Kidung Pasamuwan Kristen BMGJ 254. Kidung punika dipun anggit déning George James Webb ing taun 1837. George James Webb mirsani bilih lelabetaning pakaryanipun Gusti Yésus nuju dhateng kamulyanipun lumantar tataran-tataraning gesang ingkang mboten gampil. Sadaya tataraning gesang dipun lampahi kanthi mbangun turut. Lumantar jejing pangibadah "Sinau mBangun-turut" punika kita kaatag supados dados sekabatipun Gusti Yésus ingkang tansah sinau saking Panjenenganipun, Sang Guru Sejati.

(Umat ngrepèkaken KPK BMGJ 254:1-3)

KPK BMGJ 254 YÉSUS YEKTI PAMARTA

Do=G 4/4

- 1) Yésus Sang Pamarta yekti wus ngawonken pati sanadyan sinalib séda nanging wungu nulya pindha wiji kang katanem lir sirna krana kapendhem nulya tuwuh lan ngrembaka sarta angrebda wohira Gusti wungu unggul sing antaka.
- 2) Yésus yéku yekti Gusti ingkang mengku gesang, pra pracaya nggih pra suci tan ajrih sumelang, yèn sisah tan nganti semplah krana Gusti nunggil tansah, yèn katempuh kasangsaran Gusti paring pangluwaran, wusananya sampurna ing swarga.
- 3) Yésus Gusti kang Mamulya, ngutus pra pracaya, kinèn angurbanken dhiri nglabuhi sesami, mrih jagad anyar binabar tentrem raharja tan samar, nulad Gusti ing karyanya kang sampun ngurbanken srira, wit tresnanya mring sagung manungsa.

PANGAKEN DOSA**[lenggah]**

*(PL ngaturi warganing pasamuwan lumebet ing wekdal
eneng saha ndedonga pribadi ngakeni dosanipun. PL
mungkasi kanthi nuntun pandonga pamratobat ing ngandhap
punika)*

- PL : Gusti Yésus, Paduka punika wiji gandum ingkang dhawah
ing siti lan angrebda wohipun. Paduka nimbalii kawula
supados kawula tumut ngedalaken woh.
- U : **Kawula Paduka welasi dhuh Gusti, karana kawula
mboten saged ngedalaken woh, kados ingkang
Paduka karsakaken.**
- PL : Paduka setya nandhang sangsara kanggé kawilujenganipun
jagad ingkang Paduka tresnani.
- U : **Gusti, kawula Paduka welasi, karana kawula mboten
sembada, anggèn kawula mbabar kanthi wetah,
katresnan Paduka wonten ing gesang padintenan
kawula.**
- PL : Lumantar pambangun-turut Paduka, Paduka ndadosaken
pangajeng-ajeng kawula dados cetha.
- U : **Paduka apunteni dhuh Gusti, karana minangka
sekabat Paduka, kawula sanès sekabat ingkang
dhemen sinau kanthi setya. Mugi kanthi tuladha
ingkang sampun Paduka paringaken, kawula saya
ngrumaosi perlunipun sinau mbangun turut.**
- PL : Ing Asmanipun Gusti Yésus, kawula ndedonga.
- U : **Amin!**

(umat ngrepèkaken KPJ 434:1-4 utawi KPK BMGJ 111:1-4)

KPJ 434 GUSTI MUGI SAMPUN NGANTOS NILAR
Do=G 4/4

- 1) Gusti mugi sampun ngantos nilar kawula;
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.
Reff : Gusti, mugi nuntun kawula
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

- 2) Gusti, mugi myarsakaken pasambat kula
 awit kawula punika putra Paduka
 Reff : Gusti, mugi nuntun kawula
 kula tansah ngraosaken berkah Paduka.
- 3) Nggèn kula darbé panyuwun, mung sih Paduka
 ingkang dados paugeron miwah landhesan.
 Reff : Gusti, mugi nuntun kawula
 kula tansah ngraosaken berkah Paduka.
- 4) Gusti mugi amirsani tyas kula trenyuh
 Paduka ingkang ngiyatken, sageda teguh.
 Reff : Gusti, mugi nuntun kawula
 kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

PAWARTOS SIH-RAHMAT *[jumeneng]*

PL : Tampènana pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah:

“Sanadyan Panjenengané iku Putra, éwasamono wis sinau mbangun-turut sarana anggoné nandhang sangsara, lan sawisé Panjenengané kasampurnakaké, banjur dadi sumbering karahayon kang langgèng tumrap sakèhing wong kang mituhu marang Panjenengané,” (Ibrani 5:8-9).

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

- *Umat sami jawat asta kanthi ngucapaken “tentrem rahayu”, sasampunipun punika kanthi jumeneng umat ngrepékaken KPJ 124:1-3 utawi KPK BMGJ 81:1-3.*

KPJ 124 KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

Do=C 3/4

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan
 Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan,
 Reff : Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir
 Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

- 2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci,
Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti nganthi kula.
Reff : Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 3) Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya,
mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja,
Reff : Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 4) Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngéstokken dhawuh èdi,
sok sintena kang nyatroni, kula ngudi nresnani,
Reff : Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

B. PALADOSAN SABDA [*lenggah*]

- **PANDONGA PALADOSAN SABDA** (*dénинг PS*)
- **PAMAOSING KITAB SUCI**

Waosoan Kapisan

- L : (*Maos Yérémia 31:31-34*)
Makaten sabdanipun Gusti Allah!
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

- L : (*Maos Jabur Masmur 119:9-16*).

Waosoan Kaping Kalih

- L : (*Maos Ibrani 5:5-10*)
Makaten sabdanipun Gusti Allah!
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosoan Injil

- PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking
Yohanes 12:20-33.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken tuwin ngéstokaken pangandikanipun Gusti Allah! Hosiana!

U : (*ngrepèkaken*) **Hosiana, hosiana, hosiana!**

- **KHOTBAH**
- **WEKDAL ENING**

PANGAKEN PITADOS *[jumeneng]*

P/D1 : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah, sumangga kita nganyaraken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli kanthi sesarengan.

PANDONGA SYAFAAT (*katuntun déning PS*) *[lenggah]*

C. PALADOSAN PISUNGSUNG *[lenggah]*

P/D2 : Sumangga kita caos sokur kanthi ngaturaken pisungsung ingkang kita dhasaraken wonten ing **Jabur Masmur 116:17-18**,

“Paduka badhé kawula saosi kurban pamuji sokur, saha badhé nyebut asmaning Sang Yéhuwah.

Dakngluwari kaulku marang Pangéran Yéhuwah ana ing ngarepé umaté kabèh,”

Sumangga kita aturaken pisungsung kita dhateng ngarsanipun Gusti Allah kanthi ngrepèkaken KPJ 161:1-4 utawi KPK BMGJ 187:1-4

KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

Do=D 4/4

- 1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta, mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran, kamulyaning Pangéran.

- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki nampèni sihing Gusti,
nampèni sihing Gusti.
- 3) Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih rahmat,
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
datan kendhat pinuji
- 4) Bandha lan kasugihan, wekdal wah kasagedan
nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata,
dadya pisungsung nyata.

(umat jumeneng, P/D2 nuntun pandonga pisungsung)

D. PANGUTUSAN LAN BERKAH

KIDUNG PANGUTUSAN

*(kanthi jumeneng umat ngrepèkaken KPJ 446:1-3 utawi KPK
BMGJ 157:1-3)*

KPJ 446 NALIKA NGAMBAH MARGI KANG SEPI
Do=E 3/4

- 1) Nalika ngambah margi kang sepi, giris uwas manah kula.
Sampun nilar kawula dhuh Gusti,
mugi tansah angamping ampingi.
Reff.: Mlampahe pyambak datan kedugi, Gusti mugi anganthi.
Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti
- 2) Kawula kesandhung ngantos dhawah, karana karaos sayah,
Gya kula rangkul salibé Gusti,
wit sihnya kula manggih basuki.
Reff.: Mlampahe pyambak datan kedugi, Gusti mugi anganthi.
Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti

3) Lamun thathit-kilat sesamberan,
 peteng-ndhedhet lelimengan.
 Manah kula kekes tan kantenan,
 nanging Gusti paring pitulungan.
 Reff.: Mlampah pyambak datan kedugi, Gusti mugi anganthi.
 Mrih gesang maédahi sesami
 wah mulyakaken asmané Gusti

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
- U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
- PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus!
- U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**
- PS : Pinujia Gusti Allah kita!
- U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**
- PS : Gusti Allah etuking sadaya berkah lan kakiyatan, badhé njangkepi lan nyantosakaken panjenengan (kita), ing salebetipun kita lelumban gesang ing jagad punika kanthi kakiyatan saha panguwaosing katresnanipun Gusti Allah, ing salebetung Asmanipun Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci. Amin
- U : (ngrepèkaken) **Hosiana [5x] Amin [3x].**

(wsn-den)



**Bahan Liturgi
Minggu Pra-paska VI**

Minggu, 15 Maret 2018

Katrangan:

N : Narator

L : Lèktor

U : Umat

P/D : Pinisepuh/Dhiaken

PS : Pelados Sabda (Juru
Khotbah)

**WANTUN
NGADHEPI
KASUNYATANING
GESANG**



PACAWISAN

- Pandonga pacawisan ngibadah.
- *Prosesi* (iring-iringan) lilin Minggu Pra Paska V.
- Maos pokok-pokok pawartos pasamuwan.
- Wekdal ening pribadi.
- Loncèng kaungelaken.

TIMBALAN PANGIBADAH

[Jumeneng]

P/D1: Ing dinten-dinten nalika semanten ...

Sang Kristus sangsaya misuwur

Kathah mukjizat ingkang sampun katindakaken ...

Punapa malih ... ing wekdal semanten ...

Panjenengangipun mentas kémawon nangèkaken

Lazarus saking pejah ...

Saben lurung kitha sami nyariyosaken pakaryan-Ipun ...

Sami gumun ... Sami éram ... Sami memuji...

Setunggal mbaka setunggal sami pitados dhateng Sang

Kristus ... sami dados pandhèrèk-Ipun ...

Ananging ... pirsanana para pangajenging imam! ...

Ingkang wonten ing manahipun namung raos sentit ...

Nepsu ... adreng kepéngin merjaya Panjenenganipun ...

Mekatena ugi Lazarus ... ugi badhé dipun pejahi ... [Yoh. 12:9-11]

N : Nalika semanten ...

Nalika tiyang kathah sami dhateng ing Yérusalem badhé sami mahargya Paska ...

Tiyang sami ningali Sang Kristus saha para murid sami dabyang-dabyang lumebet ing kitha Yérusalem ...

Sanalika ... tiyang kathah lajeng sami nambut rawuh-Ipun kanthi sigrak asukarena ...

Tiyang-tiyang sami methik papahipun wit palem ... lajeng sami nambut rawuh-Ipun kanthi asurak-surak:

U : (sinambi ngangkat papahan-papahan wit palem, kapandhégani déning Narator asurak-surak:)

Hosana! Binerkahana Panjenenganipun ingkang rawuh atas asmanipun Pangéran!

U : (*ngrepèkaken KPK 8:1-3 -- palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah*)

KPK 8:1-3 ALLAH MAASIH

Allah Ma' asih asung putranya Allah Ma asih mring manungsa.
Allah Ma' asih asung putranya Allah Ma asih mring manungsa.
mila kula ngidung Allah Ma' asih Allah Ma asih mring manungsa.

Gusti ingutus dadya pamarta, Gusti ingutus nebus kula.
Gusti ingutus dadya pamarta, Gusti ingutus nebus kula.
mila kula ngidung Allah Ma' asih Allah Ma asih mring manungsa.

Gusti Pamarta nombokken nyawa, Gusti Pamarta mbirat dosa.
Gusti Pamarta nombokken nyawa, Gusti Pamarta mbirat dosa.
mila kula ngidung Allah Ma' asih Allah Ma asih mring manungsa.

VOTUM

PS : Pangibadah samangké lumampah wonten ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci.

U : (aklamasi) Amin, amin, Amin.

SALAM

- PS : (*ngrepèkaken KPK 345 gentosan kaliyan umat*)
 Tentrem Raharja sing Gusti kita,
 U : (*ngrepèkaken KPK 345 nanggapi PS*)
 Tumrah mring kita ...
 PS : (*ngrepèkaken KPK 345*)
 Tentrem Raharja sing Gusti kita,
 U : (*ngrepèkaken KPK 345*)
 Tumrah mring kita ...

ATUR PAMBUKA*[Lenggah]*

- PS : Mboten sadaya tiyang wantun ngadhepi kasunyatane
 gesang. Sadaya punika gumantung kaliyan kayakinan
 saha prinsiping gesang ingkang dipun andhemi saben
 tiyang.
 Ing Minggu Pra-Paska kaping enem dinten punika kita
 kaèngetaken supados kita sami wantun ngadhepi
 kasunyatane gesang. Awit kasunyatane gesang
 pancèn kedah dipun adhepi kanthi wantun kanggé
 nggayuh gesang ingkang langkung saé, kados ingkang
 dipun tuladhakaken déning Sang Kristus dhateng kita
 umat-Ipun.
- U : (*ngrepèkaken KPK 82: 1,4*)

KPK 82: 1,4
TÉKADING MANAH KULA

Tékading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti
 yéku Panutan sanyata nggih Panebus sejati
 margining salib ingambah mbangun turut mring Allah
 mbabarken tresna sejati mrih jagad tentrem basuki.

Sanadyan rumpil marginya nging Gusti tansah nganthing
 nadyan ribed lan sangsara datan semplah ing ati.
 margining salib ingambah mbangun turut mring Allah
 mbabarken tresna sejati mrih jagad tentrem basuki.

DONGA PANGAKENING DOSA

P/D2 : Niyat saha tékad kanggé tansah nulad Sang Kristus kadhangkala kagodha déning nepsu kadonyan
Awit saking punika, sumangga kita nyuwun pangapunten dhumateng Gusti ...

U : (*ngrepèkaken KPK 43:1*)

KPK 43: 1 NYUWUN ÉNGGALING MANAH

Gusti kula sèstu nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya,
Dhuh Gusti kawula nyuwun apura, sinucèkken sing dosa
mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.

P/D2 : (*Kairinan interlude KPK 43*)

Ing salebeting manah kita piyambak-piyambak lan wonten
ing ngarsanipun Gusti Sang Panebus Sejati, sumangga
kita télikaken sadaya karingkihan saha manah kita
ingkang asring condhong dhateng dosa

U : (*pangaken dosa sacara pribadi – kairinan interlude KPK 43*)

P/D2 : (*ngrepèkaken KPK 43:2*)

Sèstu kula angraosaken sisah déning momotan,
nging lamun Paduka ngapunten manah kawula padhang,
Dhuh Gusti kawula nyuwun apura, sinucèkken sing dosa
mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.

Sadaya : (*ngrepèkaken KPK 43:3*)

Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.

Dhuh Gusti kawula nyuwun apura, sinucèkken sing dosa
mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.

PAWARTOS SIH-RAHMAT**[Jumeneng]**

PS : “Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iku saka sih-rahmat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparingé Gusti Allah, iku dudu wohing panggawému: aja ana wong kang gumunggung. Marga kita iki titahé Gusti Allah, katitahaké ana ing Sang Kristus Yésus, supaya padha nglakoni panggawé becik kang kacawisaké Gusti Allah sadurungé, minangka ambah-ambahan kita” (Efésus 2:8-10).

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti Allah.

U : Puji sokur konjuk Gusti Allah!

PS : Kadodséné Gusti sampun ngrukunaken kita kaliyan Panjenenganipun, pramila sumangga kita sami rukun setunggal lan setunggalipun.

U : (*Umat sami jawat asta kanthi ngucapaken “tentrem rahayu”*)

U : (*sasampunipun jawat asta, kanthi jumeneng umat ngrepèkaken KPK 13:1,5*)

KPK 13:1,5
AKU DUWÉ PAMARTA

Aku duwé Pamarta Yésus Kristus asmanya
kang wus ngurbanken sarira ngruwat aku sing dosa,
duwèkku duwèkku Gusti Yésus Pamartaku
dak puji trusing kalbu.

Aku duwé Pamarta sih rahmaté tan kendhat,
yèn aku tumibèng dosa dèn tuntun mring pitobat,
duwèkku duwèkku Gusti Yésus Pamartaku
dak puji trusing kalbu.

PALADOSAN SABDA**[Lenggah]**

- **PANDONGA PALADOSAN SABDA** (déning PS)
- **PAMAOSING KITAB SUCI**

Waosan Kapisan

L : (*Maos Yésaya 50:4-7*)

Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L : (*Maos sesautan kaliyan umat: Jabur Masmur 118:1-2; 19-29*).

Waosan Kaping Kalih

L : (*Maos Filipi 2:6-11*)

Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking **Yohanes 12:12-16.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken tuwin ngéstokaken pangandikanipun Gusti Allah! Hosiana!

U : (*ngrepékaken*) **Hosiana, hosiana, hosiana!**

- **KHOTBAH**
- **WEKDAL ENING**

PANGAKEN PITADOS *[Jumeneng]*

P/D3 : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah, sumangga kita nganyaraken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli kanthi sesarengan. ...

PANDONGA SYAFAAT (*katuntun déning PS*) *[lenggah]*

PISUNGSUNG

P/D4: "Pangéran Yéhuwah caosana kamulyaning asmané, nggawaa pisungsung lan sebaa marang platarané. Padha sujuda marang Sang Yéhuwah kalawan mangganggo

kasucèn, hé sawrataning bumi kabèh, gumetera ana ing ngarsané.“ (Jabur Masmur 96:8-9)

U : (*Ngaturaken pisungsung sinambi ngrepèkaken KPK 6:1,4*)

KPK 6:1,4 PAMUJI ING PANGIBADAH

Dhuh Allah Ma suci kula asung puji
ing pangibadah puniki
agung kamulyanta ageng sih Paduka
kang nitahken jagad raya
pinuji Hyang Widi kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.

Dhuh Allah Maluhur kula saos sokur
dalalah pisungsung kang katur.
Bandha sarta badan miwah kasagedan,
dadosa kurban kang gesang,
pinundhi Roh Suci ingkang mbereg ati, bekti dhateng Gusti.

P/D4 : (ngajak pasamuwan jumeneng, nuntun pandonga
pisungsung)

KIDUNG PANGUTUSAN

(*kanthi jumeneng umat ngrepèkaken KPK 143:1-3*)

KPK 143:1-3 MUNG TANSAH PASRAH MRING GUSTI

Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka
mung tansah pasrah mring Gusti yéku Pamarta setya
manteb pracaya ing ati manut rèh lan sabda-Nya
tinuntun dumugèng swargi ing kasampurnan nyata.

Aku asring tan mangerti karsèng Allah Makwasa,
donga panyuwuning ati tan kajurungan nulya,
nging yektiné Gusti nganthing astanya tansah ngreksa,
wit panuntuning Roh Suci kasoran rèhing dosa.

Nasibku ing rèhing Gusti tan ana pangrèh liya,
 kasarasan lan rejeki imbuhing sih nugraha,
 rancangan tinata tliti pratandhaning pracaya,
 aku tan kwatir tan wedi mung begja kang pinanggya.

BERKAH

- PS : Kuman dela dhumateng Gusti kanthi gumolonging manah
 saha ampuna sumendhé dhateng pangretosan kita piyambak!
- U : **KAWULA KUMANDEL**
- PS : Dadosa seksinipun Gusti ing pundia kémawon.
- U : Amin.
- PS : Sami nampènana berkahipun Gusti:
 Gusti Allah etuking sadaya berkah lan kakiyatan, badhé
 njangkepi lan nyantosakaken panjenengan (kita), ing
 salebetipun kita lelumban gesang ing jagad punika kanthi
 kakiyatan saha panguwaosing katreasnipun Gusti Allah,
 ing salebeting Asmanipun Sang Rama, Sang Putra, lan
 Sang Roh Suci. Amin.
- U : (*ngrepèkaken*) **Hosiana [5x] Amin [3x]**.
- U : (*ngrepèkaken* **KPK 129:1,2**)

KPK 129:1 **TANSAH BINGAH**

Tyas kita sèstu raharja sinung kabegjan nyata
 déné Allah Kang Ma'kwasa nganggep putra mring kita.
 Mara tansah bungah-bungah wit tinunggil lan Allah.
 Sarta ngambah dalan ing pepadhang kang dugèng kasampurnan.

[mh]



**Bahan Liturgi
Kemis Putih**

Kemis, 29 Maret 2018

**ÈNGET GUSTI YÉSUS
SARTA NYAWIJI
KALAWAN
KATRESNANIPUN**



KATRANGAN

Tata pangibadah ing Kemis Putih punika kalaksanan kanthi wujud drama sarta ngatag umat sami tumut ing salebetipun drama. Tokoh utama ing drama punika Yohanes ingkang yuswanipun sampun ngancik sepuh (Samangké kasebat

Yohanes sepuh). Piyambakipun saweg nyerat Injil ing satengahing pasamuwan ingkang sami nandhang sangsara sabab kaniaya (*umat ingkang kaniaya kapatah déning sadaya umat*). Yohanes sepuh nyobi ngènget-ènget bujananipun Gusti ingkang pungkasan ingkang kaladosaken déning Gusti Yésus. (Pandhita kapatah dados Gusti Yésus) sarta murid-muridipun (para murid dipun kaparagaaken déning pradataning pasamuwan). Ing salebeting nyerat Injil, Yohanes sepuh ngéenget-éenget sadaya lelampahaning gesang ingkang nrenyuhaken manahipun.

Prayoginipun papan pangibadah karancang kanthi dhékorasi ingkang saged damel pangibadah kalaksanan kanthi swasana ingkang wening. Ing satengahing panggung (altar) kacawisaken méjaning bujana. Uba rampé ingkang dipun betahaken kanggé drama: kursi kanggé lenggah Yohanes sepuh ingkang mapanipun ing sakiwanipun panggung. Ugi prelu kacawisaken taman alit kanggé papan pandonganipun Gusti Yésus. Taman punika kacawisaken ing sisih tengenipun panggung. Ing salebeting pangibadah, kalaksanan bujana suci sarta ritual

ngwijiki suku. Waosan Kitab Suci lebur ing salebetting wicantenan ingkang wonten ing drama sarta kidung pepujèn.

Ing pangibadah punika mboten wonten khotbah. Ananging menawi pradataning pasamuwan sapapan tetep kepéngin wonten paladosan khotbah, pramila prayogi paladosing sabda saged kaladosaken sacara rèflèktif. Rèflèksi kacawisaken ing bahan khotbah mangsa paska 2018.

Ys: Yohanes Sepuh; Y: Gusti Yésus; U : Umat; M: satunggaling ném-nèman; P : Pétrus; Ya: Yohanes Anèm; Pb: Satunggaling piyayi setengah sepuh.

ÈNGET KASANGSARAN, ÈNGET KATRESNAN ...

Yohanes sepuh mlebet ing papan pangibadah, nyumet salah satunggal lilin ageng ingkang mapan ing satengahing méjaning bujana tuwin nata sadaya piranti bujana suci. Sasampunipun, Yohanes sepuh lenggah ing kursi ingkang papanipun ing sisih kiwa ngandhap panggung. Piyambakipun nyerat ing satunggaling gulungan kitab ingkang dipun asta.

Juru musik ngungelaken lagu KPK 251 kanthi alus. Gusti Yésus sarta 12 muridipun lumebet ing papan pangibadah tuwin lenggah ing sakupengipun méja bujana. Yohanes anèm lenggah ing sisih tengenipun Gusti Yésus, nyèndhèkaken badanipun dhateng Gusti Yésus. Yohanes anèm nyawang Pasuryanipun Gusti Yésus ingkang ketingal mboten jenjem sarta ajrih. Para murid sanès ketingal remen anggènipun sami wawan pangandikan. Musik kaungelaken kanthi alus.

Ys : (Jengkar saking papan palenggaipun kanthi ngasta gulungan kitab)

Aku kelingan,
 Ing wengi iku ora kaya padatané
 Aku lungguh kanthi sèndhèn ing Panjenengané
 Guru katon béda, ora kaya padatané
 Panjenengané katon ora jenjem
 Panjenengané katon wedi lan kaya-kaya ngrasaaké sangsara
 Sajak ana prekara abot kang dipénggalih Panjenengané...
 Sawetara aku lan para mitra ora preduli
 Aku kabèh ora paham opo sing diadhepi Panjenengané

(Lenggah malih sarta nyerat ing gulungan)

UMAT NGREPÈKAKEN KPK 251 :1-2 YÉSUS, ABDINING SANG YÉHUWAH

1. Abdining Sang Yéhuwah, yekti mung Yésus Gusti
 kang sumuyud mring Allah sampurna suci
 kang ngurbankeun dhiri wit tresna yekti
 mrih sesami raharja mulya ing Swarga
2. Pindha cempéning kurban kang pasrah tan suwala,
 ing ngarsèng pangadilan seksinya dora,
 datan mbikak lathi milaur pati,
 lila legawa tulus dados Panebus.

VOTUM

- Y : (*Gusti Yésus jumeneng*) Mripatku tumenga marang
 gunung-gunung;
 U : Pitulunganku iku pinangkané saka ing ngendi?
 Y : Pitulunganku iku pinangkané saka Sang Yéhuwah, kang
 nitahaké langit lan bumi.
 U : (*ngidungaken*) Amin, amin, amin

SALAM

- Y : Salam tumrap para sedhèrèk
 U : tentrem raharja nunggil ing panjenengan
(Gusti Yésus lenggah)

Ys : (*Jengkar saking palenggahanipun kanthi ngasta gulungan kitab*)

Aku kelingan,
Wis mangsané Guru bakal jengkar saka donya iki
sowan marang Rama.
Padha kayadéné Panjenengané anggoné tansah ngasihi
marang para kagungané kang ana ing donya,
mangkono uga saiki Panjenengané
anggoné ngasihi iku tumeka ing wekasané.

(*Yohanes lenggah malih sarta nyerat ing gulungan*)

KASANGSARANIPUN NGRUKUNAKEN . . .

- Y : Aku wus kepéngin banget dhahar Paska iki bebarengan karo kowé kabéh, sadurungé Aku nandhang sangsara. Awit Aku pitutur marang kowé: Aku ora bakal mangan iku manèh, nganti iku wus kelakon ana ing Kratoning Allah
- Y : (*mundhut roti, nyuwil-nyuwil roti sarta ngandika ...*)
Iki badan-Ku kang kaulungaké marga saka kowé; iki minangka pangèling-èling marang Aku

Ing salebeting bujana suci, juru musik ngungelaken KPK 198 kanthi alus.

Gusti Yésus nyuwil-nyuwil roti lan maringaken dhateng murid-muridipun. Murid ingkang sampun nampi roti nyuwil roti lan dhahar roti punika sarta maringaken roti dhateng murid sanès ing sisihipun. Sasampunipun sadaya murid nyuwil roti lan dhahar roti punika, para murid nglajengaken maringaken roti dhateng umat. Umat ingkang kaparingan roti nyuwil lan dhahar, salajengipun maringaken dhateng umat sanès sing sisihipun.

Y : (*ngesoaken anggur, tuwung kaangkat sarta ngandika*)

"Tuwung iki prajanjian anyar kang sarana getihku, kang kawutahaké marga saka kowé!

Gusti Yésus ngunjuk anggur lajeng maringaken dhateng para murid. Para murid ngombé anggur kanthi gentosan saking satunggal tuwung. Salajengipun para murid maringaken anggur ingkang sampun kacawisaken ing sloki dhateng umat. Anggur kasuwun énggal kaombé.

Ys : (*jumeneng ing satengahing umat*)

Aku kelingan,
 Roti kacuwil-cuwil, anggur kasuntak
 Sarirané kacuwil, rahé kasuntak
 Tatumé amba menganga
 Tatuh iku kaya papan kang tinarbuka
 Papan patunggilan kang kacawisaké Panjenengané
 Kanggo kita lan jagad raya
 Kita kabèh karukunaké lumantar kasangsaranè

(*Lenggah malih sarta nyerat ing gulungan*)

UMAT NGREPÈKAKEN KPK 198 :1-2 PAMUJI ING BUJANA SUCI

1. Dhuh nyawaku sira saosa puji mring
 Pangèran Allah Kang Maha suci
 sabatinku ngluhurna asmané dhuh nyawaku
 Yéhuwah kamulyakna
 aja lali mring gunging kadarmannya
 élingana sawiji wijiné.
2. Pujinen kang ngapura dosanira

kang marasken sagung lelaranira
 nebus uripmu saking antaka
 kang ngerobi sira klawan kawlasan
 wah maregi umurmu lan kadarmen
 myang genonomké kakuwatanira

MITRA?

Ys : (*Jengkar saking palenggahaipun kanthi ngasta gulungan kitab*)

Aku kelingan,
 Nalika kabèh padha kembul bujana, iblis wis mbisikaké pangrantam ing atiné Yudas Iskariot, anaké Simon, supaya nyidrani Panjenengané.

Pb : (*Jumeneng saking satengahing bangku umat lan rumaos mboten nrimah punapa ingkang kapangandikaaken Yohanes sepuh kasebat*)

Mitra?

Panjenengan ngandika menawa Yudas Iskariot iku mitra?
 Apa kowé wus édan?

Opo pantes uwong kang ngulungaké Gusti Yésus iku kasebut mitra?

M : (*Jumeneng saking satengahing bangku umat. Kanthi wicaksana ngèngetaken tiyang setengah sepuh kasebat*)

Miturut panjenengan, punapa panjenengan uga pantes kasebut mitra?

Sanadyan Yudas wus cidra marang Gusti Yésus, ananing dhèwéké wus dadi salah sawijing uwong kang ngetut ing sak mburining Gusti Yésus.

Gusti Yésus kang wus miji Yudas ing sadhèngahing kakurangané.

Gusti Yésus karsa nglampahi margining kasangsaran iku dudu amarga Yudas, ananing krana awaké dhewé.
 Apa kang wus kita tindaké kanggo kamulyané Gusti lan sapepadha kita?
 Kita ora gelem dadi mitrané liyan, apamanèh liyan kang wus natoni kita.
 Kita nampik marang sapepadha kang seneng nyaritakaké kekurangané awaké dhewé.
 Kita nampik marang sapepadha kang cidra marang kita.
 Sawangen lan gatekno dhéwé!
 éba angkuh lan kumingsuné kita...

(Yohanes lenggah malih sarta nyerat ing gulungan)

Umat kaparingan wekdal ngrenungaken dhiri sarta ngakeni dosanipun sacara pribadi

NGREPÈKAKEN KPK 43:1-3 NYUWUN ÉNGGALING MANAH

- 1) Gusti kula sèstu nalangsa, awit asring mbaléla,
 damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya,
 Reff. : dhuh Gusti kawula nyuwun apura,
 sinucèkken sing dosa
 mugi manah kula kaénggalna,
 mituhu Paduka.
- 2) Sèstu kula angraosaken sisah déning momotan,
 nging lamun Paduka ngapunten manah kawula padhang,
 Reff. :
- 3) Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
 wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa,
 Reff. :

TIMBALAN ÉNGGAL . . .

Ys : (*lenggah kanthi nyawang dhateng Gusti Yésus*)

Aku kelingan,

Nalika Guru pirsa Sang Rama wus masrahaké samubarang kabèh marang Panjenengané sarta menawa Piyambaké iku pinangkané saka ing Allah lan wangsul marang Allah.

Gusti Yésus lukar pangagemanipun, mundhut lawon lajeng ngubetaken ing sariranipun, salajengipun ngwijiki sukunipun para murid. Nalika sukunipun Pétrus badhé dipun wijiki, Pétrus nampik, lajeng wonten wicantenan antawisipun Pétrus lan Gusti Yésus.

- P : Gusti, Paduka badhé mijiki suku kawula?
- Y : Apa kang daktindakaké, saiki kowé durung nyandhak maknané, nanging bésuk kowé bakal mangerti.
- P : Paduka sampun ngantos mijiki suku kawula ing salamilaminipun!
- Y : Menawa Aku ora mijiki kowé, kowé ora duwé panduman ana ing Aku.
- P : Gusti, sampun ngamungaken suku kawula kémawon, nanging dalah tangan saha sirah kawula pisan!
- Y : Sapa baé kang wis adus, ora susah adus manèh, kajaba mung wisuh sikilé baé, awit badané sakojur wis resik. Mangkono uga kowé iku wis resik, mung baé ora kabèh.

Sasampunipun sukunipun para murid dipun wijiki, Gusti Yésus ngagem jubahipun sarta lenggah.

- Y : Apa kowé padha mangerti maknané panggawéku marang kowé iki mau? Kowé padha nyebut Aku Guru lan Gusti, lan panyebutmu iku bener, awit Aku iki pancèn Guru lan

Gusti. Dadi menawa Aku iki kang dadi Gusti lan Gurumu wus mijiki sikilmu, dadi kowé iya padha wajib wisuh-winisuhan sikil. Awit Aku wis maringi tuladha marang kowé, supaya kowé kabèh uga nindakaké kaya kang wis daktindakaké marang kowé.

Para murid sami jumeneng lajeng mijiki sukunipun umat. Ing salebeting prosesi mijiki suku, juru musik ngungelaken KPK 105 kanthi alus. Sasampunipun sukunipun umat sami kawijikan, para murid lenggah malih.

Y : (*kanthi trenyuh*)

Satemen-temené Aku pitutur marang kowé: Wong siji saka panunggalanmu bakal ngulungaké Aku.

(*mirsani Yudas*)

Apa kang arep koklakoni, iku énggal tindakna.

(*Yudas jumeneng, nilaraken méja bujana lan lenggah ing satengahing umat*)

Samengko Putraning Manungsa kaluhuraké sarta Allah kaluhuraké ana ing Panjenengané.

(*Gusti Yésus ngrepékaken KPK 105:1 “Gesang Tresna Tinresnan”*)

1. Ing satengahing bebrayan agung mung Pangèran pantes ginunggung rahmatnya binabarken snyata tumrah mring pratitah sadaya
 Refr.: tumemen ndedonga lan makarya
 mrih kebabaring tentrem raharja
 nggih gesang memitran wah
 pasadhèrèkan wit tyang sadaya tresna tinresnan.

SUPADOS SADAYA SAMI DADOS SATUNGGAL ..

- Ys : Aku kelingan,
 Nalika Gusti ngandika, "Mung kari sedhélá manèh"
 Iya, kari sedhélá manèh Gusti ing antarané para murid
 Piyé kedadeyané manawa Gusti nilar para murid?
 Tanpa Gusti, apa kang bakal kita alami?
 Panjenengané énggal jumeneng, tumenga marang langit
 lan ndedonga.
- Y : Dhuh Rama, sampun dumugi wancinipun; mugi Putra
 Paduka kaluhurna, supados Putra Paduka ngluhuraken
 Paduka.
- Kadosdéné anggèn Paduka sampun maringi pangwaos
 mengku sawarnining agesang dhateng Sang Putra,
 makaten ugi Sang Putra inggih badhé maringi gesang
 langgèng dhateng sadaya ingkang sampun Paduka
 paringaken dhateng Sang Putra.
- Ys : Nalika aku éling pandongané Gusti Yésus, aku banjur
 ndedonga marang Allah,
 Rama, saéstu leres! Inggih punika margi ingkang tumuju
 gesang langgèng:
 Inggih punika manawi tiyang sami wanuh dhumateng
 Paduka, Allah ingkang sejatos, sarta dhumateng Yésus
 Kristus utusan Paduka.
- Y : Rama, Kawula sampun ngluhuraken Paduka wonten ing
 bumi lumantar anggèn Kawula sampun ngrampungaken
 pakaryan ingkang Paduka paringaken dhateng Kawula
 supados katindakaken.
- Déné sapunika, dhuh Rama, mugi Paduka ngluhuraken
 Kawula wonten ing ngarsa Paduka piyambak kanthi

kaluhuran ingkang sampun Kawula darbèni ing ngarsa Paduka sadèrèngipun jagad tinalesan.

Rama, Kawula suwun supados sadaya sami dadasa satunggal kadosdéné Paduka, dhuh Rama, wonten ing Kawula, sarta Kawula wonten ing Paduka, murih sami dadasa satunggal ing Paduka lan Kawula, supados jagad pitados, bilih Paduka ingkang ngutus Kawula.

Kawula sampun nyukakaken kamulyan, ingkang Paduka paringaken dhateng Kawula, dhateng tiyang-tiyang punika, supados sami dados satunggal, kadosdéné Paduka lan Kawula inggih dados satunggal.

Kawula wonten ing tiyang-tiyang punika sarta Paduka wonten ing Kawula supados sampurna anggènipun dados satunggal, sarta supados jagad mangertos, bilih Paduka ingkang sampun ngutus Kawula saha bilih Paduka nresnani tiyang-tiyang punika kadosdéné anggèn Paduka nresnani Kawula.

Dhuh Rama ingkang adil, jagad punika pancèn mboten wanuh dhateng Paduka, nanging Kawula wanuh dhateng Paduka, sarta tiyang-tiyang punika sami mangertos, bilih Paduka ingkang sampun ngutus Kawula.

Punapadéné asma Paduka sampun Kawula sumerepaken dhateng tiyang-tiyang punika sarta inggih badhé Kawula sumerepaken, supados katresnan ingkang Paduka paringaken dhateng Kawula punika wonten ing tiyang-tiyang punika, sarta Kawula inggih wonten ing tiyang-tiyang punika."

DUMUNUNG ANA ING AKU . . .

Gusti Yésus lan para murid nilar méja bujana. Gusti Yésus tumuju ing taman lajeng sujud ndedonga. Pétrus, Yakobus lan Yohanes aném tilem ing sacelakipun Gusti Yésus. Para murid sanès sami lenggah ing satengahing umat. Yohanes sepuh ing sawingkingipun Gusti Yésus kanthi trenyuh. Yohanes sepuh ketinggal nyobi ngrengkuh perihing manah nalika ngajengaken Gusti Yésus kacepeng.

Umat ngrepèkaken, Taizé “Tinggallah Bersama Aku”

9. BLEIBET HIER

1=F ; 4/4 ; MM=72

<p>Dm</p> <pre> 1 1 7 . 7 6 6 6 . 6 3 3 4 . 4 6 6 6 . 6 </pre> <p>Blei - bet hier und wa - chet mit mir Wa - chet und Stay with me, re - main here with me, watch - ing and Ting - gal - lah ber - sa - ma A - ku di da - lam</p>	<p>Gm</p> <pre> 1 1 7 . . 6 6 6 . . 3 3 3 . . 6 6 6 . . </pre> <p>wa - chet mit mir Wa - chet und watch - ing and di da - lam</p>	<p>'</p> <p>Dm</p> <pre> 1 . 2 5 6 . 7 7 3 . 5 5 6 . 5 5 </pre> <p>C</p> <pre> 1 . 2 5 6 . 7 7 3 . 5 5 6 . 5 5 </pre>
<p>F</p> <pre> 3 . 2 . 1 . 7 . 5 . 5 . 1 . 5 . </pre> <p>be - tet, pray - ing, do - a,</p>	<p>C</p> <pre> 1 . 1 2 6 . 6 6 3 . 3 4 6 . 6 6 </pre> <p>wa - chet und watch - ing and da - lam</p>	<p>'</p> <p>Dm</p> <pre> 1 . 1 2 6 . 6 6 3 . 3 4 6 . 6 6 </pre> <p>Asus</p> <pre> 7 . . 6 . . 3 . . 3 . . </pre> <p>be - tet. pray - ing. do - a.</p>
<p>A</p> <pre> 7 . 0 5 . 0 3 . 0 3 . 0 </pre>		<p>A</p> <pre> 7 . 0 5 . 0 3 . 0 3 . 0 </pre>

Kidung Taizé punika saged karepèkaken kanthi basa Jawi:
Nunggilla kaliyan Gusti, ing pandonga, ing pandonga

Yudas Iskariot lumebet ing papan pangibadah sareng pengawal cacah kalih. Para pengawal nangkep Gusti Yésus lan ngarak Panjenenganipun medal saking papan pangibadah. Yudas mejahi lilin ing nginggil méja ingkang mralambangaken katutupipun margining Sang Padhang. Gusti Yésus kaarak medal saking papan pangibadah kanthi kesesa. Umat tetep ngrepèkaken kidung Taizé , "Tinggallah Bersama Aku" (mawi basa jawi) lan nilar papan pangibadah kanthi wening. Yohanes sepuh tetep ndedonga.

(tbg - wsn)



Bahan Liturgi
Jumuwah Adi

Jumuwah, 30 Maret 2018

**NGRENGKUH
PEJAH KANGGÉ
NGGAYUH
KAMULYANING
GESANG**



Ing pangibadah punika sapérangan cariyos bab anggènipur Gusti Yésus sinalib kaparagaaken. Pramila punika, dipun betahaken wekdal kanggé para paraga gladhèn. Warna surem (cemeng) dados warna ingkang pinujul / dhominan. Dhékorasi gréja kadamel climèn (boten kathah). Lawon (kain) cemeng kaginaaken nutup mimbar, salib sarta méja bujana. Warna cemeng mratandhaaken sureming gesang sarta awrating pangorbananipun Sang Kristus.

Katrangan:

N : Narator

L : Lèktor

U : Umat

P/D : Pinisepuh/Dhiaken

PS : Palados Sabda

PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan ngibadah.*
- *Pamaosing tata pangibadah.*
- *Wekdal ening pribadi, para paladosing pangibadah lenggha kursi ingkang mapan ing ngajeng.*

TETEMBUNGAN ING SALIB

- *Kaparagaaken lampahing salib: Gusti Yésus mlampah kanthi awrat lumebet ing papan pangibadah. Prajurit cacah sekawan mlampah ing sawingkingipun Gusti Yésus. Ang-*

gènipun maraga kaatag mboten maragaaken kakerasan. Sasampunipun lumampah sawetawis jangkah, Gusti Yésus dhawah kanthi lemes, para serdadhu mèndel, ningali kanthi sorot ingkang mboten preduli.

N1 : Ing dinten Jumawah punika, ing satengahipun pangucap-pangucap ingkang ngasoraken, Gusti Yésus mlampah tumuju dhateng Golgota. Ketingal polah tingkahipun prajurit ingkang mbekta tulisan ing papan,” Yésus, saka Nazarèt, raja saka Yahudi.” Anggènipun sami gumujeng ngetingalaken anggènipun sami ngasoraken Gusti Yésus ingkang sariranipun kebak tatu. Cidranipun Yudas lan Simon karaosaken ing manah-Ipun. Landheping paku nuwek asta tuwin sampeyan-Ipun. Ing salebeting sangsara sarta duhkitanipun, Panjenengané munjuk:

N2 : Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugi Paduka apunten, amargi sami mboten mangertos punapa ingkang dipun tindakaken.

U : DHUH GUSTI, \ DINTEN JUMUWAH PUNIKA \ KAWULA NGELAK \ MIRENG SABDA PADUKA \ SUPADOS KAWULA \ PIKANTUK PANGAPUNTEM \ mbOTEN AMARGI \ KAWULA BOTEN MANGERTOS \ SADAYA INGKANG KAWULA TINDAAKEN \ ANANGING AMARGI KAWULA MANGERTOS \ SADAYA INGKANG SAMPUN KAWAWAS \ TUWIN SAMPUN KALAMPAHAN.

- *umat sesarengan ngrepèkaken KPK 246:1*
- *Nalikanipun umat ngrepèkaken KPK 246:1, paraga Gusti Yésus lumampah kanthi ringkih sarta kèndel malih.*

SANGSARANIPUN GUSTI
do = d 3 ketuk

- Dhuh Yésus Gusti kula sinandhangan wirang rikinarya makutha pinoyok tyang kathah rinangkèt lir durjana, cinampah siniya dhuh Allah punapaa, tan ngéman kang Putra.

N1 : Ing dinten Jumawah punika, satunggaling durjana moyoki Gusti Yésus. Ketingal piyambakipun ngrumaosi minangka péhak ingkang paling saé. Ananing durjana ingkang satunggalipun ngrumaosi gesangipun ingkang kebak dosa sarta mirsani éba suci lan mulyanipun Sang Kristus. Gusti Yésus ngandika dhumateng piyambakipun:

N2 : Aku pitutur marang kowé, satemené ing dina iki uga kowé bakal bebarengan karo Aku ana ing Firdaus.

U : DHUH GUSTI, \ DINTEN JUMUAH PUNIKA \ KAWULA SAMI NGAKENI KAWONTENAN KAWULA, \ KAWULA PUNIKA PARA DURJANA \ KAWULA SAMPUN NGLAMPAHI SAWERNINING DOSA \ ING NGARSANIPUN GUSTI DHUH GUSTI, \ KAWULA KASAGEDNA \ KADOS DURJANA \ INGKANG NGRUMAOXI SADAYA DOSA \ SAHA KALEPATANIPUN.

- umat sesarengan ngrepékaken KPK 246:2*
- Nalikaning umat ngrepékaken KPK 246:2, paraga Gusti Yésus lumampah kanthi ringkih sarta kèndel malih.*

SANGSARANIPUN GUSTI
do = d 3 ketuk

- Dhuh Yésus kang Masuci inganggep durjana, wit dosa kula ugi Paduka pinenthang, sèstu nggèn kula getun dé nglawan mring Gusti, mugi Paduka tuntun mrih gesang utami.

N1 : Ing dinten Jumu wah punika, kanthi unjaling ambegan ingkang karaos awrat, Panjenenganipun mirsa saking katebihan...

Kanjeng ibu ketingal jumeneng ing pojoking papan kanthi luh ingkang nrocos. Crocosing luh saking ibu ingkang kebak ing katresnan. Ing salebetipun ngajengaken ngajalipun, Panjenenganipun ènget kanjeng ibu, lajeng matur dhateng kanjeng ibu ingkang lajeng jumeneng ing sasisihipun sekabat ingkang dipun tresnani:

N2 : Ibu, punika ingkang putra! Lah, iki ibumu....

U : DINTEN JUMUWAH PUNIKA, \

KAWULA NYINAU TULADHANIPUN GUSTI \ SUPADOS SAOS URMAT DHATENG TIYANG SEPUH \ SAHA PREDULI DHATENG SAKIWA TENGEN KAWULA. \ KADOSDÉNÉ SABDA PADUKA, \ "MENAWA ANA WONG KANG MUNI, \ "AKU TRESNA MARANG ALLAH," \ NANGING SENGIT MARANG SADULURÉ, \ IKU WONG GOROH. \ AWIT SAPA KANG ORA TRESNA MARANG SADULURÉ KANG KATON, \ MOKAL BISA NRESNANI ALLAH \ KANG ORA KATON.

- umat sesarengan ngrepèkaken KPK 246:3
- Nalikaning umat ngrepèkaken KPK 246:3, paraga Gusti Yésus lumampah kanthi ringkikh sarta kèndel malih.

SANGSARANIPUN GUSTI

do = d 3 ketuk

3. Dhuh Yésus kang wineca jumeneng Pantara,
mugi pra kagunganta dèn tansah èngeta,
sangsara lan kwirangan nggih salib Paduka,
mrih tiyang dosa sami manggih gesang yekti!

N1 : Ing dinten Jumu wah punika, nalika Panjenenganipun badhé ngunjali napas pungkasan, wekdal semantan ngancik tabuh siang ... siang ingkang surem. Sang Rama kados-kados nilar Panjenenganipun. Prastawa punika

wujud satunggaling kawontenan nggegorisi ingkang saèstu nuwuhaken raos ajrih....

Sang Kristus lumampah kadyo nir panganthining Sang Rama, lumebet ing teleng palimengan... Kanthi raosing manah ingkang geter, Panjenenganipun nguuh:

- N2 : Èli, Èli, Lama Sabakhtani. Èli, Èli, Lama Sabakhtani.
 U : DHUH GUSTI, \ DINTEN JUMUWAH PUNIKA \ KAWULA NGAKENI, \ KAWULA PITADOS DHATENG GUSTI ALLAH INGKANG SAÉ \ ALLAH INGKANG NGURBANAKEN DHIRINIPUN \ ALLAH INGKANG BOTEN MIRSA KAWULA PINANGKA ABDI, \ ANANING INGKANG NDADOSAKEN KAWULA MITRANIPUN.

- umat sesarengan ngrepèkaken KPK 247:1
- Nalikaning umat ngrepèkaken KPK 247:1, paraga Gusti Yésus lumampah kanthi ringkikh sarta kèndel malih.

PAMUJI ING JUMAT AGUNG do = F 4 ketuk

Ing dinten adi puniki kula muji mring Gusti kang dados juru basuki karsa ngurbanken dhiri sinalib dumugèng séda nyanggi bebendu ning dosa mrih tyang pracaya waluya, rinukunken klayan Allah, nggih dinadosken Putra-Nya cinadhhang kraton swarga.

- N1 : Ing dinten Jumuwal punika, nyelaki pegating nyawa, Panjenenganipun karsa mundhut tuwung kasangsaran, saéngga kanthi lirih Panjenenganipun ngandika:
 N2 : Aku ngelak!

- U : DHUH GUSTI, \ DINTEN JUMUWAH PUNIKA \ KAWULA KAÈTAKEN BILIH PADUKA KARSA DADOS ABDI INGKANG TUHU \

KAWULA NYUWUN AGUNGING PANGAPUNTEM \
AWIT GESANG KAWULA INGKANG ASRING MBOTEN
SETYA. \

KAWULA ASRING PINTER NGUCAPAKEN PRASETYA \
NANGING ASRING MBOTEN SAGED \ NYEMBADANI
SÉDAYA PRASETYA \ INGKANG SAMPUN KAWULA
UCAPAKEN ...

- *umat sesarengan ngrepèkaken KPK 247:2*
- *Nalikaning umat ngrepèkaken KPK 247:2, paraga Gusti Yésus lumampah kanthi ringkikh sarta këndel malih.*

PAMUJI ING JUMAT AGUNG

do = F 4 ketuk

Ing dinten riyadi niki kula nggunggung mring Gusti,
kang gung tresnanya mring jalma
ngantos nombokken nyawa,
kang nimbali pra pracaya ndhèrèk tunggil ing sédanya
nampik kepincuting dosa tansah ngudi gesang suci,
mbangun turut dhateng Gusti mrih asih trusing ati.

- N1 : Ing dinten Jumuwal punika, dinten pucaking kasangsaran.
Ing salebeting pitados dhumateng rancangan Sang Rama
ingkang adi, Gusti Yésus ngrampungaken lelampahaning
kasetyanipun minangka Putraning Manungsa. Panjene-
nganipun matur:
- N2 : Dhuh Rama, kawula masrahaken nyawa Kawula wonten
ing asta Paduka.
- U : DHUH GUSTI, \ ING DINTEN JUMUWAH PUNIKA \
KAWULA NGRUMAOXI, \
PADUKA SAESTU ALLAH INGKANG SAÉ \
KAWULA BADHÉ NGLAJENGAKEN TIMBALAN
PAKARYAN PEPARING PADUKA \ KANTHI PASRAH
SUMARAH \ DHUMATENG PANGUWAOS SARTA
PANUNTUN PADUKA.

- *umat sesarengan ngrepèkaken KPK 255:1*
- *Nalikaning umat ngrepèkaken KPK 255:1, paraga Gusti Yésus lumampah kanthi ringkih sarta kèndel malih.*

SANG KRISTUS MANUNGSA SAMPURNA
do = D 6 ketuk

1. Manungsa sampurna yekti yeku Kristus Gusti mbabarken tresna nyata srana kurban nyawa sangsara dumugeng séda nebus gung manungsa temahan samya waluya luwar sing antaka

N1 : Ing dinten Jumuwalah punika, dinten kasetyanipun Abdining Allah, Gusti Yésus Kristus. Sang Kristus menang kanthi nengsemaken. Panjenenganipun nyampurnaaken sadaya ingkang kalampahan saprelu tumuju dhateng kamulyaning Kratoning Allah.

N2 : Wus Rampung.

U : DHUH GUSTI, \ DINTEN JUMUWAH PUNIKA \ KAWULA KAÈNGETAKEN \ BILIH KAUNGGULAN PUNIKA \ NAMUNG WONTEN ING ASTA PADUKA. \ KAWULA NYUWUN KAKIYATAN \ SUPADOS KAWULA TANSAH PITADOS DHUMATENG GUSTI.

- *umat sesarengan ngrepèkaken KPK 255:2*
- *Nalikaning umat ngrepèkaken KPK 255:2, paraga Gusti Yésus metak salib ing satengahing altar.*

SANG KRISTUS MANUNGSA SAMPURNA
do = D 6 ketuk

2. Sang Kristus jalma sampurna mbabar tresna nyata saliring tyang dèn tresnani dalah kang mengsahi tan nandukken kekerasan ngegungken kadarman yogya samya den tuladha olah tresna nyata.

NGÈNGET-ÈNGET GUSTI YÉSUS INGKANG KASALIB

N2 : Wanci rumiyin,
Gusti Yésus kaukum pejah
Séda kanthi kapenthang ing kajeng salib
Kados-kados mboten wonten papan sanès ing jagad
punika
Panjenenganipun kagantung ing antawisipun langit lan
bumi

Gusti Yésus kasalib karana manungsa nampik
Panjenenganipun
Panjenenganipun kapenthang kanthi kalukaran, tanpa
daya
Ananging Sang Rama nampi kasetyanipun
Sarta kaganjar kamulyang langgèng.

N1 : Samangké,
Gusti Yésus taksih kaukum pejah
Séda kapenthang ing salib
Dosanipun jagad...
Ndadosaken Putraning Allah kasédani
Dosa-dosa ngangkah pejahing sadaya putraning Allah

Gusti Yésus tetep nandhang kasangsaran
Ing salebetung sangsaranipun sesami.
Ing sapundi-pundi papan kapanggihaken tiyang ingkang
kasatan kaadilan, sami kerapan ing bab kapenuhaning
hak-hak gesangipun, sami cengklungen ngajeng-ajeng
gesang ing pasedhèrèkan.
Kita mirsa wontenipun piala ingkang ngrisak raketin
katresnan ing salebetung brayat, ing antawisipun tataran
sosial, ing salebetung bangsa, sarta salebetung sesambutan
ing antawisipun manungsa.

Ing salebeting prekawis punika, mirengna sabdanipun Allah:"Kasangsarané umat-Ku wis dakpirsani lan Aku wis mireng pasambaté wong-wong kang padha nyuwun diluwari saka ing para panindhes. Sejatiné, Aku mirsa sakèhing kasangsarané. Mulané Aku tedhak prelu ngluwarké wong-wong iku".

Sumangga, kita tumut nélakaken pakaryanipun Allah, supados sédanipun Sang Mesih Yésus Kristus nuwuhaken gesang ingkang kapenuhan ing kaadilan sarta karahayon ing satengahing jagad.

- *umat jumeneng, sesarengan ngrepèkaken KPK 256:1-2*

MANDENG YÉSUS KANG KASALIB do = d 3 ketuk

1. Mandeng Yésus yèku Gusti
kang sinalib wah ngemasi
sirna gumunggunging ati
nging ngorong mring urip suci.
2. Nèng ngarsèng salibing Gusti
drajad, bandha tan pangaji
kang utami wung sawiji
gesang lan wilujeng yekti.

PALADOSAN PANGANDIKA

- *Pandonga kanggé paladosan Pangandika déning Palados Sabda.*
- *Pamaosing Kitab Suci*

L : (*Maos waosan kapisan: Yésaya 52:13- 53:12, kapung-kasan kanthi pratéla: "Makaten sabdanipun Gusti"*)
U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

L : (*Maos tanggapan: Jabur 22:1-25*)

L : (*Maos waosan kaping kalih: Ibrani 4:14-16, 5:7-9 kapungkasan kanthi pratéla: “Makaten sabdanipun Gusti.”*)

U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

PS : (*maos waosan Injil: Yohanes 19:16b-37, kapungkasan kanthi pratélan: Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti saha ngèstokaken. Hosiana!*

U : (*ngrepèkaken*) HOSIANA, HOSIANA, HOSIANA!

- **KHOTBAH**
- **WEKDAL ENING**

PANGAKEN PITADOS

[jumeneng]

P/D : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita téjakken pangakening pitados kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli

PANDONGA SYAFAAT

[lenggah]

(*PS nuntun pandonga syafaat kapungkasan kanthi ngucapaken sesarengan “Donga Rama Kawula”*)

PISUNGSUNG SOKUR

P/D.: Gusti Allah, kawula sami saos sokur ing ngarso Tuwan. Paduka sampun ngurbanaken dhiri kanggé kawula.

U. : KAWULA PUNIKA SINTEN \ SAÉNGGA PIKANTUK SIH KAWELASAN \ TUWIN PANGURBANANIPUN GUSTI? \ KAWULA PUNIKA NAMUNG LEBU \

P/D.: Pramila punika, sumangga kita saos sokur dhateng Panjenenganipun. Sabdanipun makaten: “Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas: Mulané padha ngluhurna Allah srana badanmu!” (I Kor 6:20).

U. : KAWULA BADHÉ NYINAU \ NGLUHURAKEN
 ASMANIPUN ALLAH \ KANTHI SADAYA INGKANG
 WONTEN ING GESANG KAWULA.

▪ *umat misungsung kanthi ngrepèkaken KPK 5:1-3*

PAMUJI KONJUK GUSTI
 do = f 3 ketuk

- 1) Pinuji-puji Gusti kang nitahken jagad raya
 nggih siyang dalam ratri tan sah lubèr sih rahmat-Nya,
 donya gingsir wah sirna sih-Nya langgèng slaminya.
 - 2) Pinuji-puji Gusti nggih Allah kang Mahamirah
 pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
 salir ingkang pinanggya dados margining begja.
 - 3) Pinuji-puji Gusti Hyang Maluhur Mahasuci,
 kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,
 wah tinuntun mring swargi mring kraharjan sejati.
- *umat jumeneng*
 ▪ *P/D ngunjukaken pandonga pisungsung*

PANGUTUSAN LAN BERKAH

P : Sumangga kita ngènget kasangsaran, salib sarta sédaning Gusti Yésus.

U : SUPADOS KITA TANSAH ÈNGET PANGURBANANIPUN GUSTI YÉSUS.

P : Sumangga kita nYènyuwun supados sih kawelasanipun sang Kristus tansah karaosaken ing padintenan ingkang kebak ruwet rentenging gesang.

U : SUPADOS KAWULA TANSAH ANDUM KAMULYANING SALIB!

umat ngrepèkaken KPK 249:1-3

KPK 249. GUSTI YÉSUS SINALIB
 do = g 4 ketuk

- 1) Gusti Yésus sinalib, sinrahken Allah priyangga,
karsa nyangga paukuman myang lakanat
dados lintuning jagad.
- 2) Gusti Yésus sinalib sinami lan tiyang dosa,
nging yektiné dosa duraka kita
sinanggi ing sriranya.
- 3) Gusti Yésus sinalib ngurbanken srira pribadya,
mrih manungsa rukun klayan Sang Rama
temah gesang raharja.

U : (*ngrepèkaken*) HOSIANA [5x] AMIN [3x]

(asp - wsn)



**Bahan Liturgi
Setu sepi**

Sabtu, 31 Maret 2018

**SIRNANING
PANGAJENG-AJENG**



Wonten ing pangibadah punika, umat dipun ajak ngraosaken lelampahanipun Gusti Yésus ingkang nandhang sangsara, kasalib lan séda. Punapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus? *Hans Urs von Balthasar* nyebataken bilih ing dinten Setu, Gusti Yésus tumedhak dhateng teleng palimengan kanggé martosaken bab karesnanipun Allah. Pepejah dipun damel kawon.

Ing péanganan sanès, para sakabat nandhang sungkawa. Pangajeng-ajengipun telas. Sirnaning pangajeng-ajeng inggih saged kita alami. Awit saking punika ing dinten Setu sepi punika umat dipun ajak ngraosaken gesangipun.

Ing pangibadah punika mboten wonten khotbah. Nanging menawi wonten ingkang ngersakaken khotbah, palados saged ngginakaken bahan khotbah Setu Sepi mangsa Paska 2018. Kekidungan ingkang kaginakaken saking kekidungan Taize. Rerengan ing gedhong greja kanthi lampu ingkang remeng-remeng. Umat saged lesehan utawi lengkah wonten ing kursi.

PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan pangibadah*
- *Wara-wara lampahing pangibadah*
- *Paraga tim musik nyuwantenaken musik kanthi lirih*
- *Kacawisna salib ukuran ageng minangka sarana prosesi ing sakiwa-tengen salib.*
- *Kekidungan taize kakidungaken wongsal-wangsul. Umat saged pacawisan saderengipun pangibadah kawiwitan.*

- *Wekdal ening pribadi umat, para palados sampun sami lenggah ing pérrangan ngajeng*

N : Dinten Setu punika para sakabatipun Gusti saweg nandhang sungkawa. Sami kécalan pangajeng-ajeng awit Gusti Yésus ingkang dados sumbering pangajeng-ajeng séda kanthi patrap mrihatosaken. Manahipun para sakabat peteng.

Lelampahan ingkang tumama ing gesangipun para sakabat saged ugi kita alami. Ing ngriki kita mbetahaken sunaring pangajeng-ajeng.

*(umat lumebet ing wekdal ening.
Kalajengaken ngunjukaken pamuji)*

Waosan Ayub 14:1-22 Kidung Pamuji Gusti Yésus sunaring manah kula

78. JESUS YOUR LIGHT (LORD JESUS CHRIST)

= D ; 4/4 ; MM = 66

St. Agustinus

B _m	E _m	A	D	B _m	A	D
6 6 3 1 1 1	4 0 2 2 0 1	5 5 2 7 6 7	3 3 1 1 1 1	1 1 1 5 5 6	1 1 1 3 3 3	2 1 2 7 6 7
3 3 6 6 6 6	6 0 4 2 0 2	2 2 5 5 5 5	5 5 6 1 1 6	6 6 6 6 6 6	5 5 5 5 5 5	3 3 3 5 5 6
	2 0 2	5 5 5				5 5 5

Je - sus, your light is shi - ning with - in us. Let not my doubts and my dark-ness
Lord Je - sus Christ, your light shines with- in us. Let not my doubts and my dark-ness
Ye - sus Kris- tus, ca - ha - ya ha - ti - ku. Ja - uh - kan a - ku da - ri ke -

G ⁶	F [#]	B _m	E _m	A	D	G
6 6 2 2	8 . 3 .	6 6 3 1 1 1	4 0 6 2 0 1	7 7 5 7 6 7	3 3 1 1 1 1 1 1	
6 6 4 4	7 . 3 .	6 3 6 6 6 6	6 0 4 2 0 2	2 2 5 5 5 5	5 5 6 6 1 1 4 4	

Speak to me. Je - sus, your light is shi - ning with - in us. Let my
Speak to me. Lord Je - sus Christ, your light shines with- in us. Let my.
ge - lap - an. Ye - sus Kris- tus, ca - ha - ya ha - ti - ku. Bi - ar -

G⁶	B_m	F[#]	B_m
2 1 2 3 6 5	6 . . 6 6 3	6 . . 1 1 1	6 . . 3 3 6
2 1 2 1 7 7	1 . . 6 6 6	1 . . 3 3 3	1 . . 6 6 6
6 6 6 6 3 3	3 . . 6 6 6	3 . . 6 6 6	3 . . 6 6 6
4 4 4 3 3 3	6 . . 6 6 6	6 . . 6 6 6	6 . . 6 6 6

heart al-ways wel-come your
heart al-ways wel-come your
kan ku - sam - but cin - ta -
love. Je - sus, your
love. Lord Je - sus
mu. *Ye - sus Kris -*

(Pertalan Jawi Taize déning Pdt. Tanto Kristiono)

Dhuh Sang Kristus sunaring tyas kula, tinebihna kawula
saking dosa, dhuh Sang Kristus sunaring tyas kula, kawula
ananggapi tresna Paduka

Pamaosing Mazmur 31: 1-4,15-16

Kidung Pamuji

Tuhan penyelamat kita

L ajuda em vindrá

1=Es; 2/2; MM=82

(A) **(B)**
 $\overline{3} \parallel : 6 \quad \overline{6 \quad 6} \quad 5 \quad \overline{4 \quad 2} \mid 3 . \quad \overline{3 \quad 2} \parallel 1 \quad \overline{. \quad 1} \quad \overline{7 \quad 2} \mid 1 \quad \overline{. \quad ?} \quad \overline{. \quad ?} \parallel$
 Tu - han pe - nye - la- mat ki - ta, Di - a - lah Tu - han ki - ta, pen -
 L'a - ju - da em vin-drá del Se - nyor, del Se - nyor, el nos - tre Déu, que ha

C | 6 1 2 4 4 | 3 1 2 3 . 3 || 3 . . 6 6 | 6 . 8 . 3 :||
 cip - ta la-ngit ser - ta bu - mi, la - ngit ser-ta bu - mi. Tu -
 fet el cel i la ter - ra, el cel i la ter - ra. L'a -

(Pertalan Jawi kidung Taize déning Pdt. Tanto Kristiono)

Paduka Juruwilujeng kawula, Gusti kita,
Kang nitahaken langit bumi, langit bumi

Waosan 1 Petrus 3:7-8

Kidung Pamuji

8. BLEIB MIT DEINER GNADE

1 = Bes ; 4/4 ; MM = 72

Gm	E ^b M ⁷	E ^b ⁶	D	GM/D	Dm ⁷	Gm ⁶ /D	D
3 . 3 3 3	6 6 7 5 .	i . 7 6	7 . 0 3				
1 . 1 1 1	3 2 2 3 .	3 . 5 4	3 . 0 3				
6 . 6 6 6	6 6 6 7 .	3 . 2 1	7 . 0 3				
6 . 6 6 6	4 4 4 3 .	3 . 3 3	3 . 0 3				
Bleib mit dei - ner Gna - de bei uns, Ting - gal - lah ber - sa - ma ka - mi,				Herr	Je - su	Christ.	Ach,
				Tu - han	Ye - sus,		dan
Gm	E ^b	Cm F	B ^b	Cm	B ^b /D F	Gm	D
i . i i i	2 1 2 3 .	2 . 1 7	6 . 5 0				
3 . 3 4 4	4 5 5 5 .	4 . 5 5	3 . 3 0				
3 . 3 6 6	6 6 7 1 .	6 . 1 2	1 . 7 0				
6 . 6 4 4	2 5 5 1 .	2 . 3 5	6 . 3 0				
bleib mit dei - ner Gna - de bei uns, te - rang - i - lah ha - ti ka - mi				dù	treu - er	Gott.	
				de - ngan si	- nar - Mu.		

(Pertalan Jawi Taize déning Pdt. Tanto Kristiono)

Rawuha ing manah kula, Gusti Yésus,
amadhangana manah kula, cahya Paduka

Waosan Matius 27:57-66

Prosesi Salib

Umat ndedonga ing sacelakipun salib. Nalika ndonga, prelu ngèngeti wekdal, sabab kathah umat sanèsipun ingkang kepéngin ndonga ing sacelakipun salib. Nalika prosesi punika umat ngidung

77. JESUS REMEMBER ME

1 = eB (eS) ; 3/4 ; MM = 69

Luk. 23,42

E ^b	F _m A _b	B ^b	E ^b
3 3 0 3	4 3 4 0	2 2 2 2 1 2	3 2 3 .
1 1 0 1	2 1 2 0	7 7 7 7 6 7	1 7 1 .
5 5 0 5	6 5 6 0	5 5 5 5 5 5	5 5 5 .
1 1 0 1	1 1 1 0	5 5 5 5 5 5	1 1 .
Je - sus re - mem-ber me Ye - sus i - ngat a - ku		when you co-me in-to your di da-lam ke - ra - ja - king - dom. an - Mu.	

C^m	F^m Ab	B^b	E^b
1 1 0 1 6 6 0 6 3 3 0 3 6 6 0 6	2 1 2 0 6 6 6 0 4 3 4 0 4 4 4 0	7 7 7 7 5 5 5 5 2 2 2 2 5 5 5 5	1 1 5 5 3 2 3 1 1
Je - sus Ye - sus	re - mem-ber me i - ngat a - ku	when you co-me in-to your di da- lam ke - ra - ja -	king-dom. an - Mu.

(Pertalan Jawi Taize déning Pdt. Tanto Kristiono)

Yésus èngeta dhateng kawula ing kraton Tuwan
 Yésus èngeta dhateng kawula ing kraton Tuwan

*Umat ngunjukaken pandonga kapimpin déning petugas.
 Pandonga dipun pungkasi Donga Rama Kawula.*

Kidung Pamuji

36. NADA TE TURBE

1=C ; 4/4 ; MM=72

Am	Dm7	G	Em/C	F	Dm6	E	Am
3 3 5 4 4	2 2 4 3 3	6 6 6 7 7	7 7 7 1 1				
1 1 1 1 1	7 7 7 7 7	6 6 1 7 7	3 3 3 3 3				
6 6 6 6 6	5 5 5 5 5	4 4 4 4 4	6 6 8 6 6				
6 6 6 2 2	5 5 5 1 1	4 4 4 2 2	3 3 3 6 6				

Na - da te tur - be, na - da te es - pan - te. Quien a Dios tie - ne na - da le fal - ta.
 Ja - ngan - lah ce - mas, ja - ngan - lah ta - kut. Di da - lam Tu - han ber - lim - pah rah - mat.

Am	Dm7	G	Em/C	F	Dm6	E	Am
3 3 5 4 4	2 2 4 3 3	6 6 7 .	5 . 6 .				
1 1 1 1 1	7 7 7 7 7	1 1 7 .	7 . 1 .				
6 6 6 6 6	5 5 5 5 5	4 4 4 .	3 . 3 .				
6 6 6 2 2	5 5 5 1 1	4 4 2 .	3 . 6 .				

Na - da te tur - be, na - da te es - pan - te. So - lo Dios bas - ta.
 Ja - ngan - lah ce - mas, ja - ngan - lah ta - kut. Se - rah - kan Tu - han.

(Pertalan Jawi Kidung Taize déning Pdt. Tanto Kristiono)

Aja sumelang lan aja giris, anèng Sang Kristus lubèr sih-rahmat
Aja sumelang lan aja giris, pasrah mring Gusti

Pangibadah purna

*Tumrap umat ingkang ngersakaken ndedonga
pribadi, kacawisan wekdal.*

*Pisungsung saged kalebetaken ing kothak
utawi baskom ingkang katutup serbet.*

**Sugeng ngraosaken pulihing pangajeng-ajeng.
Amin**

Kidung pungkasan (Ngiringi ingkang sami ndedonga)

16. DANS NOS OBSCURITES

1 = G ; 4/4 ; MM = 63

B	Em	Em	D
0 8 8 8 8 4 8	6 . 6 6 6 7 1 7 6 7 1 2		
0 3 3 3 3 . 3 . 3 3 3 3 6 6 6 6 6 7			
0 7 7 7 6 7 1 . 1 1 1 2 3 2 1 2 3 5			
0 3 3 3 3 3 6 . 6 6 6 6 6 6 6 6 6 5			

Dans nos ob - scu - ri - tés, all - u - me le feu qui ne s'é - teint ja -
Da - lam ke - ge - lap - an, Eng - kau nya - la - kan a - pi yang a - ba -

G	C	G	D	G	D	Em	B	C	Am ⁶
3 3 3 4 3	2 0 3 3 2	1 7	6 . 6 6	6 6 7					
1 1 1 1 1	7 0 1 1 7	6 5	4 . 4 4	4 4 4					
5 5 5 6 5	5 0 5 5 5	3 2	1 . 1 1	1 1 2					
1 1 1 4 1	5 0 1 1 5	6 3	4 . 4 4	4 4 2					

mais, ne s'é - teint ja - mais. Dans nos ob - scu - ri - tés, all - u - me le
di, a - pi a - ba - di. Da - lam ke - ge - lap - an, Eng - kau nya - la -

B	Em	Am ⁶	B	Em	Am ⁶	B
§ § § 6 ? § § § 6 ? § 0 § § § A §						
3 3 3 3 3 4 3 3 3 3 4 3 0 3 3 3 3 3						
7 7 7 7 1 2 7 7 7 1 2 7 0 7 7 7 6 7						
3 3 3 3 6 2 3 3 3 6 2 3 0 3 3 3 3 3 3						
feu qui ne s'é-teint ja - mais, ne s'é-teint ja - mais. kan a - pi yang a - ba - di, a - pi a - ba - di.	Dans nos ob - scu - ri -					
	Da - lam ke - ge - lap -					

(Pertalan Jawi Kidung Taize Pdt. Tanto Kristiono)

Wonten ing pepeteng, Paduka maringi pepadhang langgèng, pepadhang langgèng. Wonten ing pepeteng, Paduka maringi...

[mp/tk]



**Bahan Liturgi
Paska Subuh**

Minggu, 1 April 2018

**KATRESNAN, PITADOS
LAN PANGAJENG-AJENG**



KATRANGAN

Lit : Liturgos	PK : Palados Khotbah	U : Umat
L : Lektor	K : Kantoria	Pnt : Penatua
C : Calon baptis	A : Anak	

Wonten ing pangibadah punika, prayogi menawi papaning pangibadah dipun damel remeng-remeng namung ngginakaken lilin utawi obor ingkang kapapanaken ing sawetawis panggènan ing papan pangibadah. Lilin dados lambang angeting pasadhèrèkan ing salebetung kaprasajan, déné obor dados lambanging pacawisan lan kawaspadan. Kejawi lilin lan obor, sunaring srengéngé ingkang mlebet minangka lambanging sesawangan alam ingkang nyarengi prastawa wungu lan wiwitinan gesang anyar. Awit saking punika, menawi saged, sadaya cendhela lan kori dipun bikak supados sunaring srengéngé saged mlebet.

Pangibadah Paska Subuh daods wekdal ingkang saé kanggé nindakaken Sakramen Baptis lan Bujana Suci. Baptis dados tandha anggènipun tiyang katunggalaken ing séda lan wungunipun Sang Kristus, déné Bujana Suci minangka pahargyan manungsa katunggalaken wontening sariranipun Sang Kristus. Awit saking punika, kekalihipun (Baptis lan Bujana Suci) dados bab ingkang wigati kanggé nandhesaken bab wungunipun Gusti Yésus.

Pacawisan

- Umat samekta lan cecawis dhiri ing papan pangibadah.
 - Kentongan kaungelaken minangka tandha bilih umat sumadya nambut wungunipun Sang Kristus.
-

RITUS CAHYA

Lit : (ngungelaken kenthongan)

“Gusti dipun pendhet déning tiyang saking pasaréan, lan kula mboten sumerep wonten ing pundi anggènipur nyarèkaken.”
(Yok. 20:2b)

Kidung Pamuji

KPJ 268: 1, 2. Panglipuring Tyang Prihatos

(Karana dipun kidungaken ing sajawining papan pangibadah mila prayogi tanpa iringan, utawi saged kairingan piranti musik prasaja upaminipun gitar)

1. (K1) “Kowé nggolèki sapa?”
(K2) “Yésus, Gusti kula!”
- (K1) “Ingkang Gesang kang digolèki,
pasaréan dudu papan pinaraké!”

Panglipuring tyang prihatos, klangenaning tyas kula
Sakathah sumlanging batos, kasirnakken sadaya
Sing Swarga Gusti kang mulya, karsa tumedhak mriki
Nyaur pundhat utang kula, Gusti gung kula puji.

Iba-iba Gusti mlasi bangsa apes lan nistha
Sing laknat Gusti ngluwari, margi sangsara séda
Riwé, rah, waspa Paduka nèng Getsemané mili
Ngluwari kula sing ukuman, mbikak margining swargi.

(Korining papan pangibadah kabikak)

2. (K1) “Kowé nggoleki sapa?”

(K2) “Yésus, Gusti kula!”

(K1) “Panjenengané wus wungu; pasaréan dudu papan pinaraké!”

(Paraga ingkang ngasta Lilin, Kitab Suci, lan para palados lumebet dhateng ing papan pangibadah kanthi memuji.... Ngantos sadaya warga sami cumawis badhé ngibadah)

PASAMUWAN NYAWIJI [Jumeneng]

Pawarta Wungu

Lit : Aku wus ndeleng Gusti!

Panjenengané wus wungu!

U : Bener Panjenengané wungu!

Haléluya!

Kidung Pamuji

KPJ 253: 1, 2 Gusti Kang Sumaré

Gusti kang sumaré ing kubur sepi

Ngrantos pajar adi kang madhangi

Sakala Gusti wungu, atemahan Iblis keplayu

Alaming pati wus kaasoraké

Gusti wungu ngasta panguwaosé

Wus menang! Wus menang!

Gusti wungu! Wus menang!

Yèku tanpa guna kubur jinaga

Sarta tanpa guna tutup sela

Sakala Gusti wungu, atemahan Iblis keplayu

Alaming pati wus kaasoraké

Gusti wungu ngasta panguwaosé

Wus menang! Wus menang!

Gusti wungu! Wus menang!

Votum

PK : Pangibadah pahargyan wungunipun Sang Kristus kalampah
wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan
Sang Roh Suci
U : (Ngidungaken) Amin, amin, amin.

Salam

PK : Sih-rahmat lan tentrem rahayu wontena ing panjenengan!
U : Wonten ing panjenengan ugi!

[Duduk]

Kidung Pamuji

KPJ 267: 1,3 Pamarta Kula Agesang

Pamarta kula agesang, tyas kula mila agirang
Kang sinalib gesang, dènnya séda krana kula
Wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang

Tyas kula yogya agirang, dé gadhah Pamarta gesang
Sung gesang mring kula, Gusti gesang anèng swarga
Nyawisi papan mring kula, kula ndhèrèk gesang
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang

Pangakening Dosa

Lit : Para sadhèrèk, séda lan wungunipun Sang Kristus minangka
wujuding katresnanipun Allah ingkang nglangkungi
sakathahing dosa kita. Sumangga kita sowan dhumateng
Panjenenganipun lan ngakeni sadaya dosa kita ingkang
sampun ngrisak sesambetan kita kaliyan Gusti lan
sesami. Sumangga kita ndedonga:

Dhuh Rama ingkang mahaasih, kawula ngaturaken
panuwun karana Paduka karenan nimbalii kawula
mahargya wungu Putra Paduka, Gusti Yésus Kristus.
Lumantar séda lan wungu Putra Paduka nedahaken

katresnan ingkang mengkoni kawula minangka mitra. Katresnan ingkang ngurbanaken lan njugrugaken tembok ingknag misahaken. Katresnan ingkang nuwuhaken pitados lan pangajeng-ajeng. Apuntenana Gusti awit kawula asring mboten saged mbabaraken katresnan Paduka. Kawula nglenggana bilih kawula angèl dados mitra tumrap sesaming gesang kawula. Kasagedna kawula, dhuh Rama, supados saged tumut mbabar katresnan Paduka ing gesang padintenan. Kasagedna sok-sintena ingkang pepanggihan kaliyan kawula saged ngraosaken katresnan Paduka ing gesang kawula. Makatena ugi nalika kawula pepanggihan kaliyan para tiyang ingkang nate adamel tatu kawula, kasagedna kawula nyawang pasuryan Paduka wonten ing gesangipun, satemah manah kawula mboten kawengku malih déning raos sesengitan ananging kebak ing raos pitados lan kebak pangajeng-ajeng. Dhumateng Paduka dhuh Gusti, ingkang sampun mbikak korining bedhamèn lumantar séda lan wungunipun Sang Kristus, kawula ndedonga. Amin.

Kidung Pamuji

KPJ 275 1, 2, 3 Srana Mandeng Ing Salib

Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang

Tinebus sagung dosanira

Dé cempéné Allah kang sinalib ngrembat,

Ngesahaken duraka kita

Swawi dèn pandeng! Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang

Tinebus sagung dosanira.

Napa ta damelé Gusi Yésus séda

Yèn datan ngruwat dosa kita?

Napa ta damelé nombokaken nyawa

Yèn datan nebus dosa kita?

Swawi dèn pandeng! Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang

Tinebus sagung dosanira.

Swawi ngungsi mring Gusti tyang dosa sagung
 Dosa kita dèn unjukena
 Mesthi antuk apura temah agesang
 Mbok dèn tampi lan sukarena
 Swawi dèn pandeng! Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
 Tinebus sagung dosanira.

Pawartos sih-rahmat [*Jumeneng*]

PK : Sami nampenana pawartos sih-rahmat saking Gusti
 ingkang kapethk saking Yokanan 3:16-17
“Awitdéné Gusti Allah anggoné ngasihi jagad iku nganti masrahabaké Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng. Sabab Gusti anggoné ngutus Kang Putra ngrawuhî jagad iku ora supaya ngadili marang jagad, nanging supaya mitulungi rahayu marang jagad.”
 Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.
 U : Puji sokur konjuk Gusti.

Kidung Pamuji

KPJ 124: 1, 2 Kula sèstu Ndhèrèk Gusti
 Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan
 Tetep setya dugèng janji tan wigih karibedan
 Dhuh nyawaku ja kwatir, Gusti tan éwah gingsir
 Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci
 Daten ajrih ing sangsara, wit Gusti ngantri kula
 Dhuh nyawaku ja kwatir, Gusti tan éwah gingsir
 Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

PALADOSAN PANGANDIKA [*Lenggah*]

Pandonga kanggé paladosan pangandika
 PK : (PK mimpin pandonga paladosan pangandika)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan I

- L : Waosan kapisan saking **Para Rasul 10:34-43**
 Makaten pangandikanipun Gusti.
 U : Puji sokur konjuk Gusti.

Tanggapan Antar Waosan

- L : (Ngidungaken utawi maos kanthi sesautan) **Mazmur 118:1-2, 14-24**

Waosan II

- L : Waosan kaping kalih kawaos saking **I Korinta 15:1-11**
 Makaten sabdanipun Gusti.
 U : Puji sokur konjuk Gusti.

Waosan Injil

- PK : Waosan Injil kawaos saking **Yokanan 20:1-18**
 Makaten Injil Yésus Kristus. Ingkang rahayu
 Rahayu tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti saha
 ngèstoaken ing gesang padintenan. Haléluya!
 U : (aklamasi) "Haléluya, Amin"

Khotbah

Wekdal Ening

**PALADOSAN SAKRAMEN BAPTIS
 PRATÉLAN BAPTIS INGKANG KAGINAKAKEN
 INGGIH PUNIKA PRATÉLAN INGKANG
 KAWEDALAKEN DÉNING SINODE GKJ**

Pangaken Pitados

[Jumeneng]

Pinisepuh: Sumangga kita mratélakaken sahadat kita kanthi
 ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang
 mekaten....

Pandonga Syafaat

PALADOSAN MEJA

Nas Pisungsung

Pradata: "Padha ngidungna masmur kagem Sang Yéhuwah, hé para wong kang dikasihi, sarta padha nyaosna pamuji sokur marang asmané kang suci! Amarga bebenduné mung sadhéla, nanging kamirahané tetep ing salawasé urip; ing wayah bengi ana panangis, ing wayah ngarepaken ésuk keprungu surak-surak (Mazmur 30:5-6).

Sumangga kita nyaosaken pisungsung dhumateng Gusti kanthi memuji ngrepèkaken kidung 161: 1, 2, 3 „Jiwa Raga Kawula“

Jiwa raga kawula, konjuk mring Sang Pamarta
Mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran
Kamulyaning Pangéran.

Tangan suku kawula nindakken pakaryannya
Mrih sesami basuki, nampèni sihing Gusti
Nampèni sihing Gusti.

Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat
Temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji
Datan kendhat pinuji.

Pandonga Pisungsung

Pradata: (Mimpin Pandonga Pisungsung) **[Jumeneng]**

PALADOSAN SAKRAMEN BUJANA

**PRATÉLAN SAKRAMEN BUJANA INGKANG KAGINAKAKEN
INGGIH PUNIKA PRATÉLAN INGKANG KAWEDALAKEN DÉNING
SINODE GKJ**
**Katindakna manut padatan ing pasamuwan piyambak-
piyambak**

PANGUTUSAN

KPJ 258: 1, 2 Gusti Yésus Wus Wungu

1. Gusti Yésus wus wungu! Haléluya
Bumi Swarga agirang! Haléluya
Samya memuji sokur! Haléluya
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya
2. Katresnané sampurna! Haléluya
Kamenangané nyata! Haléluya
Sunaring surya padhang! Haléluya
Tinampi kanthi girang! Haléluya

Pangutusan

- PK : Eneraken manah panjenengan dhateng jagad!
 U : Kawula ngeneraken manah dhateng jagad.
 PK : Dados mitra tumraping sesami!
 U : Sabab kawula adreng neksèni bab Sang Kristus.
 PK : Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci!
 U : Ingkang mboten naté misahaken kita saking katresnan-ipun, samangké lan salami-laminipun.

Berkah

- PK : (*Nglantaraken berkah*)
 U : (*Ngidungaken*) Haléluya (5x), Amin (3x)

[tbg/tk]

Bahan Liturgi
Minggu Paska SONTEN

Keterangan :

N : Narator
Prdt : Pradata
L : Lektor
U : Umat
PK : Palados Khotbah

METHUKAKEN PANGAJENG-AJENG



PACAWISAN

- PANDONGA PACAWISAN PANGIBADAH
- WEKDAL ENING PRIBADI
- *Lonceng kaungelaken*

GUSTI YÉSUS NYATA WUNGU

N1 : Énjing umun-umun, nalika angin midit adamel asrep, sawetawis tiyang èstri lon-lonan tumuju dhateng papan palereman gadhahaniipun Yusuf Arimatea. Dèrèng pupus angenipun sungkawa... Praupanipun sami pucet kécalan pangajeng-ajeng,... ketingal sampun telas luhipun.

Anggènipun jumangkah tanpa daya.... Kathi pangajeng-ajeng ingkang tipis sageda ngupakara sarira laya ingkang sanget anggènipun dipun tresnani, inggih Gusti Yésus.

N2 : “Kowé kabèh padha nggolèki apa? Manawa nggolèki Gusti Yésus, sanyata Panjenengané wus wungu. Panjenengané ora ana ing kéné. Delengen. Papan panggonané sumaré wis kosong. Panjenengané wus wungu. Lungaa, wartakna kabar kabungahan iki. Gusti Yésus wus wungu!”

- *umat jumeneng lan memuji KPK 276:1-3*
- *salebeting sami ngidung, para palados pangibadah lumebet ing papan pangibadah*

KPK 276:1-3 YÉSUS, GUSTI WUNGU SING PATI

Pepadhang bumi wiwit nelahi ing dinten minggu adi pagègèr muwuhi kuwuring ati tyang Yérusalèm nagri wit kuburing Yésus menga layonnya ilang musna Yésus yéku Gusti wungu sing pati dadya juru basuki

Reff.:

Wartakna Injilnya kang mbabar tentrem raharja wujudna sih tresna srana tumindak nyata.

Tyang remen dursila sung warta dora nglawan bebener nyata, nging seksining Kristus bingahing driya dé antaka tan daya, siksa krana Gustining rat datan ngendhakken niyat,

wit Gusti prajanji tansah angantri ngantos dumugèng swargi,

Reff.:

Pepadhang satuhu nyunari kalbu wit Yésus sampun wungu, tyang kang pracaya samangkya mardika nir kwasaning antaka, nglantarken berkahing Allah setya ing kardi tansah,

dadya pepadhang wah sareming bumi mrih kamulyaning Gusti

Reff.:

VOTUM LAN SALAM

PK : Kristus sampun wungu!

U : KASINGGIHAN, PANJENENGANIPUN SAMPUN WUNGU

PK : Pangibadah punika kalampahan kanggé mahargya Sang Kristus ingkang sampun wungu. Amin.

U : (ngidungaken) AMIN, AMIN, AMIN!

PK : Tentrem rahayu wonten ing panjenengan!

U : WONTEN ING PANJENENGAN UGI!

RAWUH NUNGGIL ING KAWULA

[LENGGAH]

N1 : Pangajeng-ajeng punika kuncining gesang. Sadaya manungsa ngayunaken ing bab pangajeng-ajeng. Tanpa wontenipun pangajeng-ajeng, gesang punika kadosdéné methukaken

angsluping srengéngé ingkang peteng, tanpa gumregut kanggé mapag mangsa ngajeng. Sadaya badhé lebur. Raosing manah, sanget anggènipun karengkuh déning Gusti ingkang kebak katresnan. Awit saking punika sumangga kita nyènyuwun, "Gusti Paduka rawuh nunggil ing kawula."

KIDUNG PAMUJI KPJ 74: 1, 2 GUSTI MUGI NUNGGILA

Gusti mugi nunggila mring kula
 Yèn ta kesaput petenging ratri
 Namung Paduka kang mitulungi
 Sumangga Gusti nunggil mring kula

Ewah gingsir sabarang neng donya
 Datan langgèng ing kaananira
 Nging iman kula panggah santosa
 Wit Paduka tansah nunggil mring kula

N2 : Ing kasungkawan karana leburing pangajeng-ajeng, Kléopas lan kancanipun, mlampah tanpa daya. Ing tengahing margi, sami dipun panggihi déning Gusti ingkang mboten dipun tepangi. Wawan pangandikanipun anyipta pangajeng-ajeng ing manahipun Kléopas. Tanpa nggasas badhé pepisahan, tiyang kalih nguningaaken, "Kèndela sawetawis kaliyan kawula, sabab surya sampun serap." (Lukas 24: 29)

N1 : Satunggaling Pandhita naminipun Hènry F. Lyté. Abdinipun Gusti ingkang leladi ing tengahing masyarakat ingkang miskin lan kathahipun dados nelayan utawi juru miyasa ulam. Paladosan ingkang kinanthènan katresnan mempeng anggènipun leladi, ngantos piyambakipun lajeng ngglethak sakit. Dhokter suka pamrayogi supados piyambakipun pindhah papan paladosan ingkang langkung anget. Kanthi awrat piyambakipun nilaraken pasamuwan ingkang dipun ladosi. Ing dinten Minggu kawontenaken pepisahan, kaiiring panangis, piyambakipun khotbah. Wonten raos ingkang

remuk ing manahipun, nalika piyambakipun kesah. Nanging, piyambakipun pitados bilih piyambakipun saged kesah nanging Gusti tansah nunggil.

N2 : Lyte ingkang kedayan déning lelampahan wau, punapa déné dipun santosakaken nalika maos lelampahanipun Kléopas lan kancanipun. Prakawis punika nglairaken lelagon “Abide with me” utawi “Tinggal sertaku” Lumantar cariyos ingkang kita tampèni wau, punapadéné dipun kiyataken nalika mirengaken cariyosipun Kléopas lan kancanipun. Njalari karipta lelagon “Abide With Me” ingkang kaptortal ing basa Indonesia “Tinggal sertaku” Utawi ing KPJ 74 “Gusti Mugi Nunggila” ingkang kita kidungaken. Wonten ing lelagon punika, Lyte nyenyuwun, kados Kléopas lan kancanipun, supados Gusti tetep rawuh ing tengahing patunggilaning pasamuwan.

Pasamuwan ngidungaken KPJ 74: 3 Gusti Mugi Nunggila

Saèstu Gusti dados peparang
Pikekah jroning gung karibedan
Tamèng prahara anèng samodra
Wit Gusti tansah nunggil mring kula.

PK : Sumangga kita ndedonga (PK ndedonga kanggé kaapes-anipun manungsa nanging asring mboten purun nyenyuwun supados Gusti rawuh lan makuwon)

Pasamuwan memuji KPJ 63: 1, 2 Tyang Najis Ndilarung Ing Dosa

Tyang najis ndilarung ing dosa tinampik mring swarga
Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha
Nyuwun suci adhuh Gusti, nyuwun suci, nyuwun suci

Tyang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi
Adhuh Gusti mugi karsa mbirat dosa kula
Nyuwun suci adhuh Gusti, nyuwun suci, nyuwun suci.

PAWARTOS IH-RAHMAT

[Jumeneng]

PK : Sabab iya ana ing Panjenengané marga saka rahé, kita paringan tetebusan, yaiku pangapuraning dosa, manut gunging sih-rahmaté, kang wus dilubéraké marang kita kalawan sagunging kawicaksanan lan pangretèn. (Efésus 1:7-8).

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti

U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Kidung pamuji KPJ 176: 1, 2. Padha Saosa Puji Sokur

Padha saosa puji sokur marang Allah Kang Mahaluhur

Wulang bab asmané Gusti, dèn gelarna anèng bumi,

Pangwasané disuwurna, anèng tengahé pra bangsa.

Padha saosana pamuji klawan masmur lan kidung suci

Mukijitaté caritakna marang sakèhing manungsa

Padha luhurna asmanyा klawan panabuhing gangsa.

PALADOSAN PANGANDIKANIPUN GUSTI

- PANDONGA EPIKLESE (DÉNING PK)

- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan sapisan

Lektor : (Maos Yésaya 25:6-9)

Makaten pangandikanipun Gusti

U : Puji sokur konjuk Gusti!

Mazmur Tanggapan

Lektor : (Maos kanthi sesautan utawi ngidungaken

Mazmur 114.

Waosan kaping kalih

Lektor : (Maosaken 1 Korintus 5:6b-8)

Makaten pangandikanipun Gusti!

U : Puji sokur konjuk Gusti!

Waosan Injil

PK : Waosan Injil Yésus Kristus kawaos saking **Lukas 24:13-49.**

Makaten Injil Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti lan ingkang nindakaken ing gesang padintenan. Haléluya!

U : (*aklamasi*) HALÉLUYA, HALÉLUYA, HALÉLUYA!

- **KHOTBAH**
- **WEKDAL ENING**

PANGAKEN PITADOS RASULI *[Jumeneng]*

Prdt : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti, sumangga kita mratélaaken iman kapitadosan kita sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli sesarengan.

PANDONGA SYAFAAT (Déning PK) *[Lenggah]*

PANGUCAP SOKUR

Prdt. : Sumangga kita mratélaaken panuwun awit katresnanipun Gusti ingkang sampun séda lan wungu kanggé kawilujengan kita, satemah kita ndarbeni pangajeng-ajeng. Raos sokur kita uningakaken lumantar ngunjukakaken pisungsung, kanthi ngenegeti pangandikanipun Gusti, ... (Ulangan 16:16b - 17).

Pasamuwan memuji ngrepèkaken kidung KPJ 165: 1, 2 „Konjuk Mring Kang Mahaagung“

Konjuk mring kang mahaagung kula saos pisungsung
Cihnaning bingahing manah wit berkahing Allah
Sumengka wah sinengkera lan temen rineksa
Dadya srana munpangati mrih kamulyaning Gusti.

Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur
 Kebabaring raos urmat wit tansah rinimat
 Dalah gesang kula mugi kagem déning Gusti
 Dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.

- *Pradata ngunjukaken pandonga pisungsung
 (Jumeneng)*

SAKRAMEN BUJANA SUCI

(Kaladosaken menawi badhé kawontenaken Sakramen Bujana)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PK : Sumbering pangajeng-ajeng ingkang sampun menang.
 Pepejah punika sanès pungkasaning gesang. Samangké,
 Panjenenganipun tansah maringaken pangajeng-ajeng
 dhateng kita.

U : Sumangga kita andum pangajeng-ajeng!

- *Pasamuwan memuji kidung KPJ 96: 1, 2, 3. Tyas Kita Dimèn
 Slamanya Bungah*

Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena
 Déné Sang Rama nèng Swarga nganggep putra mring kita
Reff.:

Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
 Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang.

Hyang Agung kang njangkung kita rineksa ing panggodha
 Sih-rahmatnya kang anglipur paring kuwat santosa

Reff.:

Lamun kita nytingkur Gusti nèng ati peteng uwas
 Ilang kakuwatan kita wah kabungahaning tyas

Reff.:

PK : Enerna manah panjenengan dhateng papan paladosan, mirsanana sakathahing tetiyang ingkang mbetahaken panglipuran.

U : KAWULA BADHÉ NGENERAKEN MANAH DHATENG INGKANG mBOTEN NGGADHAHI PANGAJENG-AJENG

PK : Dados seksinipun Sang Jurupanglipur.

U : PUJI SOKUR DHUMATENG GUSTI

PK : Pinujia Gusti

U : SAMANGKÉ LAN SALAMINIPUN!

PK : Sami mengkera kanthi tentrem rahayu lan nampenana berkahipun Gusti:

Pangéran Yéhuwah maring berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan; Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

J : (Ngidungaken) HALÉLUYA [5 X] AMIN [3 X]

[asp/tk]



Panyuraos Kitab Suci Brayat



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-
piyambak**



Bahan

Panyuraos Kitab Suci Brayat

Sangsaranipun Gusti

2 Korinta 6:1-10

**SABAR ING SAJRONING
KASANGSARAAN****DHASARING GAGASAN**

Tembung “sabar ing sajroning kasangsaran” sampun limrah kita pirengaken. Pitembungan punika kita prangguli ing Kitab Suci. Rasul Paulus nélakaken bab punika ing 2 Korinta 1:6 “satemah kowé... padha sabar ing sajroning kasangsaran...” Menawi mekaten, punapa tegesipun sabar ing sajroning kasangsaran? Punapa sabar punika nélakaken bilih tanpa daya? Punapa tiyang nampi mekaten kémawon kasangsaran ingkang dipun alami tanpa tumindak punapa-punapa? Pranyata kasabaran ing salebetung ngalami panandhang kados ingkang dipun ngendikakaken rasul Paulus mboten mekaten. Tembung ingkang dipun ginakaken déning Rasul Paulus inggih punika *hypomone* ingkang tegesipun “katentreman – tataq” Pramila nalika tiyang ngalami panandhang, katimbalan supados tataq. Tataq ndhatengaken kekiyatana ingkang ndadosaken tiyang kuwawi nampi lan ngadhepi panandhang punika. Punika hakikatipun sabar ing sajroning panandhang. Lantaran bahan PKS (Panyuraos Kitab Suci) Brayat punika, saben warga ajab paham/mangertosi tegesipun panandhang sarta ngadhepi panandhang punika kanthi sabar.

1. NYARIYOSAKEN PENGALAMAN

- Punapa Panjenengan naté ngalami kawontenan ingkang angèl ingkang ndadosaken gesang rumaos awrat?
- Ing salebetung panandhang punika, punapa ingkang karaosaken?

2. NGOLAH PENGALAMAN

- Miturut panjenengan, panandhang punika punapa?

- Miturut panjenengan, punapa ingkang prelu katindaken nalika ngalami panandhng?

3. MIRENGAKEN SABDA

- Maos 2 Korinta 6:1-10

Maos cariyos gesangipun Rasul Paulus, kita manggihaken bilih gesangipun kados-kados mboten uwal saking panandhang. Pitahan, dipun tampik, kacilakan, sakit sanget lsp. karaos caket kaliyan gesang padintenanipun.

Pengalaman ngraosaken panandhang awit katampik dipun alami déning Paulus img kitha Korinta. Ing kitha punika kathah tiyang Yahudi. Tiyang-tiyang Yahudi punika mangumangu ing bab jejeripun Paulus minangka rasul. Minangka abdining Allah ingkang sampun nyambnut damel kanthi saèstu, anggènipun dipun tampik punika temtu nyakitaken manah. Pramila Paulus rumaos prelu nyerat serat dhateng pasamuwan Korinta. Paulus nerangaken bab anggènipun Gusti ngutus piyambakipun. Paulus sampun katimbalan lan kautusdéning Allah dados rasul kanggé tiyang kathah. Lantaran serat punika ugi Paulus nélakaken imanipun inghkang kukuh sarta kasetyanipun dhimateng Allah ingkang sampun nimbalni wonten ing peladosan. Ing salebeting sisah lan bingah, Paulus tetep setya (ay. 4-10).

Paulus “kebak kasabaran: sajroning nandhang sangsara ing karupekan, lan ing reribed” (tembung Yunani (*hypomone* nggamaraken kasagedan nanggung panandhang kanthi kèndel, nanging yakin wontenipun margi kaunggulan ingkang badhé kaparingaken déning Gusti). Kita saged mantha dados sawetawis pérangan:

1. Reribed awit pandamelipun tiyang sanès ingkang mboten purun nampi Injil:

- panandhang (basa Yunani: *thipsis*, tegesipun nèlakaken panandhanging raga lan momotan ing manah)
 - karupekan (basa Yunani: *anagke*, ateges kewajiban-kewajiban ing gesdng utawi bab-bab ingkang purun mboten purun kedah dipun lampahi)
 - reribed (basa Yunani: *stenokhoria*, ateges raos ingkang terperangkap ing témnok-témbnok)
 - kasiksa (panandhanging raga ingkang dipun alami déning tiyang-tiyang Kristen wiwitan, ing antawisipun dipum edu kaliyan kéwan galak, dipun obong, dipun salib).
 - Dipun kunjara (Paulus makaping-kapimg dipun kunjara, antawisipun ing: kitha Filipi, Yérusalèm, Kaisaréa, lan pungkasan Rum)
 - Rerusuh (makaping-aping Paulus ngalami rerubed awit angènipun martosaken Injil)
2. Reribed minangka wujuding putusanipun Paulus sacara pribadi
- rekaos utawi nyambut damel kanthi wekel ing salebetting martosken Injil lan ing salebetting nyekapi kabetahanipun srana nyambut damel dados tukang kémah
 - kepeksa melèk utawi ngirang wekdal tilem dalu
 - kepeksa ngelih utawi nahán ngelih
 - njagi kasucèning manah (*hsgnotes* ateges nyungkiri dosa, bébas saking cacad kadagingan temah ndadosdaken manungsa sembada ing ngarsaning Gusti)
 - pangertosan bab-bab ingkang kedah dipun tandangi
 - kasabaran (basa Yunani: *makrothumia*, ateges purun nampi tiyang punapa wontenipun)
 - kadarman (basa Yunani: *khrestoted*, ateges manah ingkang saé, patrap ingkang saé)
 - rohing kasucèn

- katresnan ingkang sejatos lan mboten lamis (*agape*)
3. Pirantos ingkang kaparingaken Allah dhateng Paulus ing salebeting martosaken Injil.
- martosaken kabeneran lan panguwaosing Allah
 - gegamaning kaadilan kanggé nempuh utawi kanggé nanggulangi
 - nalika dipun urmati lan nalika dipun rèmèhaken
 - nalika dipun undhat-undhat utawi dipun alem
 - nalika dipun dakwa dados juru apus, nanging dipun pitados
 - kados tiyang ingkang mboten dipun wanhui, nanging kondhang
 - kados tiyang ingkang mèh pejah, mangka sami gesang
 - kados tiyang ingkang kasiksa nanging mboten pejah
 - kados tiyang ingkang sedhih, nanging tansah bingah-bingah
 - kados tiyang ingkang mlarat nanging nyugihaken tiyang kathah
 - kados tiyang ingkang mboten gadhah punapa-punapa, nanging sami ngadhahi sedayanipun

Kénging punapa Paulus tetep sabar ing panandhang? Amargi pitados dhumateng Allah ingkang sampun ngendika: “Ing mangsa kang ngremenaké Ingsun wus miyarsakaké sira, lan ing dinané karahayon Ingsun wus mitulungi sira” (ay. 2). Paulus yakin pangandikanipun Allah punika nembé maujud ing dhirinipun ingkang nembé ngalami panandhang. Dénинг pangandikanipun Allah ugi Paulus nampi pikekah supados saged nglampahi sawetahing gesangipun, kalebet nglampahi panandhangipun, kanthi sabar.

Sabar mboten ateges dados pasip lan “nrima” tanpa tumindak. Sabar ing salebeting panandhang kados ingkang

dipun alami déning Paulus ngemu teges sumadya nampi minangka kanyatan lan mbudidaya uwal saking panandhangipun. Sabar ugi ateges mboten mlajar saking kanyatan, awit nalika mlajar saking kanyatan, gesang ingkang dipun lampahi ical maknanipun.

4. NEGESI PENGALAMAN SACARA ANYAR

- Sasampunipun mirengaken sabda lan mangertosi maknaning kasabaran kanthi lebet ing salebeting ngadhepi panandhang, Panjenengan nampi panger-tosan punapa?
- Kados pundi cara Panjenengan nerangaken nalika wonten tiyang ingkang gadhah pamanggih bilih sabar punika patrap ingkang pasip?

5. NGÉNGGALAKEN GESANG

- Punapa ingkang badhé Panjenengan tindakaken nalika ngalami panandhang?
- Punapa ingkang badhé Panjenengan tindakaken menawi wonten ing antawisipun wasrganing brayat ngalami panandhang?

[wsn/wds]



Bahan

Panyuraos Kitab Suci Brayat
Sedanipun Sang Kristus

Rum 5:6-11

**KARUKUNAKEN
LANTARAN SÉDANIPUN
GUSTI YÉSUS**

DHASARING GAGASAN

Pejah mujudaken bab ingkang mboten saged dipun singkiri déning sok sintena. Nalika pejah nemahi brayat kita, raos sedhih mesthi dipun alami déning sedaya warganung brayat. Ing kawontenan ingkang kados mekaten, dipun betahaken panglipur. Pitakènanipun: panglipur ingkang kados pundi ingkang prelu kaaturken? Panglipur ingkang kabetahaken inggih punika pepesthèning gesang sasampunipun tilar donya. Kitab Suci nélakaken dhateng kita wontenipun kekiyatan. Kristus séda maringaken gesangipun kanggé manungsa dosa. Lantaran sédanipun, manungsa dosa karukunaken kaliyam Allah. Menawi mboten awit Sang Kristus, bab punika mboten badhé kelampahan. Gusti Yésus lila séda kanggé manungsa awit wujuding sihipun dhateng jagad. Lantaran Panyuraos Kitab Suci (PKS) punika, saben brayat kaajab mangertosi makna sédanipun Sang Kristus lan wohing anggènipun séda tumrap brayat ingkang ngetut wingking Panjenenganipun.

1. NYARIYOSAKEN PENGALAMAN

- Punapa panjenengan naté ngrawuhi sedhèrèk ingkang kesripahan? Punapa ingkang karaosaken nalika ing ngrika?
- Punapa panjenengan naté menggalihaken bilih gesang ing jagad punika mboten langgeng, saben kita badhé tilar donya?

2. NGOLAH PENGALAMAN

- Nalika pirsa bilih saben tiyang badhé tilar donya, punapa ingkang Panjenengan tindakaken?

- Menawi pinanggih tiyang ingkang ajrih dhateng pejah, punapa ingkang Panjenengan tindakaken?
- Nalika ningali tiyang sedhilih awit tinilar déning tiyang ingkang dipun kasihi, punapa ingkang Panjenengan tindakaken?

3. MIRENGAKEN SABDA

- Maos Rum 5:6-11
- Renungan

Serat Rum kaserat déning Rasul Paulus kanggé nélakaken gagasan-gagasan teologisipun. Rasul Paulus rumaos prelu nélakaken gagasan-gagasanipun ingkang wigatos dhateng pasamuwan Rum. Salah satunggaling gagasan wigatos ingkang kita rembag inggih punika bab sih-rahmatipun Allah. Manungsa nampi kawilujengan saking Allah sanès awit usadanipun piyambak ananging awit sih-rahmatipun Allah. Sih-rahmat punika kawujudaken déning Gusti Yésus lantaran margining pati lan wungunipun. Panjenenganipun karsa nélakaken sih-rahmating kawilujengan dhateng manungsa awit sihipun dhateng jagad.

Awit nalika kita taksih sami apes, Kristus sampun séda kanggé kita para tiyang duraka (ay. 6-8). Menawi kita ngraos-ngraosaken kanthi lebet, teks punika nélakaken agenging sihipun Allah dhateng kita. Sih punika kapratéla kaken nalikanipun manungsa taksih apes. Ing basa Yunani tembung apes punika nélakaken dhateng kawontenaning dhiri ingkang tanpa daya. Anggèn kita tanpa daya awit patrap gesang ingkang asring nebih saking Allah utawi patrap duraka dhumateng Allah. Patrap punika ndhatengaken paukuman. Srana dayanipun piyambak, manungsa mboten kuwawi uwal saking paukuman.

Inggih ing wekdal ingkang kados mekaten punika Kristus karsa séda kanggé manungsa ingkang tanpa daya nglawan dosa. Panjenenganipun dados lintu papanipun tiyang dosa, nebus

dosa lan milujengaken manungsa. Séda awit dados sulihing papanipun tiyang-tiyang ingkang samesthinipun kaukum punika kedadosan awit sihipun dhateng manungsa. Sédanipun Gusti Yésus punika séda ingkang mboten limrah.Tegesipun, séda ingkang mboten samesthinipun dipun alami. Nanging Panjenenganipun karsa maringaken nyawanipun kanggé milujengaken manungsa. Panjenenganipun karsa dados sesulih kanggé manungsa ingkang mesthinipun nampi paukuman pejah. Ing ayat 7 Paulus ngendika. “Ujer ora gampang wong kok banjur gelem mati nglabuhi wong bener – éwadéné mbokmenawa kanggo wong utama, bisa uga ana wong kang wani mati.” Pejah ingkang dados sesulihing tiyang sanès dados sih-rahmat tumrap tiyang ingkang dipun sulihi punika. Punapa malih ing kedadosan ingkang dipun alami déning Gusti Yésus. Panjenenganipun séda dados sesulihing tiyang sanès kanthi patrap dipun salib. Dipun salib mujudaken pejah ingkang limrahipun dipun patrapaken dhateng abdi, maling, tiyang ingkang mejahi, lan pengraman. Pejah ing kajeng salib kaanggep bab ingkang njijikaken tumrap tiyang Yahudi, sanès margi sakitipun lan lingsemipun, nanging ugi sok sintena ingkang gumantung ing kajeng salib dipun wawas sampun kabendu déning Allah. Déné ing budaya Rum, salib mujudaken satunggaling ujud kanistan ingkang paling asor ingkang dipun trapaken kanggé ngukum lan damel nglokro pangraman saking golongan/kelas ingkang langkung andhap. Srana séda ing kajeng salib, Gusti Yésus nélakaken anggènipopun lila wonten ing titik ingkang paling andhap ing gesangging manungsa, ngasoraken salira minangka sulihing tiyang sanès amrih maujuding sihipun Allah (ay. 8). Cetha ing pamawasipun jagad umumipun, punapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus punika mokal kelampahan: pundi wonten tiyang ingkang purun ngurbanaken dhiri kanggé tiyang duraka utawi tiyang ala, malah tiyang leres ugi angèl purun ngurbanaken dhiri. Nanging inggih ing satengahing kawontenan ingkang kebak déning karingkihan utawi tanpa daya awit dosa punika, manungsa kawilujengaken déning sédanipun Sang Kristus.

Ing ayat 9-11, Paulus pratéla iba begjanipun manungsa awit sédanipun Sang Kristus punika. Lantaran anggènipun séda,. Manungsa kaleresaken déning Allah. Katemahanipun inggih punika gesang ingkang karukunaken déning Allah. Tembung “kaleresaken“ ngemu teges bilih manungsa ingkang mesthinipun lepat punika kaleresaken. Mekaten ugi tembung karukunaken. Tembung punika ngemu maksud bilih lantaran sédanipun manungsa ingkang suwaunipun mengsahipun Allah kadadosaken rukun, manunggal malih kaliyan Allah.

Inggih manunggalipun manungsa kaliyan Allah punika ingkang dipun maknani kawilujengan. Lantaran sédanipun, kita nampi kawilujenganipun Allah. Pramila, menawi kita purun pejah kaliyan Panjenenganipun, kita badhé tangi kaliyan Panjenenganipun (bdk. Rum 6:5)

4. PENGALAMAN DIPUN MAKNAI SACARA ANYAR

- Sasampunipun mirengaken sabda lan nggegilut kanthi lebet makna sédanipun Gusti Yésus kanggé kita, pangertosan punapa ingkang Panjenengan tampi?
- Kados pundi cara Panjenegan ngyakinaken sedhèrèk ingkang ngrasuk agami Kristen menawi rumaos mangumangu tumrap imanipun dhumateng Gusti Yésus temah ajrih ngadhepi pejah?

5. NGÉNGGALAKEN GESANG

Punapa ingkang badhé Panjenengan tindakaken supados nggadhahi kayakinan bilih sédanipun Gusti Yésus mujudaken sarananipun Allah ngrukunaken saliranipun kaliyan kita?

[wsn/wds]



Bahan

Panyuraos Kitab Suci Brayat

Wungunipun Sang Kristus

1 Korinta 16:3-20

WUNGUNIPUN TUKING PANGAJENG-AJENG KITA

DHASARING GAGASAN

Ing sauruting jaman, tansah wonten patrap mangu-mngu tumrap wungunipun Gusti Yésus, mboten namung ing jaman sapuni. Nalika pawartos wungunipun Gusti Yésus dipun serat déning para juru Injil, pamangu-mangu bab patangèn punika ugi wonten. Kénging punapa bab punika saged kedadosan? Sanyatanipun, ing sauruting sujarah gréja ketinggal wontenipun pangudi saking péhak-péhak tartemtu kanggé nbuktèkaken Gusti Yésus mboten dipun salib lan mboten wungu. Tumrap tiyang Kristen, jejer patangèn dados pokok ingkang dhasar. Tanpa wonten kasunyatan wungunipun Gusti Yésus, kaleresan prasetynipun Allah wontenipun patangènipun tiyang pejah, gesang langgeng, pangajeng-ajeng gesang wonten ung Gusti Yésus dados pèpèsan kosong utawi goroh. Menawi mboten wonten wungunipun Gusti Yésus, kapitadosan kita dhumateng Panjenenganipun dados nglaha. Lantaran PKS Brayat kanthi jejer “Wungunipun Tuking Pangajeng-ajeng kita”, saben brayat kaatag paham maknaning wungunipun Gusti Yésus lan nggadhahi pengajeng-ajeng wonten ing Panjenenganipun.

1. NYARIYOSAKEN PENGALAMAN

- Punapa Panjenengan naté ngalami pamangu-mangu bab wungunipun Gusti Yésus? Menawi naté ngalami, punapa ingkang ndadosaken Panjenengan mangu-mangu dhumateng wungunipun Gusti Yésus?
- Punapa Panjenengan naté mireng saking tiyang sanès ingkang criyos bilih Gusti Yésis mboten séda lan mboten

wungu? Nalika semanten, punapa ingkang Panjenengan raosaken?

2. NGOLAH PENGALAMAN

- Kagem Pamjenengan ingkang naté ngalami pamangu-mangu tumrap wungunipun Gusti Yésus, punapa ingkang Panjenengan tindakaken?
- Nalika pinanggih kaliyan sami-sami tiyang Kristen (ugi warganing brayat) ingkang mangu-mangu bab wungunipun Gusti Yésus, punapa ingkang Panjenengan tindakaken?
- Nalika mireng katrangan bilih Gusti Yésus wungu saking antawisipun tiyang pejah, pangajeng-ajeng punapa ingkang Panjenengan darbèki?

3. MIRENGAKEN SABDA

- Maos 1 Korinta 15:3-20
- Renungan

Hoaks utawi pawartos goroh tansah wonten wiwit wiwitan mila. Salah satunggalingsing pawartos goroh ingkang dipun sebaraken inggih punika bab Sang Kristus ingkang mboten séda lan mboten wungu saking antawisipun tiyang pejah. Kita sageuduh migatosaken ing Injil Matéus 28:11-15. Ing ngrika dipun sebataken bilih para pangajenging imam ngakèn sawetawis tiyang supados martakaken bilih layonipun Gusti Yésus dipun colong déning para sekabatipun. Pawartos punika supados dipun sebar dhateng sedaya papan lan tlatah, para pangajenging imam mbayar tiyang-tiyang ingkang nyebarengan pawartos goroh punika.

Pamangu-mangu tumrap wungunipun Gusti Yésus ugi kedadosan ing pasamuwan Korinta. Ing pasamuwan punika wonten kelompok ingkang nakèaken bab kanyataning wungunipun Gusti Yésus Kristus saking anggènipun séda. Kelompok punika wonten ing pasamuwan Korinta, tiyang-

tiyang punika sami nakèkaken bab kanyataning tanginipun tiyang pejah, kalebet wungunipun Sang Kristus.

Paulus ingkang mireng bab pamangu-mangu kasebat rumaos prelu suka katrangan. Sedyanipun inggih punika supados pamangu-mangunipun mboten sumebar lan nular dhateng pundi-pundi. Paulus ngendika bilih wungunipun Sang Kristus saèstu kelampahan awit kathah seksinipun. Yésus Kristus ingkang wungu punika sampun ngetinggal dhateng Kéfas (Pétrus), sakabat kalih welas, tiyang 500 Yakobus, sedaya rasul lan pungkasanipun dhateng Paulus. Sapérangan seksi punika taksih sami gesang nalika Paulus nyerat seratipun. Punika ateges bilih kanyataning wungunipun Gusti Yésus punika taksih saged dipun tlesih. Nalika tumrap sapérangan tiyang wungunipun Gusti Yésus namung awujud wewayanganipun (*halusinasi*) para sakabat ingkang wonten ing salebetting raos perih ingkang kelangkung lebet lan pangajeng-ajeng ingkang kelangkung ageng kanggé ningali wungunipun, Paulus nandhesaken bilih wungunuipun Sang Kristus saèstu kedadosan lan ageng pangaribawanipun ing gesangipun. Éngeta, bilih Paulus dipun panggihi déning Gusti Yésus nalika naminipun taksih Saulus lan ing margi tumuju Damsyik saprelu nyepengi lan nganiaya para pendhèrèkipun Gusti Yésus.

Ing 1 Korinta `15:14 kapratélakaken “Mangka menawa Sang Kristus ora kawungokaké, dadi pawartaku iku kothong lan pracayamu iya kothong.” Kejawi punika. Paulus nglajengaken: Saupama bener yèn Kristus ora kawungokaké, ateges Paulus goroh dhumateng Gusti Allah ingkang kawartosaken sampun ngwungokaken Gusti Yésus. Lajeng, yèn Sang Kristus mboten wungu ateges:

- *Kapisan*, kapitadosan kita bab wontenipun panebusing dosa nglaha lan kita taksih tetep gesang kawengku déning dosa kita (ay. 17).

- *Kaping kalih*, mboten wonten patangènipun tiyang pejah. Tiyang-tiyang ingkang pitados dhateng Kristus mboten naté tangi, sedaya badhé nemahi tiwas lan mboten kawilujengaken (ay. 18).
- *Kaping tiga*, kita kalebet tiyang ingkang paling cilaka ing antawisipun manungsa sedaya awit kita sampun pitados dhateng bab ingkang mboten nyata lan ngajeng-ajeng dhateng pangajeng-ajeng ingkang kothong (ay. 19).

Ing ayat 20 Paulus nandhesaken, “*Nanging kang bener iku yaiku menawa Sang Kristus wus kawungokaké saka antarané womg mati, minangka kang wiwitan saka panunggalané kang wus padha mati.* Ing teks asli, tembung “kang wiwitan” saleresipun dipun tegesi “woh kang wiwitan”(Kitab Suci NIV:*first fruit*). Konsèp “Yésus minangka wohing patangèn ingkang wiwitan” adhedhasar Kaimaman 23:10-11. Ing katetepan punika umat Israél kedah mbekta gandum wiwitaning panèn kasaosaken dhumateng Gusti ing dinten sasampunipun Sabat Paskah. Ing Padaleman Suci bentelan gandum punika badhé dipun olah dados tepung lan tepung punika lajeng kasaosaken dhumateng Allah minangka pisungsung. Inggih punika wohing wiwitan panènanipun tiyang Israél. Manangka cathetan: sadèrèngipun wohing wiwitan punika kaaturaken dhumateng Gusti, winih ingkang énggal mboten saged dipun tumbas utawi dipun sadé ing toko, roti ugi mboten saged kadamel saking tepung énggal. Wohing wiwitan minangka tandha bilih sampun wancinipun panèn lan tiyang kénging manèn tetanemanipun lajeng kasadé.

Paulus nyebat Gusti Yésus Kristus minangka “wohing wiwitan.” Kanthi konsèp punika, wungunipun Gusti Yésus dipun pahami minangka tandha tanginipun para tiyang pitados kawiwitan. Sami kaliyan gandum énggal wohing panèn mboten saged dipun dagangaken lan mboten saged kaginakaken sadèrèngipun wohing wiwitan kasaosaken

dhumateng Gusti, mila panèn gesang ingkang énggal ugi dèrèng dhateng ngantos Gusti Yésus kawungokaen saking anggènipun séda.

Wungunipun Gusti Yésus ageng pangaribawanipun tumrap jagad. Pangajeng-ajeng ing wungunipun saèstu nyata,

4. NEGESI PENGALAMAN SACARA ANYAR

- Sasampunipun mirengaken sabda lan ngraos-ngraosaken kanthi lebet makna wungunipun Gusti Yésus, pangertosan énggal punapa ingkang Panjenengan tampi?
- Menawi wonten warganing brayat Panjenengan ingkang mangu-mangu dhateng wungunipun Gusti Yésus, punapa ingkang Panjenegan tindakaken ?
- Tumrap Panjenengan, punapa gandhèngipun patangèn lan pangajeng-ajeng gesang wonten ing Panjenenganipun?

5. NGÉNGGALAKEN GESANG

Pangajeng-ajeng wonten ing wungunipun Gusti Yésus saèstu nyata. Punapa ingkang Panjenengan tindakaken supados pangajeng-ajeng ingkang dipun pratélakaken déning Gusti Yésus lantaran wungunipun punika dipun raosaken déning saisining griya lan sesami?

[wsn/wds]



Pakempan Pandonga



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-
piyambak**



Bahan
Pakempalan Pandonga 1

TANGGON NGADHEPI MOMOTAN

Matius 15:21-28



- 1. WEKDAL ENING**
- 2. NGREPÈKAKEN KPK 29:1,3**

KAMULYANIPUN GUSTI

Adhuh Gusti, lamun kula nyipati,
Lintang abyor ing dalu kang sepi
Wah gumlegering gludhug ing akasa
Kula ngungun gunging kamulyanta

*Refr. : Nyawa kula gya sumyak sung puja
Yekti Allah Maha kwasa
Nyawa kula gya sumyak sung puji
Yekti Allah Maha kwasa*

Yèn siniram, ilining samirana
Wah tinempuh ombaking samodra
Ngganda sekar kang arum miwah éndah
Manah ngungun wit gunging pra titah

Refr. :

- 3. PANDONGA PAMBUKA**
- 4. NGREPÈKAKEN KPK 254:2-3**

YÉSUS YEKTI PAMARTA

Yésus yèku yekti Gusti ingkang mengku gesang
Pra pracaya nggih pra suci tan ajrih sumelang
Yèn sisah tan nganti semplah krana Gusti nunggil tansah

Yèn katempuh kasangsaran Gusti paring pangluwaran
Wusananya sampurna ing Swarga.

Yésus Gusti kang Mamulya, ngutus pra pracaya
Kinèn angurbancken dhiri nglabuhi sesami
Mrih jagad anyar binabar tentrem raharja tan samar
Nulad Gusti ing karyanya kang sampun ngurbancken srira
Wit tresnanya mring sagung manungsa.

5. WAOSAN KITAB SUCI: Matius 15:21-28

6. RENUNGAN

TANGGON NGADHEPI MOMOTAN

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Minangka pérangan saking brayat, temtu kita naté njagi lan ngrimat sedhèrèk kita ingkang nandhang raga. Nalika sakit, umumipun sedhèrèk kita rumaos kamomotan lan sangsara. Punapa malih sakit ingkang katandhang, kagolong sakit sanget. Ngadhepi lelampahan punika, brayat temtu mboten badhé kèndel. Malah kosok wangsul, brayat sangsaya nggatosaken sedhèrèk ingkang sakit. Sakathahing daya karosan dipun lampahi kanthi saèstu, murih waluyaning sedhèrèk kita ingkang nandhang raga.

Kacariyos, satunggaling ibu saking Kanaan, kagungan laré èstri ingkang sakit. Manut pangandikanipun Gusti, laré èstri punika kepanjungan dhemit. Sinten ta, ibu saking Kanaan punika? Ing mangsa peladosanipun Gusti Yésus, tiyang Kanaan kawastanan bangsa ingkang mboten wanuh dhateng Gusti. Tiyang Israël, inggih bangsa pilihanipun Allah, malah asring nglairaken pandakwa dhateng bangsa sanès minangka bangsa ingkang risak saha mboten pantes nampi karahayon saking Allah. Ibu ingkang larénipun sakit punika salah satunggaling mbok randha. Tiyang Israël nggadhahi pamawas bilih mbok randha punika golongan

tiyang ingkang mboten pantes nampi pakurmatan. Cilakanipun, laré estri saking mbok randha punika kepanjangan dhemit. Kepanjangan dhemit minangka pralambang saking tiyang ingkang mboten purun pitados dhateng tiyang sanès, dhateng pemimpin, remen dredah lan gampil nggadhahi pandakwa awon. Nyipati kawontenan punika, cetha sanget bilih panandhangipun mbok randha punika awrat sanget. Sinaosa mekaten, kasebat bilih mbok randha punika pantes dados panutan iman tumrap kita.

Pepanggihan ing antawisipun Gusti Yésus kaliyan mbok randha, kawiwitan saking rawuhipun Gusti ing tlatah Kanaan. Gusti Yésus manggihi tiyang kathah, malah kepara mboten migatosaken mbok randha ingkang nguwuuh sora: "Dhuu, Gusti, tedhakipun Sang Prabu Dawud, kawula mugi paduka paringi kawelasan, anak kawula estri kapanjangan dhemit, mesakaken sanget."(ay. 22), Gusti Yésus tan midhanget. Kenging punapa saged mekaten? Punapaa Gusti kèndel? Satunggaling teolog nama E. Martasudjita mbereg kita mulat sarira kanthi lebet.

Sepisan, ibu saking Kanaan punika ngraosaken dhirinipun nyatunggil kaliyan laré èstrinipun. Ingkang sakit punika larénipun, ananging sang ibu munjuk dhateng Gusti Yésus: "Mugi paduka maringi kawula kawelasan, dhuu Gusti." Kanthi mekaten sang ibu saèstu nggatosaken saha ngraosaken sesakit tuwin momotan ingkang dipun raosaken déning larénipun. Awit saking tresnanipun dhateng laré, sang ibu nyamèkaken dhirinipun kaliyan larénipun. Awit saking iman ingkang kados mekaten, sang ibu masrahaken sakathahing momotan dhateng Gusti Yésus. Iman lan katresnan tansah kalair ing pandonga, tetales raos preduli utawi solidhèr.

Kalih, daya karosan laré èstri ingkang ngédab-édabi. Gusti Yésus kèndel. Déné ing wusananiipun paring pangandikan, ananging pangandikanipun Gusti kados-kados ngasoraken sang ibu: "Ora bener, wong njupuk rotiné anak-anak banjur diuncalaké marang asu." Pangandikanipun Gusti, atos sanget. Nanging sang ibu

mboten ajrih lan mboten kécalan piandel dhateng Gusti. Malah atur wangslulan dhateng Gusti: "Kasinggihan Gusti, nanging segawon rak inggih sami nedha cuwil-cuwilan ingkang dhawah saking mejaning bendaranipun" (ay. 27). Ing ngriki sang ibu paring piwulang bab tatag tanggonging gesang. Nalika Gusti ketinggal kèndel, mboten midhanget pasambat kita, kita kedah tetep ing kapitadosan. Malah nalika jagad nebih lan nyirik kita, kita prelu sangsaya nggladhi dhiri, lumebet ing kaasoran.

Tiga, kita sinau saking sang ibu ingkang tanggon, sanadyan kathah panyaruwé saking tiyang sanès. Ibu punika mboten duka, kasar, ajrih. Kados ngenegetaken dhateng kita bilih Gusti saweg nggladhi iman kita lan Gusti ngersakaken kita tansah tanggon lan mumpuni. Kapitadosan kinanthi pikekah punika ingkang njalari sang ibu manggih wohipun. Gusti Yésus nglestantunaken panyuwunipun. Malah paring pangalembana: "Heh, wong wadon, kok gedhé pangandemu, mulané katekana apa kang dadi karepmu." Lan sanalika iku uga anaké wong wadon mau banjur waras (ay. 28).

Gesang tanggon lan mumpuni, minangka patrap gesang ing iman kapitadosan dhateng Allah ingkang nresnani kita. Gusti pirsa lan nguningani sakathahing momotan kita. Pramila mangga, sami tetep ing kapitadosan. Sampun ngantos duka, kasar, ajrih punapa malih nilar Gusti.

7. NGREPÈKAKEN KPK 264:1,3

MANDENG ING SALIB

Srama mandeng salibing Sang Kristus Gusti
 Salir tyang darbé gesang yekti
 Wit putraning Allah wus sinalib séda
 Ngrembat laknat dosaning jagad

Reff. : Swawi dèn pandeng

Srama mandeng salibing Sang Kristus Gusti

Salir tyang darbé gesang yekti

Srana mandeng salibing Panibus yekti
Salir tyang gesangnya utami
Tansah ngarah kasampurnan aneng swarga
Nilar sagunging gesang lami
Reff. : Swawi dèn pandeng

*Srana mandeng salibing Sang Kristus Gusti
Salir tyang darbé gesang yekti.*

8. PANDONGA SYAFAAT LAN PENUTUP

[wsn-san]



Bahan
Pakempalan Pandonga 2

Markus 15:20b-32

ING SAKUBENGING SANGSARANIPUN SANG KRISTUS



1. WEKDAL ENING

2. NGREPÈKAKEN KPK 246:1-2

SANGSARANIPUN GUSTI

- 1) Dhuh Yésus Gusti kula sinandhangan wirang
Ri kinarya makutha pinoyok tyang kathah
Rinangkèt lir durjana cinampah siniya
Dhuh Allah punapaa tan ngéman kang Putra.
- 2) Dhuh Yésus kang Masuci inganggep durjana
Wit dosa kula ugi Paduka pinenthang
Sèstu nggèn kula getun dé nglawan mring Gusti
Mugi Paduka tuntun mring gesang utami.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. NGREPÈKAKEN KPK 246:3

SANGSARANIPUN GUSTI

- 3) Dhuh Yésus kang wineca jumeneng Pantara
Mugi pra kagunganta dèn tansah èngeta
Sangsara lan kwirangan nggih salib Paduka
Mrih tiyang dosa sami manggih gesang yekti.

5. WAOSAN KITAB SUCI: Markus 15:20b-32

6. RENUNGAN

**ING SAKUBENGING
SANGSARANIPUN SANG KRISTUS**

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Ing satengahing pasrawungan, kita saged manggihaken mawarni-warni manungsa. Satunggal kaliyan sanès mboten sami, malah sami nggadhahi ciri piyambak-piyambak. Ciri punika ketingal nalika ngadhepi lelampahan ingkang awrat lan nggegirisi. Prastawa sédanipun Sang Kristus ing kajeng salib ugi kalebet lelampahan ingkang awrat lan nggegirisi. Tumrap prastawa punika tuwuhan mawarni-warni tanggapan, ingkang kanthi satiti dipun cathet déning Markus:

- a. Para prajurit ingkang kejem. Inggih punika tiyang-tiyang bayaran ingkang kadhwuhan njiret saha nyédani Gusti Yésus. Sasampunipun nyalib Gusti Yésus, para prajurit malah ngedum-edum agemanipun Gusti Yésus lumantar undhi (ay. 24). Sedaya punika ngetingalaken icalipun raos kamanungsan. Tumindak kejem ingkang tebih saha cengkah kaliyan katresnan. Para prajurit sami nyambut damel kanthi kasar adhedar manah ingkang kejem saha nglirwakaken swantening batinipun piyambak.
- b. Durjana kalih ingkang kasalib sesarengan kaliyan Sang Krisus. Ingkang satunggal ing sisih tengen, sanèsipun ing sisih kiwa. Markus nyerat: "...dalasan wong loro kang kasalib bareng karo Panjenengané iku iya memada marang Panjenengané" (ay 32^b). Wonten ugi tiyang-tiyang ingkang nglangkungi lan sami memala: "Hèh, Kowé sing arep ngrubuhaké Padaleman Suci lan arep mbangun manèh sajrone telung dina, mudhuna saka ing salib, luwarana awakMu!" (ay. 29-30).
- c. Para pangajenging Imam lan ahli Torèt, ingkang sami moyoki Sang Kristus kanthi ngucap: "Wong liya padha ditulungi, nanging nulungi awaké dhéwé ora bisa! Sang Kristus, ratuné

Israèl iku cikben mudhun saka ing salib, supaya aku bisa ndeleng lan pracaya" (ay. 31-32a).

Tiyang-tiyang kasebat sedaya sami moyoki Sang Kristus, ugi ngasoraken Panjenenganipun ngantos kados-kados mboten aji.

Kejawi nyipati tiyang ingkang sami tumindak tanpa katresnan kasebat, Markus ugi nyathet bilih: "Nalika samana wong liwat jenengé Simon, wong Kiréné, bapakné Aleksander lan Rufus, lagi bali saka ing pategalan. Iku dipeksa dikon manggul salibé Gusti Yésus" (ay. 21). Ketinggal ugi para pawèstri ingkang setya tuhu ngetut Gusti ing kasangsaranipun Sang Kristus. Para pawèstri punika kadosta: Maryam Magdalena, Maryam ibunipun Yakobus Aném lan Yoses, saha Salomé. Para pawèstri punika ingkang ndhèrèkaken Gusti Yésus lan ngladosi sakathahing kabetahan nalika taksih ing tanah Galilea. Ugi taksih kathah para pawèstri sanèsipun ingkang ndhatengi Yérusalem sesarengan kaliyan Gusti Yésus (bdk. Ay. 40-41).

Simon tiyang Kiréné ingkang manggul salibipun Gusti, saha para pawèstri punika purun ndhèrèk Gusti Yésus ing salebetipun kasangsaran, awit sampun langkung rumiyin ngraosaken katresnanipun Gusti Yésus. Katresnaning Gusti ndhatengaken pengajeng-ajeng. Awit saking punika, sadaya sami ngetingalaken katresnanipun dhateng Gusti kanthi setya tuhu ndhèrèk ing kasangsaranipun Sang Kristus.

Kita kalebet tiyang ingkang dipun tresnani Gusti. Minangka tiyang ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, punapa kita sampun ngunjukaken panuwun sokur? Punapa kita sumanggem badhé tansah setya tuhu ndhèrèk ing kasangsaranipun Gusti? Punapa Gusti ing wekdal punika taksih kawengku ing kasangsaran? inggih! Gusti taksih nandhang sangsara. Nalika kaadilan kalirwakaken, taksih wonten cecongkrahan, kanisthan, tiyang ingkang mboten saged nedha, mboten gadhah papan, inggih ing ngriku Gusti kasalib. Mekaten ugi nalika taksih wonten memengsahan ing antawis manungsa, ing ngriku Gusti kasalib. Nalika wonten tiyang

ingkang nyanggi momotan lan dèrèng nampi pangluwaran, ing ngriku Gusti ugi nyanggi salib.

Sumangga kita nuladha Simon saking Kiréné saha para pawèstri ingkang preduli dhateng kasangsaranipun sesami.

7. NGREPÈKAKEN KPK 260:1-2

SANG KRISTUS GUSTI

- 1) Sang Kristus Gusti Maha mulya.
 Tedhak mring bumi lan manjalma
 Ngesorken srira pindha abdi
 Ngruwat tyang dosa mrih basuki
*Ref. : Pra tyang pracaya bra wartakna
 Injil kang Suci salaminya
 Tan ajrih geter was ing driya
 Wit Gusti nganthy salaminya*
- 2) Sang Kristus Gusti Maha suci
 Sinalib séda ngrembat dosa
 Manungsa rukun lan Sang Rama
 Tan naté lesah ing wardaya
Ref. :

8. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP



[wsn-asy-san]

Bahan
Pakempalan Pandonga 3

Markus 15:33-41

GUSTI ALLAH MBOTEN SARÉ



1. WEKDAL ENING

2. NGREPÈKAKEN KPK 265:1-3

SALIBING SANG PAMARTA

Sinalib ing Golgota temah dugèng séda

Yésus kang tanpa dosa nebus gung manungsa

Reff. : Salibing Pamarta tuladha sanyata

Mbélani mring sesami wit tresna sayekti

Yésus rinoban siksa sinami durjana

Wit nandukken katresnan mring tyang kang mengsahi

Reff. :

Gusti siniya-siya ingina tan kendhat

Wit ngasihi tyang dosa nuntun mring pitobat

Reff. :

3. PANDONGA PAMBUKA

4. NGREPÈKAKEN KPK 263:1-2

ETUKING KARAHAYON

Wonten rah kang suci mancur nèng ardi Golgota

Nggih rahiipun Gusti Yésus kang ngicalken dosa

Kang ngicalken dosa kang ngicalken dosa

Nggih rahiipun Gusti Yésus kang ngicalken dosa

Wonten rah kang suci mili nèng Golgota ardi

Rahing Putranipun Allah sung gesang slaminya
 Sung gesang slaminya sung gesang slaminya
 Rahing Putranipun Allah sung gesang slaminya

5. WAOSAN KITAB SUCI: Markus 15:33-41

6. RENUNGAN

GUSTI ALLAH MBOTEN SARÉ

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,
 Sédanipun Gusti Yésus punika ngedab-edabi, satemah pagowong
 nglimputi satanah sadaya wiwit tabuh kalih welas siyang ngantos
 tiga sonten. Gusti Yésus nguwuh : “Eloi, Eloi, lama sabakhtani?”
 Panguwuuh kasebat ndadosaken tiyang kathah sami gumun.
 Sapérangan mastani Gusti nimbali Nabi Élia, temahan sami
 nengga bokbilih Élia pancèn badhé dhateng, awit sami nggadhahi
 kayakinan bilih Élia badhé mitulungi bangsa Israel ing
 pungkasanig jaman. Kamangka Gusti Yésus èstunipun nguwuh
 dhateng Allah Rama: ”Dhuh, Allah kawula, Allah kawula, punapaa
 Kawula Paduka tégakaken?” Punapa punika ateges Gusti Allah
 nilar Gusti Yésus? mBoten! Gusti Allah mboten nilar Gusti Yésus.
 Punapa punika ateges Gusti Yésus mboten pitados bilih Gusti Allah
 tansah nyarengi Panjenenganipun? Punika ugi boten! Lajeng punapa
 tegesipun?

Panguwuhipun Gusti Yésus punika kapethik saking Kitab Jabur 22:2 ”Dhuh, Allah kawula, Allah kawula, punapaa déné kawula Paduka tégakaken? Kawula munjuk kalawan sora, nanging Paduka tetep tebih saha mboten mitulungi kawula.” Inggih kados mekaten kasangsaran ingkang lebet, inggih punika nalika tiyang rumaos katilar déning Allah. Ananging juru Mazmur tansah pitados dhateng Allah. Awit saking punika, lajeng munjuk: ”Amarga Panjenengané ora mastani asor lan ora jijik marang kanisthané wong kang katindhes, sarta ora ngaling-alangi wedanané, lan

miyarsakaké nalika wong mau sesambat nyuwun tulung marang Panjenengané” (Jabur 22:25).

Saben manungsa temtu naté ”pejah” kadosdéné Gusti Yésus. Kawontenaning manungsa kados pupus. Ing kawontenan ingkang kados mekaten, punapa Gusti Allah lajeng kèndel? Temtu kémawon boten. Gusti Allah mboten saré. Punika pepéling bilih sejatinipun, Allah tansah migatosaken, njagi lan nresnani umatipun. Nalika ngadhepi momotan, kawontenan gesang karaos awrat, pitenah lan kanisthan tinempuh, pramila sumangga sumarah dhumateng Allah. Gusti mboten badhé kèndel. Sinaosa ketingal kèndel, èstunipun Gusti tansah migatosaken lan paring pitulungan, laras kaliyan kabetahan.

Juru Mazmur ingkang nguwuh: ”Éloi-éloi lama sabakhtani” pitados bilih Allah nguningani pasambatipun. Déné Gusti Yésus ugi nguwuh kados mekaten dhumateng Allah, punika ateges Gusti Yésus pitados bilih Allah midhangetaken lan nungkulaken wedananipun dhateng Panjenenganipun. Kadosdéné Juru Mazmur, Gusti Yésus pitados bilih Allah ingkang paring pitulungan dhateng tiyang sangsara lan kathindes, ingkang tumenga dhateng Panjenenganipun.

Ing satengahing ayahan peladosan ingkang kebak momotan, Ibu Teresa minangka biarawati ingkang mursid, ugi naté ngraosaken ”pejah”. Ibu Teresa ngrawuhi lan mitulungi tiyang-tiyang ingkang sakit, kesrakat, ketrini saha ngalami kawontenan ingkang sekarat. Kathah tiyang nggadhahi pamanggih kaélokning peladosan punika minangka wujud sesambutan ingkang saé kaliyan Gusti. Pramila sadaya lajeng kaget nalika maos buku isi serat-seratipun ibu Teresa: *Come be My Light*. Kaserat kanthi cetha ing ngriku bilih Ibu Teresa ngraosaken kawontenan rohani ingkang pupus, ngantos puluhan taun dangunipun, inggih punika nalika mitulungi tiyang sanès ingkang mbetahaken pangrimat. Ibu Teresa rumaos tebih saking Allah. Ananging panjenenganipun tetep tuhu ndedonga awit agenging daya katresnanipun dhateng Allah.

Pengalaman ingkang dipun alami ibu Teresa ingkang kados mekaten asring mboten gampil dipun pahami déning tiyang kathah. Kathah tiyang ingkang nggadhahi pamanggih bilih pitados dhateng Gusti temtu nuwuhaken kaayeman. Kamangka saged kémawon tiyang ingkang celak kaliyan Gusti malah kedah ngadhepi momotan, lumebet lan kalimputan ing pepeteng. Malah, nresnani Gusti ugi ngemu suraos tansah tuhu ngabekti, sanadyan raosing manah kados-kados tebih saking Allah.

Gusti Allah mboten saré! Pramila sumangga kita sangsaya pitados lan sumarah dhumateng Allah. Ing kawontenan kados tiyang “pejah” ingkang karaos awrat kadosa punapa, mangga tansah ènget lan setya tuhu dhateng Allah.

7. NGREPÈKAKEN KPK 269:1-2

PAMARTA KULA AGESANG

- 1) Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang
Kang sinalib gesang, dènnya séda krana kula
Wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang
*Reff. : Gesang, gesang, Pamarta kula agesang
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang*
- 2) Gesang Gusti kang wus séda lebur panguwasaning dosa
Salir tyang raharja, gung sihé Gusti mring kula
Mila sinung gesang nyata, kula ndhèrèk gesang
Reff. :

8. PANDONGA SYAFAAT LAN PENUTUP



[mp-san]

Bahan
Pakempalan Pandonga 4

Lukas 23:50-56a

SÉDANIPUN GUSTI NUWUHAKEN KEKENDELAN



1. WEKDAL ENING

2. NGREPÈKAKEN KPK 250:1-2

KAPOTANGAN KULA DHATENG GUSTI

- 3) Dhuh Pamarta ingkang séda nebus kula saking dosa
Temah kula dados putra ingkang darbé gesang nyata
Déné kula nyaur napa? Déné kula nyaur napa?
Gusti sampun nebus kula, déné kula nyaur napa?
- 4) Dhuh Pamarta ingkang séda sinalibken ing Golgota
Tinegakken déning Rama tombok nyawa krana kula
Déné kula nyaur napa? Déné kula nyaur napa?
Gusti sampun tombok nyawa, déné kula nyaur napa?

3. PANDONGA PAMBUKA

4. NGREPÈKAKEN KPK 249:1,3

GUSTI YÉSUS SINALIB

- 1) Gusti Yésus sinalib sinrahken Allah priyangga
Karsa nyangga paukuman myang laknat
Dados lintuning jagad.
- 5) Gusti Yésus sinalib ngurbanken srira pribadya
Mrih manungsa rukun klayan sang Rama
Temah gesang raharja.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 23:50-56a

6. RENUNGAN

SÉDANIPUN GUSTI NUWUHAKEN KEKENDELAN

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Tiyang ingkang wantun ngetingalaken bab ingkang leres punika ateges wantun mbélani kasaénan. Sanadyan kedah ngadhepi kawontenan ingkang awrat lan mbebayani. Punika tegesipun mboten namung “gebyah uyah” mbélani sedhèrèk utawi kulawangsanipun, kamangka mangertos bilih piyambakipun lepat.

Wantun mbélani kasaénan, pancèn kebak déning résiku, dipun sirik, dipun tebihi tiyang sanès, kinunjara, malah saged manggihi pejah.

Injil Lukas nyebataken Yusuf minangka pérangan saking warga Pradata Agung. Pradata Agung kasebat ugi Sanhedrin utawi Mahkamah Agami. Anggota Sanhedrin gunggungipun 70 (ing kalenggahan minangka imam agung, ahli Torèt lan pinisepuh Yahudi). Kacariyos bilih Yusuf mboten sarujuk wontenipun putusan bab Gusti Yésus ingkang badhé kaukum (ay. 51), punika mratandhani wontenipun pirembagan ingkang lebet ing kapradatan agung. mBokbilih Yusuf kawon kaliyan warga Pradata ingkang sanès. Kanthi mekaten, Yusuf kedah purun nampi putusan menawi Gusti Yésus kedah kaukum.

Lukas nyathet bab Yusuf ingkang wantun tumindak leres. Awit piyambakipun pancèn tiyang saé lan mursid (ay. 50) lan malih, kagolong tiyang ingkang tansah ngantu-antu Kratoning Allah (ay. 51). Punapa ingkang katindakaken adhedaras karesnan lan lampah gesang ingkang leres. Awit saking punika panyuwunan bab layonipun Gusti, ugi kaserat kanthi cetha: “(Yusuf) iku séba ing ngarsané Sang Pilatus, nyuwun layoné Gusti Yésus” (ay. 52).

Ngetingalaken kekendelan kados mekaten, sanès prekawis ingkang gampil. Yusuf ngetohaken punapa kémawon ing gesangipun. Salah

satunggalipun, inggih punika kalenggahan minangka warga Sanhedrin. Kalenggahan ing babagan agami, èstunipun nemtokaken kalenggahan ing masyarakat, saha ngetingalaken kamursidanipun. Kejawi punika, layon ugi kawawas najis. Wílangan 19:11 nedahaken: "Sing sapa nggepok jisim, iku dadi najis lawasé pitung dina." Kamangka, Gusti Yésus séda ndungkap dinten Sabat (ay. 56b). Yusuf saged kawastanan nerak angger-anggering Torèt. Awit tiyang ingkang nyepeng layon, mboten pikantuk ngibadah ing dinten Sabat. Punapa malih Gusti Yésus séda kanthi patrap ingkang mboten limrah. Pangandharing Torèt 21:22-23 nedahaken: "Manawa ana wong nglakoni dosa kang kebener kaukum pati, sarta kelakon dipatèni, nuli kokgantung ing saka, jisimé aja nganti nginep gumantung ing saka mau, nanging poma kakubura ing dina iku uga; awit déné wong kang kagantung iku kena ing laknaté Gusti Allah; kowé aja nganti najisaké tanah kang diparingaké Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahmu, marang kowé dadi duwèkmu." Tegesipun, layonipun Gusti Yésus kaanggep najis sanget! Mbetahaken kekendelan ingkang saèstu, supados Yusuf saged nyuwun layonipun Gusti. Lumantar punapa ingkang katindakaken Yusuf, cetha bilih Yusuf punika tiyang ingkang kendel!

Ing jagad ingkang kebak rubeda, punapa kita nggadhahi kekendelan mbekta pangajeng-ajeng ing satengahing brayat lan masyarakat? Yusuf saking Arimatéa paring tuladha dhateng kita nindakaken prekawis ingkang leres, sanadyan résiku ingkang kedah dipun adhepi pancèn awrat. Kejawi Yusuf saking Arimatéa, kita ugi prelu ènget dhateng Gusti Yésus. Gusti sampun paring tuladha nglampahi gesang ingkang leres. Sédanipun Gusti Yésus mbereg Yusuf saking Arimatéa. Temtu kémawon ugi mbereg gesang kita. Punapa malih menawi kita migatosaken pangandikanipun Rasul Paulus, "Awit mungguh ing aku urip iku Sang Kristus, déné mati iku kabegjan" (Filipi 1:21), saking ngriku kita pikantuk karosan lan piandel mratélakaken katresnan lan péngajeng-ajeng dhateng Allah. Amin.

7. NGREPÈKAKEN KPK 81:1

TÈKADING MANAH KAWULA

- 1) Tékading manah kawula, tansah ndhèrèk mring Gusti Yèku panutan sanyata nggih Panebus sejati

Reff.:

Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki

- 2) Kula mesthi ndhèrèk Gusti martosken Injil suci, datan ajrih ing sangsara wit Gusti nganthi kula,

Reff.:

- 3) Kula mesthi ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya, mring sagung titah ing bumi dimèn samya raharja,

Reff.:

8. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP



[mp-san]

Bahan
Pakempalan Pandonga 5

Wahyu 1:4-8

KITA DADOS IMAM



- 1. WEKDAL ENING**
- 2. KIDUNG PAMBUKA**

KPK 269:1,2
PAMARTA KULA AGESANG

Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang kang sinalib gesang,
dènnya séda krana kula, wunguné dados panjernya,
kula ndhèrèk gesang.

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gesang Gusti kang wus séda
lebur panguwasaning dosa salir tyang raharja
gung sihé Gusti mring kula
mila sinung gesang nyata, kula ndhèrèk gesang,
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gusti gesang lajeng minggah
dhateng tengenipun Allah, jumeneng pantara
sihnya angayemken manah,
gesangnya nuwuhken bingah, yogyo dèn pepuja,
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

- 3. DONGA PAMBUKA**
- 4. KIDUNG PAMUJI**

KPK 269:4,5
PAMARTA KULA AGESANG

Gusti Pamarta kang gesang
 nimbalì marek salir tyang, kinèn pracaya
 tan wonten gesang sejati, namung krana Yésus Gusti
 kang agesang mulya,
 Gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
 Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Tyas kula saèstu girang
 dé gadhah Pamarta gesang, pangrèhé slaminya
 mila kula darbé tékad ngundhangken Injil mring jagad dimèn
 ndhèrèk gesang,
 Gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
 Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Wahyu 1:4-8

6. RENUNGAN

KITA DADOS IMAM

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,
 Mbok bilih kita nggadhahi pamanggih bilih ingkang dados
 imam punika tiyang ingkang tugasipun masrahaken Kitab Suci
 dhumateng Palados Sabda wonten ing pangibadah. Pamanggih
 kasebat mboten klèntu, awit pancèn wonten ingkang
 nggadhahi tradhisi kados mekaten. Kejawi punika, wonten
 tiyang-tiyang ingkang nggadhahi pamanggih bilih ingkang
 dados imam ing satengahing brayat punika piyayi kakung
 amargi ingkang dados sesirahing brayat ugi piyayi kakung.
 Pitakènanipun, punapa namung piyayi kakung kémawon
 ingkang dados imam?

Waosan kita wekdal samangké ngendikaaken bab kalenggahan
 imam ingkang dipun paringaken dhateng saben tiyang ingkang
 pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus. Wahyu 1:5-6 nyerat,

“sarta manèh saka Gusti Yésus Kristus, Seksi kang setya, kang dhisik dhéwé wungu saka ing antarané wong mati lank ang nguwaosi sakéhing ratu ing buni iki. Panjenengané, kang ngasihi kita lan kang wus mbirat dosa kita kalawan rahé, – lan **kang wus ngangkat kita dadi** sawijining Karajan, padha **dadi imam sumaos marang Gusti Allah**, kang Rama – iya kagem Panjenengané iku kamulyan lan panguwasa nganti ing salawas-lawasé. Amin.”

Para sedhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti, Saking ayat-ayat kasebat kita kaèngetaken bilih awit pakaryanipun Sang Kristus ingkang séda ing kajeng salib saha ingkang wungu ing dinten kaping tiga, kita sadaya (dadosa kakung menapadéné èstri, ageng menapadéné alit, sepuh menapadéné aném) dipun angkat dados imam-imam kagem Allah. Tegesipun, kita sadaya dipun angkat dados pantara antawisipun Allah kaliyan manungsa ing bab ndedonga nyuwunaken pangapunten saha berkah kanggé sesami kita, sintena kémawon tiyangipun. Inggih punika kanggé sadaya anggotaning brayat kita (romo, ibu, laré, eyang, pakdhé, budhé, paklik, bulik, prunan, lsp.), kanggé pamarèntah (para mentri, anggotaning DPR/DPRD/MPR, para guru, lsp.), ugi kanggé tanggi tepalih, kanca nyambut damel, kanca sekolah/kuliah, lsp. Dados, kita katimbalan supados ndedonga nyuwunaken pangapunten dosa saha berkah kanggé sadaya tiyang ing kiwa tengen kita, kalebet tiyang-tiyang ingkang sampun damel kita mangkel utawi nepsu, ingkang dados „wuh ing masyarakat ingkang tumindakipun mboten ngremenaken tiyang kathah, lsp.

Dados, ingkang dados imam mboten namung bapak utawi piyayi kakung kémawon. Sadaya tiyang ingkang pitados saha dados putranipun Gusti nggadhahi tanggal jawab ingkang sami dhateng setunggal lan setunggalipun. Menawi bapak/ romo nembè ngadhepi prekawis (umpaninipun ing bab sipatipun utawi tumindakipun utawi wonten ing padamelan, lsp.) pramila sémah saha laré-larénipun wajib dados imam tumrap

sémah saha romonipun. Tiyang-tiyang punika wajib nyuwunaken pangapunten dosa saha berkah kanggé sémah saha romonipun. Mekatena ugi suwalikipun.

Sadaya punika dipun tugasaken dhateng kita sadaya kagem kamulyaning Gusti. Tegesipun, punapa kémawon ingkang kita tindakaken minangka imam kasebat mesti kanthi ancas mulyaaken Gusti.

Mugi Gusti Yésus Kristus ingkang sampun wungu saking seda saha milujengaken kita, sarta ingkang sampun ngangkat kita dados imam-Ipun karenan mitulungi kita supados kita kasagedaken dados imam-imam ingkang sembada kagem kamulyaning Gusti. Amin.

7. NYANYIAN TANGGAPAN

KPK 273:1,2
GUSTI WUS WUNGU

Gusti Yésus wus wungu, puji Allah, Haléluya,
pati kawon saèstu, puji Allah, Haléluya,
mbabar gesang sejati, puji Allah, Haléluya,
sumrambah ing sabumi, puji Allah, puji haléluya.

Yogya memuji girang, puji Allah, Haléluya,
dhateng Ratuning gesang, puji Allah, Haléluya,
kang nilar kubur laknat, puji Allah, Haléluya,
mbikak korining rahmat, puji Allah, puji Haléluya.

8. DONGA SYAFAAT LAN PANUTUP



[mh]

Bahan
Pakempalan Pandonga 6

Wahyu 1:9-20

HORÉ, SANG KRISTUS GESANG



- 1. WEKDAL ENING**
- 2. KIDUNG PAMBUKA**

KPK 276:1-3
YÉSUS, GUSTI WUNGU SING PATI

Pepadhang bumi wiwit nelahi ing dinten minggu adi,
pagègér muwuhi kuwuring ati tyang Yérusalém nagri,
wit kuburing Yésus menga layonnya ilang musna.

Yésus yéku Gusti wungu sing pati dadya juru basuki

Reff.:

Wartakna Injilnya kang mbabar tentrem raharja
wujudna sih tresna srana tumindak nyata.

Tyang remen dursila sung warta dora nglawan bebener nyata,
nging seksining Kristus bingahing driya dé antaka tan daya,
siksa krana Gustining rat datan ngendhakken niyat,

wit Gusti prajanji tansah anganthy ngantos dumugèng swargi,

Reff.:

Pepadhang satuhu nyunari kalbu wit Yésus sampun wungu,
tyang kang pracaya samangkya mardika nir kwasaning antaka,
nglantarken berkahing Allah setya ing kardi tansah,

dadya pepadhang wah sareming bumi mrih kamulyaning Gusti.

Reff.:

- 3. DONGA PAMBUKA**
- 4. KIDUNG PAMUJI**

KPK 262: 1-3
PANGLIPUR KANG SEJATI

Panglipur ingkang sejati mung sih rahmaté Gusti
 Sang Kristus kang tanpa dosa dados kurban sampurna
 sinalibken temah séda tinégakken Sang Rama
 ngruwat nglebur sagung dosa mbikak margining swarga
 ngruwat nglebur sagung dosa mbikak margining swarga.

Panglipur ingkang sejati mung sih rahmaté Gusti,
 Kristus Panebus satuhu samangkyा sampun wungu,
 lebur pangwasaning dosa nir dayaning antaka,
 Kristus mulya munggweng swarga dyan jumeneng pantara,
 Kristus mulya munggweng swarga dyan jumeneng pantara.

Panglipur ingkang sejati mung sih rahmaté Gusti,
 salir tyang winengku pati sinungan gesang yekti,
 ndhèrèk séda Ian wungunya ndhèrèk ing kamulyannya,
 ngrucat sagung gesang lami gesang énggal gumanti,
 ngrucat sagung gesang lami gesang énggal gumanti.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Wahyu 1:9-22; Yérémia 17:5-8

6. RENUNGAN

HORÉ, SANG KRISTUS GESANG

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,
 Ing satengahing kawontenaning gesang ingkang mboten ajeg
 samangké, dadosa ing babagan sesambutan, padamelan,
 pawiyatan, panggesangan saben dinten, lsp., saben kita
 mbetahaken tanggelan / jaminan. Inggih punika tanggelan
 bilih kita saged ngadhepi sadaya punika kanthi saé lan kasil.
 Pitakèkanipun, kita saged pikantuk tanggelan kasebat saking
 pundi? Punapa saking kasagedan dhiri kita pribadi? Utawi
 saking péhak sanès, kadosta saking brayat, saking péhak-péhak

ingkang miturut kita saged kita endelaken? Utawi saking pamaréntah?

Tumrap sadaya punika kita kaèngetaken déning Nabi Yérémia wonten ing Kitab Yérémia 17: 5-8: "Mangkéné pangandikané Sang Yéhuwah: 'Kenaan ing ipat-ipat wong kang ngandelaké marang manungsa lan karosané dhéwé, sarta kang atiné ngaduhan saka Sang Yéhuwah! Dhèwéké bakal kaya rerungkudan brindhil ing ara-ara samun, ora bakal ngrasakaké tekaning kaanan kang becik; bakal manggon ing tanah garing ing pasamunan, ing tanah asin kang suwung. Binerkahana wong kang kumandel marang Sang Yéhuwah, lan pangarep-arepé marang Sang Yéhuwah! Dhèwéké bakal kaya wit kang tinandur ana ing pinggiring banyu, kang oyot-oyoté mrambat ing pinggiring kali, lan kang ora ngalami tekané panas sumelèt, godhongé ajeg ijo, ora samar ing mangsa ngerak lan tanpa kendhat metoké woh."

Dados kanthi mekaten, ingkang dados tanggelan utawi jaminan tumraping kita kanggé nglampahi gesang ingkang mboten ajeg punika namung Gusti Allah piyambak. Panjenenganipun punika ingkang pantes kita endelaken. Inggih punika Sang Yésus Kristus, inggih Allah pribadi ingkang manjalma dados manungsa, ingkang ngruwat kita saking dosa sarta sadhèngah panguwaosing dosa. Pakaryan pangluwaran ingkang Panjenenganipun tindakaken kanthi séda kasalib kasebat manggihaken pucakipun wonten ing wungun-Ipun saking pejah. Gusti Yésus sampun wungu! Panjenenganipun saèstu gesang!

Pitembungan kasebat ingkang dipun ngendikaaken Gusti Yésus piyambak dhumateng Yohanes nalikanipun Yohanes nampi wahyu lan ngraosaken ajrih saha geter. Kitab Wahyu 1:17-18 nyerat: "Nalika weruh Panjenengané, aku tumuli ambruk ana ing ngarsaning sampeyané kaya wong mati; nanging aku banjur ditumpangi astané kang tengen, banjur ngandika: 'Aja wedi! Ingsun iki Kang Wiwitan lan Kang Wekasan, lan Kang Gesang,

Ingsun wus séda, nanging wruhanira, Ingsun gesang nganti salawas-lawasé apa manèh Ingsun ngasta sakabèhing kunciné pati lan kratoné pati.”

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Punapa ingkang dipun pirsani, dipun pireng saha dipun raosaken déning Yohanes kasebat saèstu ngiyataken mboten namung Yohanes ananging ugi tiyang-tiyang Kristen nalika semanten ingkang saweg ngalami kawontenan ingkang awrat. Tiyang-tiyang Kristen nalika semanten dipun sengiti, dipun bujeng, dipun aniaya malah ugi dipun pejahi. Sadaya punika kelampahan awit tiyang-tiyang Kristen kasebat mboten purun nyembah patung dewa ingkang dipun tetepaken déning Kaisar Domitianus.

Ing kawontenan ingkang nggegirisi kados mekaten saha mboten wontenipun jaminan gesang ingkang gumathok, tiyang-tiyang Kristen tetep ngugemi prinsip kaleresan saking Gusti. Tiyang-tiyang kasebat wantun ngetohaken sadaya darbèkipun demi marginipun Gusti. Ing kawontenan kados mekaten, Gusti mboten kèndel kémawon! Gusti Yésus piyambak karenan paring wahyu dhumateng Yohanes. Panjenenganipun piyambak ingkang pangandikan kaliyan Yohanes. Panjenenganipun nélaaken bilih Panjenenganipun saèstu gesang. Panjenenganipun ingkang kagungan panguwaos tumrap sadayanipun. Yohanes lan tiyang-tiyang Kristen mboten prelu ajrih lan geter. Tiyang-tiyang Kristen kaatag supados tetep nindakaken kasaénan saha kaleresan kados ingkang sampun dipun wucalaken Gusti awit Gusti piyambak ingkang kagungan kuncining pejah saha kratoning pejah.

Kanthi kasunyatan ingkang kados mekaten, kados pundi tanggapan kita? Horé, Sang Kristus wungu! Panjenenganipun Kang Wiwitan lan Kang Wekasan, lan Kang Gesang! Panjenenganipun ingkang kagungan panguwaos tumrap sadayanipun. Kanthi mekaten, sumangga kita nindaaken

sadaya ingkang saé saha leres punapaa kémawon résikunipun,
awit Gusti Yésus èstu gesang. Horé, Sang Kristus gesang! Amin.

7. KIDUNG TANGGAPAN

KPK 274:1,2
KALUWARAN

Luwar, luwar, luwar saking siksa,
puja, puja, konjuk Sang Pamarta.
samangké kita merdika wus kawon pangrèhing
dosa wit Sang Kristus wungu nyata.

Reff.:

sigra, sigra dèn wartakna wrata kabar adya
nggih kratoning swarga.

Allah nylametken manungsa, pra pracaya tentrem begja.

Luwar, luwar, luwar saking siksa
puja, puja, konjuk Sang Pamarta
kita sami tyang pracaya nyegah hawa nepsu dosa
nunggil Gusti ing sedaya. *Reff.:*

Luwar, luwar, luwar sing naraka
puja, puja konjuk Sang Pamarta
mangkya kita gesang yekti tan winengku déning pati
wit nunggil wunguning Gusti. *Reff.:*

Luwar, luwar, luwar sing naraka
puja, puja konjuk Sang Pamarta
kita umat kang piniji mikul salib saben ari
ngambah margi gesang suci. *Reff.:*

8. DOA SYAFAAAT DAN PENUTUP

[mh]



